


# ХЪЫБАРЫФIЫР ЛУКА КЪЫЗЭРИIУЭТАР

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Мы тхылъыр щIэстхар*

Ди пащхьэм щекIуэкIа Iуэхухэм я хъыбар ятхыжыным цIыху
куэд хэтащ. [2]Абыхэм ятхар а Iуэхухэм щIэдзапIэм къыщегъэ-
жьауэ зи нэкIэ зылъэгъуахэмрэ Тхьэм и псалъэхэм хуэлажьэ-
хэмрэ къызэрытхуаIуэтэжам тетщ. [3]Аращи, сэри мы къэ-
хъукъащIэ Iуэху псори я щIэдзапIэм къыщегъэжьауэ сы-
хуэсакъыурэ згъэунэхуа нэужь, уэ, щIыхь зыхуэфащэ Феофил,*
зэкIэлъыкIуэу пхуэстхын мурад сщIащ, [4] уэ узыхурагъэджа
Iуэхухэм япэжыгъэр пщIэн щхьэкIэ.

---

1:3 Феофил – Лука мы тхылъыр зыхуитхыр аращ, еплъ Апостол. 1:1. Феофил Мэссихь теухуа хъыбарыфIым щыгъуазэ тхьэмадэ гуэрт. Феофил и хъыбар афIэкIа диIэкъым.

### *ЦIыхухэр зыумэхъ Иуан къызэралъхунур ДжэбрэIил мелыIычым зэрыжиIар*

5 Иудей хэкум* и пащтыхь Ирод* и тетыгъуэм Зэчрей зи цIэ
дин пашэ гуэр щыIащ. Ар АвиекIэ зэджэ дин пашэ гупым яхэтт.
И щхьэгъусэ Елизавет Хьэрун къытехъукIахэм ящыщащ.
6 Тхьэуэ Зиусхьэным дежкIэ щыпкъагъэ ягу илъу, абы и уна-
фэхэмрэ и хабзэхэмрэ тету, щIагъэкъуэншэн лъэпкъ ямылэжьу
псэурт тIури. 7 Бын яIакъым, Елизавет фыз мылъхуэт, тIури
ныбжькIэ хэкIуэтати.

8 Зэчрей зыхэт дин пашэ гупыр Тхьэм и унэшхуэм щылэжьэну
пIалъэр къыщысым, Зэчрей Тхьэм и пащхьэм дин пашэу Iуэху
щищIэрт. 9 Дин пашэхэм я хабзэм тету пхъэидзэ щащIым, Зиус-
хьэным и унэшхуэм щIыхьэу, мэ IэфI къызыпих удзыр Тхьэм
щхьэкIэ игъэсыну Зэчрейм къылъысащ. 10 Удзыр щагъэсын хуей
сыхьэтыр къыщысым, Зэчрейм удзыр игъэсыху, Тхьэм и унэ-
шхуэм и пщIантIэм Тхьэ щелъэIуащ цIыху псори.

11 Удз гъэсыпIэм ижьырабгъумкIэ Зиусхьэным и мелыIыч гуэр
Зэчрейм къыщыхуэхутащ. 12 Ар щилъагъум, Зэчрей къащтэри,
шынагъуэшхуэм зэщIиубыдащ. 13 МелыIычым абы къыжриIащ:

– Умышынэ, Зэчрей. Уи лъэIур Тхьэм зэхихащ. Уи щхьэгъусэ
Елизавет къуэ къыпхуилъхунущ, абы цIэуэ Иуан фIэпщынущ.
14 Абы гуфIэгъуэшхуэрэ насыпышхуэрэ къыпхудэкIуэнущ, ар
къызэралъхуам щхьэкIэ цIыху куэд гуфIэнущ. 15 Тхьэуэ Зиусхьэ-
ным дежкIэ ар цIыхушхуэ хъунущ, санэрэ зыгъэудэфэн фадэрэ
ефэнукъым икIи анэм и ныбэм щилъам щыщIэдзауэ Тхьэм и
Псэ ЛъапIэр и гум куууэ хыхьэнущ. 16 Израил цIыху куэд Зиус-
хьэну я Тхьэм и гъуэгу къытригъэхьэжынущ. 17 Тхьэм и Псэ
ЛъапIэр Иляс бегъымбарым* игу зэрилъам хуэдэу, абыи игу
илъу, Иляс лъэкIыныгъэ зэриIам хуэдэу лъэкIыныгъэ иIэу, Зиус-
хьэныр къэкIуэн и пэкIэ ар къэкIуэнущ. Адэхэмрэ къуэхэмрэ
ягухэр фIы зэхуищIыжынущ, Тхьэм емыдаIуэхэри щыпкъагъэ
зигу илъ цIыхухэм я гъуэгу тригъэхьэнущ. Зиусхьэным хуэфащэ
лъэпкъ хъун щхьэкIэ, абы Израил лъэпкъыр игъэхьэзырынущ.

---

1:5 Иудей хэкур – Палестинэ къэрал псор арщ.

1:5 пащтыхь Ирод – «Ирод Иныр» арщ. Еплъ Маттэ 2:1.

1:17 Иляс бегъымбарыр – еплъ Малахие бегъымбарым и тхылъым 4:5-6.

18 – Ар зэрыпэжыр дауэ къызэрысщIэнур? – еупщIащ Зэчрей
мелыIычым. – Сэ лIыжь сыхъуащ, си щхьэгъусэм и ныбжьри
хэкIуэтащ.

19 – Тхьэм и пащхьэм ит ДжэбрэIил мелыIычыр сэращ, –
къыжриIащ мелыIычым. – Мы хъыбарыфIыр ныбжесIэн щхьэ-
кIэ, сынопсэлъэну Тхьэм сыкъигъэкIуащ. 20Аращи, си псалъэхэр
уи фIэщ зэрымыхъуам щхьэкIэ, а бжесIа Iуэхухэр къэхъуху,
умыпсэлъэфу, бзагуэу ущытынущ. ПIалъэр къыщыскIэ, ахэр
къэхъун хуейщ.

21 Зэчрей Тхьэм и унэшхуэм къызэрыщIэмыкIыжыр ягъэщIа-
гъуэу, цIыхухэр абы пэплъащ апщIондэху. 22Зэчрей Тхьэм и
унэшхуэм къыщыщIэкIыжым, цIыхухэм епсэлъэн хузэфIэкIа-
къым. Тхьэм и унэшхуэм зыгуэр абы къызэрыщыхуэлъэгъуар
къагурыIуащ цIыхухэм. Зыхуейр IэпэтэрмэшкIэ къагуригъаIуэу,
Зэчрей бзагуэ хъуащ. 23Тхьэм и унэшхуэм Iуэху щищIэн щыхуей
махуэхэр блэкIа нэужь, Зэчрей и унэм игъэзэжащ. 24И щхьэгъусэ
Елизавет лъэщыджэ хъуащ куэд мыщIэу, цIыхухэм мазитхукIи
къахыхьакъым. 25«Зиусхьэным мыр сэ къысхуищIащ», жиIащ
абы. «Мы махуэхэм абы и нэфI къысщыхуэри, си мыгъуагъэр
цIыхухэм я пащхьэм щыстрихащ».

### *Хьисэ къызэралъхунур ДжэбрэIил мелыIычым Мэрием къызэрыжриIар*

26 Елизавет мазихкIэ лъэщыджауэ, Тхьэм и мелыIыч Джэб-
рэIил Галилей хэкум* щыщ Назарет къалэм* къигъэкIуащ. 27Ар
къызыхуигъэкIуар Мэрием зи цIэ хъыджэбз гуэрщ. Исуф зи
цIэу Даут пащтыхьым къытехъукIа цIыхухэм ящыщ лIым а
Мэрием къишэну къыхихауэ щытащ. 28 Мэрием здэщыIэм къа-
кIуэри, мелыIычым жиIащ:

– ГуфIэ уэ, Тхьэм и нэфI зыщыхуар. Зиусхьэныр уи гъусэщ.

29 МелыIычым жиIам Мэрием хуабжьу къигъэгузэващ икIи
а фIэхъус псалъэу къыжриIам къикIым егупсысащ.

30 – Умышынэ, Мэрием, – къыжриIащ мелыIычым абы, –
Тхьэм и нэфI къыпщыхуащ. 31 Уэ лъэщыджэ ухъунурэ къуэ
къэплъхунущ. Абы цIэуэ фIэпщынур Хьисэщ. 32Ар цIыхушхуэ

---

1:26 Галилей хэкур – еплъ Маттэ 2:22.

1:26 Назарет къалэр – еплъ Маттэ 2:23.

хъунущ, Тхьэуэ Лъагэм и КъуэкIэ еджэнущ. И адэшхуэ Даут и
тахъгэр Зиусхьэну Тхьэм абы къритынущ. [33]МыкIуэдыжын теп-
щэныгъэ Екъуб и лъэпкъым хуиIэнущ абы. И тепщэныгъэшхуэм
зэи кIэ иIэнукъым.

[34] – Ар дауэ зэрыхъунур? – еупщIащ Мэрием мэлэIычым. –
Сэ сыхъыджэбздэсщ.

[35] – Тхьэм и Псэ ЛъапIэр къыпхуехынущ, Тхьэуэ Лъагэм и
лъэкIыныгъэри уи гъусэнущ, – къыжриIащ мелыIычым абы. –
Аращи, щIалэ лъапIэу къалъхунум Тхьэм и КъуэкIэ еджэнущ.
[36] Мис, уи благъэ Елизавету фызмылъхуэщ жыхуаIэу щытар и
жьыщхьэ лъэщыджэ хъуащ икIи мазэ еханэм итщ; [37] Тхьэм
хузэфIэмыкIын Iуэху зыри щыIэкъым.

[38] – Мис, сэ Зиусхьэным сриIуэхутхьэбзащIэщ, – жиIащ Мэ-
рием. – Уэ зэрыжыпIам тету къыздрехъу.

Мэрием къигъанэри, мелыIычыр ежьэжащ итIанэ.

*Мэрием Елизавет деж зэрыкIуар*

[39]А махуэхэм Мэрием зигъэхьэзырри, Iуащхьэлъэ хэкум щы-
щу ИудэкIэ зэджэ унагъуэ лъэпкъыр зыдэс жылэ гуэрым
пIащIэу кIуащ. [40]А жылэм щынэсым, Зэчрей и унэм щIыхьэри,
Мэрием Елизавет фIэхъус ирихащ. [41]Елизавет Мэрием и фIэхъус
псалъэр щызэхихым, и ныбэм илъ сабийр хъеящ. Тхьэм и Псэ
ЛъапIэр Елизавет игу кууэ хыхьэри, [42] Елизавет макъ лъагэкIэ
жиIащ:

– ЦIыхубз псоми нэхърэ Тхьэм и нэфI уэ нэхъ къыпщыхуащ,
уи пкъым къыхэкIыну сабийми Тхьэм и нэфI къыщыхуащ. [43]Сэ
сыхэт, си Зиусхьэным и анэр си деж къэкIуэну? [44]Уи фIэхъус
псалъэр щызэхэсхым, си ныбэм илъ сабийм гуфIэгъуэшхуэкIэ
зыкъигъэхъеящ. [45]Зиусхьэным къыжриIар къехъулIэнкIэ зи фIэщ
хъуар гъуэгу махуэ теуващ!

*Мэрием Зиусхьэным фIыщIэшхуэ зэрыхуищIар*

[46]Мэрием жиIащ итIанэ:

«Зиусхьэным и инагъым гурэ псэкIэ
фIыщIэшхуэ хузощI.
[47]СымыкIуэду сыкъезыгъэл Тхьэм ину

сыщогуфIыкI,
[48]и пщылI тхьэмыщкIэм
Зиусхьэныр нэфIкIэ къеплъащ.
Мис, нобэ щыщIэдзауэ лъэхъэнэ псоми
я цIыхухэм сэ гъуэгу махуэ сытеувауэ жаIэнущ,
[49]сыту жыпIэмэ ЛъэкIыныгъэшхуэ
ЗиIэм Iуэху телъыджэхэр къысхуищIащ.
Абы и цIэращ лъапIэр.
[50]Тхьэм езым и фIэлIыкIыр зи гум илъ
цIыхухэм гущIэгъу яхуещI,
адэм къыщыщIэдзауэ и къуэм нэсу.
[51]Iуэху телъыджэхэр и IэкIэ зэфIигъэкIащ.
Зи гум пагагъэ илъхэр зэбгрихуащ.
[52]Тепщэныгъэ зиIэхэр я тахътэхэм къридзыхащ,
зи гум пагагъэ имылъхэр къиIэтащ.
[53]ХуэмыщIахэм тыгъэфIхэр яритащ,
ауэ бейхэр IэнэщIу къигъэнащ.
[54,55]Езым и пщылI Израил лъэпкъым кIэлъоплъ.
Ди адэшхуэхэр зэригъэгугъам тету,
Ибрэхьимрэ абы къытехъукIа цIыхухэмрэ
гущIэгъу яхуищIыну игу илъ зэпытщ».

[56] Елизавет деж мазищкIэ щыIа нэужь, Мэрием и унэм игъэзэжащ.

*УмэхъакIуэ Иуан къызэралъхуар*

[57] И лъхуэгъуэ махуэр къэсри, Елизавет къуэ къыхуэхъуащ. [58] Елизавет Зиусхьэным гущIэгъушхуэ къызэрыхуищIар щызэхахым, абы и гъунэгъухэмрэ и благъэхэмрэ дэгуфIащ.

[59] Сабийр сунэт* ящIыну цIыхухэр еянэ махуэм щызэхуэсым, абы и адэ Зэчрей и цIэр фIащыжын я гугъащ. [60]Ауэ сабийм и анэм яхуидакъым.

– Хьэуэ, Иуанщ абы фIэтщынур, – жиIащ.

[61] – Апхуэдэ цIэ зиIэ уэ уи благъэхэм зыри яхэткъым, – къыжраIащ абыхэм.

Сабийм и адэм IэпэтэрмэшкIэ еупщIащ абы цIэуэ фIищыну зыхуеймкIэ. [63] Зытетхыхьын гуэр къахьыну ягуригъэIуащ адэм. Ар къахьа нэужь, тритхащ: «Абы цIэуэ иIэнур Иуанщ».

Ар псоми ягъэщIэгъуащ. [64]Арыххэу, Зэчрей и бзэгур хъейщ,
и бзэр къиутIыпщыжри, Тхьэм фIыщIэ хуищIурэ псалъэу
щIидзащ. [65]Iэгъуэблагъэм щыпсэу псори шынагъуэшхуэм
хэхуащ икIи Иудей Iуащхьэлъэ хэкум дэнэкIи мы Iуэху псори
щызэлъащIысащ. [66] А Iуэхухэр зэхэзыха псоми я гум ахэр
ираубыдауэ жаIэрт: «Мы сабийр сыт зэрыхъунур?» Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ Зиусхьэным и нэфI абы къыщыхуат.

*Тхьэм Зэчрей игу кърильхьа псальэхэр къызэрыжиIар*

[67] Тхьэм и Псэ ЛъапIэр а сабийм и адэ Зэчрей игу кууэу
хыхьэри, мы псалъэхэр къыжригъэIащ:

[68]«Зиусхьэну Израил и Тхьэм
щIыхьышхуэр ейщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
езым и лъэпкъ Израил нэфIкIэ къеплъри,
щхьэхуитыныгъэ кърицащ.
[69]Тхьэм и IуэхутхьэбзащIэ Даут пащтыхьым
къытехъукIа цIыхухэм ящыщу
лъэкIыныгъэшхуэ зиIэу, дымыкIуэду
дыкъезыгъэлынур къытхуигъэкIуащ,
[70]пасэрей зэманым къыщыщIэдзауэ абы и бегъымбар
лъапIэхэм ягу кърилъхьэу,
зэрыжригъэIауэ щытам тету.
[71]Абы ди бийхэм дащихъумэурэ,
дымыкIуэду дыкъригъэлынущ,
ди жагъуэгъухэми дакъыIэщIихыжынущ.
[72]Апхуэдэу Тхьэм ди адэшхуэхэм
гущIэгъушхуэ къахуещI,
зэгурыIуэныгъэ лъапIэу езымрэ
ди адэшхуэу Ибрэхьимрэ я зэхуакум
псалъэ быдэкIэ къыдилъхьари егъэзащIэ.
[73]А псалъэ быдэр мыращ:
[74]Дэ ди бийхэм дакъыIэщIихыжынущ икIи
шынагъуэ дигу имылъу езым дыхуэлэжьэн
тлъигъэкIынущ,
[75]езым и пащхьэм
гукъабзагъэрэ щыпкъагъэрэ игъащIэкIэ щыдиIэу».
[76]ИтIанэ Зэчрей къыпищащ:

«Уэ, си щIалэ, Тхьэуэ Лъагэм и бегъымбаркIэ
къоджэнущ,
Зиусхьэным и гъуэгу хуэбгъэпсыну
езым и пэ къихуэу укIуэнущи.
77Уэ Зиусхьэным и лъэпкъым ебгъэщIэнущ
я гуэныхьхэр зэрахуигъэгъумкIэ
ахэр мыкIуэду къызэрыригъэлыр.
78Ди Тхьэм и гущIэгъур инщ.
Дыгъэ къыкъуэкIым хуэдэу,
ар уафэм къикIынурэ къытхуэкIуэнущ,
79лIэныгъэм и шынагъуэм хэтхэмрэ
кIыфIыгъэм хэтхэмрэ ятепсэн икIи
мамырыгъэ гъуэгум дытригъэхьэн щхьэкIэ».

80 Сабийр къэхъури, игукIи и псэкIи зиужьащ. Израил цIыхухэм я пащхьэм къыщихьэну махуэм нэсыху, губгъуэ нэщIым исащ ар.

## 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьисэ къызэралъхуар*
*(Маттэ 1:18-25)*

А махуэхэм Рим къэралышхуэ псом ис цIыху псори ябжыну икIи я цIэхэр ятхыну Август кесарым* унафэ ищIащ. 2 Мыбы
щыгъуэщ цIыхухэр япэ дыдэ щабжар. Ар къыщыхъуар Сирие
хэкум* и Iэтащхьэу Квиринние зи цIэм и зэманыращ. 3Арати, и
цIэр яригъэтхын щхьэкIэ, щхьэж и адэ-анэр зыщыщ къалэм
кIуэжащ.
4Апхуэдэу щыхъум, Исуф, Даут пащтыхьым къытехъукIа цIыхухэм зэращыщым щхьэкIэ, Галилей хэкум ит Назарет къалэм икIри, Иудей хэкум ит Даут и къалэ Бэтлэхьэм* кIуащ.

---

2:1 Август – Гай Октавиан кесарым зэреджэу щыта цIэхэм ящыщщ. Хьисэ къэхъун и пэкIэ 27-нэ гъэм щыщIэдзауэ Хьисэ къэхъуа нэужь 14-нэ гъэм нэсыху ар Рим и кесару щытащ.

2:2 Сирие хэкур – еплъ Маттэ 4:24.

2:4 Бэтлэхьэм – еплъ Маттэ 2:1.

[5]Исуф абы щIэкIуар лъыхъуа Мэрием и гъусэу и цIэр яригъэ-
тхын щхьэкIэщ. Мэрием лъэщыджэт, [6]икIи абы здэщыIэм и
лъхуэгъуэ махуэр къэсащ. [7]Арати, Мэрием и къуэу и щыпэлъху
бынир къилъхуащ икIи хъыданым кIуэцIищыхьащ. Абыхэм
хьэщIэщым пэш нэщI зэрыщамыгъуэтам къыхэкIкIэ, Iуэм ит
шхалъэм сабийр дилъхьащ.

*МелыIычыр мэлыхъуэхэм къазэрыхуэкIуар*

[8]Мэлхэр жэщым яхъумэу, а Iэхэлъахэм мэлыхъуэ гуп итт.
[9]Тхьэм и мелыIыч къахуэкIуащ абыхэм напIэзыпIэм. Зиусхьэ-
ным и нэху гъэщIэгъуэныщэм къыщиухъуреихьым, мэлыхъуэ-
хэр хуабжьу къэщтащ. [10]Ауэ мелыIычым къажриIащ:
– Фымышынэ, ауэ фыкъэдаIуэ! Фи лъэпкъ псом щхьэкIэ хъы-
бар гуфIэгъуэшхуэ къыфхуэсIуэтэнущ: [11] ФымыкIуэду фыкъе-
зыгъэлынур Даут и къалэм* нобэ къыщалъхуащ, ар Зиусхьэну
Мэссихьыр аращ. [12] Ар зэрыщыпкъэр фэзыгъэщIэнур мыращ:
Сабий гуэр хъыданым кIуэцIышыхьауэ, шхалъэм дэлъу
къэвгъуэтынущ.
[13] Уафэм щыщ мелыIыч гупышхуэ къыщыхутащ а ме-
лыIычым деж напIэзыпIэм. Тхьэм фIыщIэшхуэ хуащIурэ,
мыпхуэдэу жаIащ абыхэм:

[14] «ЩIыхьышхуэр уафэмкIэ зейр Тхьэращ.
ЩIылъэмкIи Тхьэр арэзы зыхуэхъу
цIыхухэм гузэгъэгъуэр яйщ».

[15] МелыIычхэр IукIыжу, уафэм дэкIуеижа нэужь, мэлыхъуэ-
хэм жаIащ:
«Зиусхьэным зи гугъу къытхуищIа къэхъуакъэщIар тлъагъу-
ну Бэтлэхьэм дывгъакIуэ».
[16]Арати, Бэтлэхьэм пIащэу кIуэри, Мэриемри, Исуфри, шха-
лъэм дэлъ сабийри къагъуэтащ. [17]Ахэр щалъагъум, мелыIычым
сабийм теухуауэ къажриIар абыхэм яIуэтэжащ. [18] Мэлыхъуэхэм
яIуэтэжар зэхэзыха цIыху псоми ягъэщIэгъуащ. [19]Ауэ Мэрием
мы Iуэхугъуэ псори игу ириубыдэри егупсысащ. [20] Мэлыхъуэхэм

2:11 Даут и къалэр – Бэтлэхьэм.

зэхаха икIи ялъэгъуа псом щхьэкIэ Тхьэр ягъэлъапIэу, фIыщIэшхуи хуащIу ягъэзэжащ. А Iуэхухэр зэрекIуэкIар мелыIычым абыхэм къазэрыжриIэгъам тетущ.

*Исуфрэ Мэриемрэ Зиусхьэным и пащхьэм Хьисэ сабийуэ зэрырахьар*

[21] Махуий дэкIыу сабийр сунэт ящIын хуей щыхъум, Мэрием лъэщыджэ хъун и пэкIэ мелыIычым къызэрыжриIэгъам тету цIэуэ Хьисэ фIащащ абы.

[22] Мусэ бегъымбарым и Торэт хабзэм и унафэм тету,* Исуфрэ
Мэриемрэ я зыгъэкъэбзэжыгъуэ махуэхэр блэкIа нэужь, сабийр
Зиусхьэным и пащхьэм ирахьэн щхьэкIэ, Ерусалим здахьащ,
[23] мы унафэу Зиусхьэным и хабзэм щыщым тету:* «Дэтхэнэ зы
хъулъхугъэ щыпэлъхури Зиусхьэным ейуэ щытын хуейщ».
[24]Адрейуэ ахэр Ерусалим щIэкIуар Зиусхьэным игъэува хабзэм
зэрыжиIэм тету,* езыхэм загъэкъэбзэжын щхьэкIэ, «губгъуэ
тхьэрыкъуэ цIыкIуитI е тхьэрыкъуэ шыр цIыкIуитI» къурмэ-
ныпхъэу яхьын хуейти, арщ.

[25] СимеонкIэ зэджэ лIы гуэр Ерусалим дэсащ абы щыгъуэ.
Ар щыпкъагъэри Тхьэм и фIэлIыкIыри зигу илъ цIыхут. Израил
и гукъеуэр Тхьэм ящхьэщихыным пэплъэрт ар. Тхьэм и Псэ
ЛъапIэри и гум илът абы. [26] Тхьэм и Псэ ЛъапIэм Симеон зэх-
ригъэщIыкIащ Зиусхьэным деж къикIыну Мэссихьыр* имы-
лъэгъуауэ зэрымылIэнур. [27]Арати, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм Симеон
Тхьэм и унэшхуэм щIигъэхьащ. Торэт хабзэм и унафэм тету,
сабийр Тхьэм и пащхьэ ирахьэн щхьэкIэ, и анэмрэ и адэмрэ
ар, Хьисэ, Тхьэм и унэшхуэм къыщыщIахьэм, [28]Симеон, сабийр
IэплIэкIэ къиищтэри, мы псалъэхэр жиIэурэ, Тхьэм фIыщIэ
хуищIащ:

[29] «Зиусхьэн, сызэрыбгъэгугъам тету
сэ, уи Iуэхутхьэбзащ Iэр, сигу зэгъауэ,
дунейм срехыж иджы;

2:22 Мусэ бегъымбарым и Торэт хабзэм и унафэм тету – еплъ 3 Мусэ 12:2-4.

2:23 Зиусхьэным и хабзэм щыщым тету – еплъ 2 Мусэ 13:2.

2:24 Зиусхьэным игъэува хабзэм зэрыжиIэм тету – еплъ 3 Мусэ 12:8

2:26 Мэссихь – еплъ Маттэ 1:17.

[30,31]цIыху лъэпкъ псоми я пащхьэм
уэ щыбгъэхьэзырауэ,
цIыхухэр мыкIуэду къезыгъэлынур
си нэхэмкIэ слъэгъуащи.
[32]Ар хамэ лъэпкъхэм* щыпкъагъэ
езыгъащIэ нэхурщ,
Израил уи лъэпкъыр
щIыхьышхуэ иIэу зыщIынури арщ».

[33]Симеон сабийм теухуауэ жиIа псалъэхэр Исуфрэ сабийм и
анэмрэ ягъэщIэгъуащ. [34] И нэфI абыхэм къащыхуэну Симеон
Тхьэм елъэIури, сабийм и анэ Мэрием жриIащ:
– Израил щыщ цIыху куэд мы сабийм текIуэдэн, цIыху куэди
мыкIуэду къригъэлын, икIи цIыхухэр зыпэувын нэщэнэу къэнэ-
хуэн щхьэкIэ, Тхьэм ар къигъэкIуащ. [35]ЦIыху куэдым ягу илъхэр
нахуэ къэхъунущ апхуэдэу. ИкIи уэ уигури, джатэм хуэдэу, гу-
къеуэшхуэм къиуIэнущ.
[36]АсиркIэ зэджэ унагъуэ лъэпкъым щыщрэ Фануил ипхъуу
Аннэ зи цIэ бегъымбар цIыхубз гуэр щыIэт. Абы и ныбжьыр
хуабжьу хэкIуэтауэ щытащ. ДэкIуэри, и лIым илъэсиблкIэ дэ-
псэугъащ. [37]И лIыр лIэри, и ныбжьыр илъэс ищIрэ плIым
нэсыху фызабэу щытащ ар. Тхьэм и унэшхуэм къыщIэмыкIыу,
нэщI ису, Тхьэ елъэIуу, жэщи махуи Тхьэм хуэлажьэу щытащ.
[38]Мис а фызабэр асыхьэт дыдэм Мэриемрэ Исуфрэ къабгъэ-
дыхьэщ, Тхьэм фIыщIэ хуищIри, Тхьэм Ерусалим щхьэ-
хуитыныгъэ къызэрыритынум пэплъэу щыта цIыху псоми
сабийм и хъыбар зэпымыууэ яхуиIуэтащ.
[39] Зиусхьэным и хабзэм и унафэм тету псори ягъэзэщIа нэужь,
Галилей хэкум щыщ я къалэ Назарет ягъэзэжащ Мэриемрэ
Исуфрэ. [40] Сабийр хэхъуащ, гукIи псэкIи зиужьащ, зэхэщIы-
кIышхуи иIэ хъури, Тхьэм и нэфIи къыщыхуащ.

*Тхьэм и унэшхуэм Хьисэ щIалэр зэрыкIуар*

[41]Хьисэ и адэ-анэр Ерусалим гъэ къэс кIуэрт, IутIыж махуэ-
шхуэр* ягъэлъэпIэну. [42] ЩIалэм и ныбжьыр илъэс пщыкIутI

2:32 хамэ лъэпкъхэр – мыжуртхэр аращ.

2:41 IутIыж махуэшхуэр – еплъ Маттэ 26:2.

щыхъум, хабзэм тету, ІутІыж махуэшхуэм щхьэкІэ Ерусалим
кІуащ. [43]Махуэшхуэхэр блэкІа нэужь, и адэ-анэм я къалэм къа-
гъэзэжын щыхъум, Хьисэ щІалэр Ерусалим къыдэнащ абыхэм
ямыщІэу. [44]Я гъусэхэм хэт я гугъэу, и анэмрэ и адэмрэ гъуэгу
зы махуэкІэ тетащ. Я благъэхэмрэ я ныбжьэгъухэмрэ я деж
щІалэр къыщалъыхъуэу щІадзащ итІанэ. [45]Щамыгъуэтыжым,
щІалэм лъыхъуэурэ, Ерусалим ягъэзэжащ. [46]Махуищ дэкІа
нэужь, Тхьэм и унэшхуэм щІэсрэ дин егъэджакІуэхэм яхэсу,
абыхэм жаІэм едаІуэу икІи еупщІу къагъуэтыжащ щІалэр.
[47]ЩІалэм жиІэм едаІуэу щыс псоми абы и губзыгъагъэмрэ и
жэуапхэмрэ ягъэщІагъуэрт. [48]ЩІалэр щалъагъум, анэмрэ адэм-
рэ ягъэщІэгъуащ.

– Си щІалэ! Сыт уэ къыдэпщІар? – къыжриІащ и анэм. –
Мис, уи адэмрэ сэрэ гузэвэгъуэм дыхэту дыплъохъу.

[49] – Сыт сыкъыщІэфлъыхъур? – яжриІащ абы. – Си Адэм и
унэшхуэм сыщІэсын зэрыхуейр фщІэркъэ?

[50]Ауэ абыхэм щІалэм яжриІа псалъэр къагурыІуакъым.

[51] И анэмрэ и адэмрэ я гъусэу Хьисэ Назарет кІуэжащ итІанэ,
яхуэІурыщІащ. Хьисэ и анэм игу ириубыдащ мы Іуэху псори.
[52]Хьисэ хэхъуэм, и зэхэщІыкІми зиужьурэ, Тхьэми цІыхухэми
ягу ирихьащ.

## 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*УмэхъакІуэ Иуан и уазыр*
*(Маттэ 3:1-12; Марк 1:1-8; Иуан 1:19-28)*

Тиверий* кесарым и тетыгъуэм и епщыкІутхуанэ илъэст;
Понтий Пилат* зи цІэр Иудей хэкум и Іэтащхьэт абы щыгъуэ.
Ироди* Галилей хэкум ипщт; Ирод и къуэш Филипп* Итурей,

3:1 Тиверий – Хьисэ къэхъуа нэужь, 14-37-нэ гъэхэм Рим кесару щытащ.

3:1 Понтий Пилат – рим цІыхухэм ящыщу Понтий Пилат, Хьисэ къэхъуа нэужь, 26-36-нэ гъэхэм Иудей, Самарие, Идумей хэкухэм я Іэтащхьэу щытащ.

3:1 Ирод – Ирод Антипэ жыхуаІэрщ. Хьисэ къэхъун и пэкІэ 4-нэ гъэм къыщыщІэдзауэ Хьисэ къэхъуа нэужь 39-нэ гъэм нэсыху, ар Галилей, Перей хэкухэм япщу щытащ.

3:1 Филипп – Хьисэ къэхъун и пэкІэ 4-нэ гъэм къыщыщІэдзауэ Хьисэ къэхъуа нэужьым 34-нэ гъэм нэсыху, Итурей, Трахонит хэкухэм япщу щытащ. Ахэр къэралым и ищхъэрэ-къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ щыІащ.

Трахонит хэкухэм япщт ; Лисаний зи цIэр Авилиней хэкум
ипщт. [2]Аннэрэ Кайафэрэ* дин пашэшхуэт*. А махуэхэращ Зэч-
рей и къуэ Иуану губгъуэ нэщIым щыпсэууэ щытам Тхьэм и
псалъэхэр къыщыхуехар. [3]Иуан, Иорданыпсым и Iэхэлъахэ
псори къызэхикIухьым, цIыхухэр Тхьэм и псалъэхэм иригъэ-
даIуэурэ, мыпхуэдэу жиIэрт:

– Фи гуэныхьхэм фахущIегъуэжи, зызвгъэумэхъ,* Тхьэм ахэр къыфхуигъэгъун щхьэкIэ.

[4] Мы Iуэху псори къэхъуащ Ешайа бегъымбарым и псалъэхэр
зэрыт тхылъым зэритым хуэдэу,*

«Губгъуэ нэщIым джэ макъ гуэр къыщоIу:
Зиусхьэным и гъуэгур хуэвгъэпси,
и лъагъуэхэр захуэ хуэфщI.
[5]Дэтхэнэ къуэладжэри исеинущ,
дэтхэнэ бгыри Iуащхьэри
лъахъшэ хъунущ.
Гъуэгу нэшэкъашэхэр захуэ хъунущ,
гъуэгу къургъакъхэр джафэ хъунущ.
[6]ЦIыхухэр мыкIуэду Тхьэм
къызэрыригъэлынур цIыху псоми
ялъагъунущ».

[7] Иуан зезыгъэумэхъыну къежьа цIыху куэдым яжриIащ:
– Фэ, блэ щылъхухэ!* Тхьэм и губжьу къэкIуэнум фыIэщIэ-
кIын гугъэ хэт фэзыгъэщIар? [8] Фи гуэныхьхэм фахущIегъуэжи,
абы хуэфащэ IуэхуфIхэр влэжь. «Ибрэхьимщ дэ ди адэр», жыв-
мыIэххэ. Сэ нывжызоIэ, Тхьэм хузэфIэкIынущ мы мывэхэм Иб-
рэхьим щхьэкIэ бын къахухигъэхъукIыну. [9]Джыдэр жыг лъаб-
жьэхэм трашэщIакIэщ. Аращи, фIыгъуэ къызыпымыкI дэтхэнэ
жыгри къраупщIыкIыжынурэ, мафIэм пэрадзэнущ.

3:2 Аннэрэ Кайафэрэ – Хьисэ къэхъуа нэужьым 6-15-нэ гъэхэм Аннэ дин пашэшхуэу щытащ. Кайафэ, Аннэ и пхъум и лIыр, 18-36-нэ гъэхэм дин пашэшхуэу щытащ.

3:2 дин пашэшхуэр – дин пашэхэми Тхьэмадэ Хасэшхуэми я тхьэмадэу щытащ.

3:3 умэхъыныр – еплъ Маттэ 3:1.

3:4-6 Ешайа бегъымбарым и псалъэхэр зэрыт тхылъым зэритым хуэдэу – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 40:3-5.

3:7 блэ щылъху – блэм къилъхуа жыхуиIэщ.

[10]ЦIыхубэр Иуан къеупщIащ:

– Сыт атIэ дэ тщIэн хуейр?

[11] – ДжанитI зиIэм я зыр зимыIэм ирырет! – яжриIащ абы-
хэм. – Шхын зиIэми шхын зимыIэм ирырет!

[12] Хьэкътын ахъшэр* хэзых цIыхухэр, зрагъэумэхъын щхьэ-
кIэ, Иуан деж къакIуэри къеупщIащ:

– Дин егъэджакIуэ, дэ сыт тщIэн хуейр?

[13] – ЦIыхухэм къеIыфхын хуейм нэхъыбэ къеIывмых, – яжри-
Iащ абыхэм.

[14] – Дэри сыт тщIэн хуейр? – къеупщIащ зауэлIхэри Иуан.

– Зыми и ахъшэ лъэщыгъэкIэ къытевмых, зыми пцIы тевмы-
лъхьэ, лэжьапщIэу къыват ахъшэмкIэ арэзы фыхъу, – яжриIащ
абыхэм.

[15] – Мы Иуаныр Мэссихьу* жыхуаIэр армырауэ пIэрэ? –
жаIэурэ гугъэ ящIу, цIыху псори ягукIэ зэупщIыжырт.

[16] – Сэ псымкIэ фызоумэхъ, ауэ сэр нэхърэ нэхъ лъэкIыны-
гъэшхуэ зиIэ гуэр си ужькIэ къэкIуэнущ, – яжриIащ Иуан псоми.
– Абы и вакъэ лъэпсхэр хуэстIэтэнуи сэ схуэфащэкъым. Абы
Тхьэм и Псэ ЛъапIэкIи мафIэкIи фэ фиумэхъынущ. [17]Абы и
хьэнцэр и Iэм IэщIэлъщ, и хьэмыр игъэкъэбзэжынурэ, и гуэ-
дзыр гуэнхэм ирикIутэжынущ абы, ауэ хьэуазэр мыункIыфIыж
мафIэ лыгъейкIэ игъэсынущ.

[18]Апхуэдэу, Иуан цIыхухэм нэгъуэщI Iуэху куэди яригъа-
щIэурэ, хъыбарыфIыр яхуиIуатэрт.

[19]Езым и къуэшыр* псэу пэтми, абы и фыз Иродиадэ къызэ-
ришэжам щхьэкIи нэгъуэщI мыхъумыщIагъэу илэжьа псом
щхьэкIи Иуан пщы Ирод егиящ. [20] Ирод а мыхъумыщIагъэу
илэжьа псоми хигъахъуэурэ, и зауэлIхэм Иуан лъэхъуэщым
щIрыригъэдзащ.

### *Иуан Хьисэ зэриумэхъар*

*(Маттэ 3:13-17; Марк 1:9-11)*

[21]Иуан, цIыху псори иумэхъа нэужь, Хьиси иумэхъащ. Хьисэ
Тхьэм щелъэIум, уафэр зэIукIри, [22]тхьэрыкъуэм и пкъым хуэдэ

3:12 хьэкътын ахъшэр – еплъ Маттэ 5:46.

3:15 Мэссихь – еплъ Маттэ 1:17.

3:19 и къуэш – и къуэш Филипп (еплъ Марк 6:17) Рим къалэшхуэм щыпсэуар аращ.

пкъы иIэу, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр Хьисэ къыхуехащ. Уафэм зы макъ къиIукIащ:

– Уэращ сэ фIыуэ слъагъу си Къуэ щIасэр. Сигу урихьащ уэ.*

*Хьисэ къызыхэкIа лъэпкъыр*
*(Маттэ 1:1-17)*

23И лэжьыгъэм щыщIидзам, Хьисэ илъэс щэщIым итт.
ЦIыхухэм зэрагугъамкIэ, ар Исуф и къуэщ. Исуф Илий и къуэщ.
24Илий Матфат и къуэщ. Матфат Левий и къуэщ. Левий Мелхий
и къуэщ. Мелхий Ианнай и къуэщ. Ианнай Исуф и къуэщ.
25Исуф Маттафий и къуэщ. Маттафий Амос и къуэщ. Амос На-
ум и къуэщ. Наум Еслим и къуэщ. Еслим Наггей и къуэщ. 26Наг-
гей Мааф и къуэщ. Мааф Маттафий и къуэщ. Маттафий Семей
и къуэщ. Семей Исуф и къуэщ. Исуф Иудэ и къуэщ. 27Иудэ
Иоаннан и къуэщ. Иоаннан Решай и къуэщ. Решай Зоровавел и
къуэщ. Зоровавел Салафиил и къуэщ. Салафиил Нирий и къуэщ.
28Нирий Мелхий и къуэщ. Мелхий Аддий и къуэщ. Аддий Ко-
сам и къуэщ. Косам Елмодам и къуэщ. Елмодам Ир и къуэщ.
29Ир Иосие и къуэщ. Иосие Елиезер и къуэщ. Елиезер Иорим и
къуэщ. Иорим Матфат и къуэщ. Матфат Левий и къуэщ. 30Левий
Симеон и къуэщ. Симеон Иудэ и къуэщ. Иудэ Исуф и къуэщ.
Исуф Ионан и къуэщ. Ионан Елиаким и къуэщ. 31Елиаким Ме-
леай и къуэщ. Мелеай Майнан и къуэщ. Майнан Маттафай и
къуэщ. Маттафай Нафан и къуэщ. Нафан Даут и къуэщ. 32Даут
Иессе и къуэщ. Иессе Овид и къуэщ. Овид БоIаз и къуэщ. БоIаз
Салмон и къуэщ. Салмон Наасон и къуэщ. 33Наасон Аминадав
и къуэщ. Аминадав Арам и къуэщ. Арам Есром и къуэщ. Есром
Фарес и къуэщ. Фарес Иудэ и къуэщ. 34Иудэ Екъуб и къуэщ.
Екъуб Исхьэкъ и къуэщ. Исхьэкъ Ибрэхьим и къуэщ. Ибрахьим
Тэрахъ и къуэщ. Тэрахъ Нахъор и къуэщ. 35Нахъор Серух и
къуэщ. Серух Рагав и къуэщ. Рагав Фалек и къуэщ. Фалек Евер
и къуэщ. Евер Салэ и къуэщ. 36Салэ Кайнан и къуэщ. Кайнан
Арфаксад и къуэщ. Арфаксад Щэм и къуэщ. Щэм Нухь и къуэщ.
Нухь Ламех и къуэщ. 37Ламех Мафусал и къуэщ. Мафусал

3:22 Уэращ … сигу урихьащ – еплъ Сабур (Псалтыр) 2:7; 1 Мусэ 22:2; Ешайа бегъымбарым и тхылъым 42:1.

Енох и къуэщ. Енох Иаред и къуэщ. Иаред Малелеил и къуэщ.
Малалеил Кайнан и къуэщ. [38]Кайнан Енощ и къуэщ. Енощ Щэт
и къуэщ. Щэт Адэм и къуэщ. Адэм Тхьэм ейщ.

## 4–НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Гуэныхь иригъэлэжьын щхьэкIэ,*
*шейтIаныр Хьисэ и ужь зэритар*
*(Маттэ 4:1-11; Марк 1:12-13)*

Тхьэм и Псэ ЛъапIэр и гум куууэ хыхьауэ, Хьисэ Иорданыпсым къыIукIыжащ. Тхьэм и Псэ ЛъапIэм ар губгъуэ нэщIым
ишащ. [2] Гуэныхь иригъэлэжьын щхьэкIэ шейтIаныр а щIыпIэм
Хьисэ и ужь махуэ плIыщIкIэ къыщитащ. А махуэхэм Хьисэ
зыри ишхакъым, махуэ плIыщI нэужьым ар къэмэжэлIащ.
[3]ШейтIаным Хьисэ къыжриIащ итIанэ:

– Уэ Тхьэм ури-Къуэмэ, щIакхъуэ хъуну мы мывэм унафэ хуэщI.

[4] – Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ,* – жриIащ Хьисэ шейтIаным, – «ЩIакхъуэ къудейкъым цIыхур зэрыпсэунур, атIэ дэтхэнэ псалъэу Тхьэм къыбгъэдэкIырщ».

[5] Хьисэ бгы лъагэ гуэрым дишщ, дунейм тет къэралыгъуэ
псори зы нэпIэзыпIэм къригъэлъагъури, [6]шейтаным къыжриIащ
итIанэ:

– Мы къэралыгъуэхэм я тепщэныгъэ псори щIыхьышхуэу
яIэри сэ уэ уэстынущ, ахэр си IэмыщIэм илъщ икIи сэ сызы-
хуейм естыну сыхуитщи. [7]Аращи, лъэгуажьэмыщхьэу ууву сэ
сыбгъэлъапIэмэ, мы псори ууей хъунущ.

[8] – Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ,* – жриIэжащ Хьисэ, – «Зиусхьэну уи Тхьэр бгъэлъапIэурэ, узыхуэлэжьэн хуейр абы и закъуэщ».

[9]Абы и ужькIэ шейтIаным Хьисэ Ерусалим ишэщ, Тхьэм и унэшхуэм и нэхъ лъагапIэ дыдэм тригъэувэри, къыжриIащ абы и ужькIэ:

4:4 Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ – еплъ 5 Мусэ 8:3.

4:8 Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ – еплъ 5 Мусэ 6:13.

– Уэ Тхьэм ури-Къуэмэ, мыбдеж зыщедзых; [10,11]Тхьэм и
псалъэу тхахэм хэтщи:*

«Тхьэм и мелыIычхэм укъахъумэну
унафэ къахуищIынущ,
мывэм уи лъакъуэхэмкIэ
ужьэхэмыуэн щхьэкIэ,
я IэхэмкIэ узэрахьэнущ».

[12]– Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ,* – жэуап иритыжащ Хьисэ
абы, – «Зиусхьэну уи Тхьэр умыгъэунэху!»
[13]Хьисэ гуэныхь зэрыригъэлэжьын Iэмал псори щиухым, и
пIалъэр къэсмэ, къигъэзэжыну IукIыжащ шейтIаныр.

*Хьисэ и лэжьыгъэр Галилей хэкум зэрыщиублар*
*(Маттэ 4:12-17; Марк 1:14-15)*

[14] Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и лъэкIыныгъэкIэ Хьисэ Галилей
хэкум игъэзэжащ итIанэ. Хьисэ теухуа хъыбарыр а хэку псом
щызэлъащIысащ. [15]ЦIыху псоми щIыхь къыхуащIурэ, Хьисэ
абыхэм я синэгуэгухэм* Тхьэм и псалъэхэр щаригъащIэрт.

*Назарет дэс цIыхухэм Хьисэ зэрамыдар*
*(Маттэ 13:53-58; Марк 6:1-6)*

[16]Хьисэ щапIа Назарет къалэм* кIуащ. И хабзэм тету, щэбэт
махуэм* синэгуэгум щIыхьащ. Тхьэм и псалъэу тхахэм щыщ
къахуеджэну, абы щIэсхэм я пащхьэм иуващ. [17] Ешайа
бегъымбарым и тхылъыр кърататщ. Тхылъыр зэгуихри,
мыпхуэдэу здит щIыпIэр* къигъуэтащ:

[18] «Зиусхьэным и Псэ ЛъапIэр сигу илъ хъуащ;
Тхьэм дагъэ лъапIэр къысщихуащи.

---

4:10-11 Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 90:11-12.
4:12 Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ – еплъ 5 Мусэ 6:16.
4:15 синэгуэгу – журтхэм я тхьэлъэIупIэщ.
4:16 Назарет къалэр – еплъ Маттэ 2:23.
4:16 щэбэт махуэр – еплъ Маттэ 12:1.
4:17-19 здит щIыпIэр – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 61:1-2; 58:6.

КъыщIысщихуар тхьэмыщкIэхэм хъыбарыфIыр
яхуэсIуэтэн папщIэкIэщ.
Зи гур кIуэдахэм ягу къызэфIэзгъэувэжыну,
щхьэхуит зэрыхъужынум и хъыбар
лъэхъуэщым щIэсхэм езгъэщIэну,
нэфхэр къэзгъэплъэжынуи,
гугъуехь зытелъхэр щхьэхуит сщIыжынуи
Тхьэм сыкъигъэкIуащ.
19 Зиусхьэным и нэфI цIыхухэм къащыщыхуэну
илъэсыр къызэрысам и хъыбар
езгъэщIэнуи сыкъигъэкIуащ».

20Хьисэ, тхылъыр зэтрипIэжщ, синэгуэгу Iуэхутхьэбзащlэм иритри, тIысащ. Синэгуэгум щIэс цIыху псоми я нэхэр абы траубыдащ. 21Хьисэ абыхэм яжриIэу щIидзащ:

– ФедаIуэурэ, Тхьэм и псалъэу тхахэм хэт мы псалъэхэр нобэ пэж хъуащ.

22ЦIыхухэм хуабжьу ягу ирихьащ Хьисэ, абы и псалъэ дахэхэри ягъэщIэгъуащ.

– Исуф и къуэр аракъэ мыр? – жаIащ.

23 – Щэч хэмылъу мы псэлъэжьыр къызжефэнщ: «Дохутыр, уэ зыгъэхъуж». ИтIанэ къызжефэнщ: «Капернаум къалэм щыблэжьауэ зэхэтхам хуэдэ Iуэхухэр мы ущапIа къалэм щылэжь», - яжриIащ абыхэм Хьисэ.

24Ар жиIэри, Хьисэ къыщIигъужащ:

– Пэжыр нывжызоIэ, зы бегъымбари езыр щалъхуа къалэм щадэркъым. 25Ауэ пэжыр нывжызоIэ, Иляс бегъымбарым* и зэманым уафэм илъэсищрэ мазихкIэ зызэхуищIу, уэшх къемышхыу щыхъум, зэрыкъэралу гъаблэшхуэм щыхэхуам, Израил къэралым фызабэ куэд ису щытащ. 26Апхуэдэу щыта пэтми, абыхэм ящыщ гуэрым деж Тхьэм Иляс игъэкIуакъым, ауэ Сидон къалэм и Iэхэлъахэм ит Сарептэ жылэм дэс фызабэ гуэрым деж игъэкIуащ. 27Елисей бегъымбарым* и зэманми уэшын узыфэ зэфыкI цIыху куэд Израил ису щытащ, ауэ Елисей абыхэм ящыщ зыри игъэхъужакъым, Сирие хэкум щыщ Нееман зи цIэ закъуэм фIэкI.

---

4:25-26 Иляс бегъымбарыр – еплъ Пащтыхьхэм я хъыбархэр зэрыт япэ тхылъым, (3-я Царств) 17:1.

4:27 Елисей бегъымбарыр – еплъ Пащтыхьхэм я хъыбархэр зэрыт етIуанэ тхылъым, (4-я Царств) 5:1-4.

[28]Ар щызэхахым, синэгуэгум щIэс цIыху псори хуабжьу
къэгубжьащ. [29]Ахэр къэтэджри, Хьисэ къалэм къыдахуащ икIи
къалэр зытет бгым щадзыну драшеящ. [30]Ауэ Хьисэ абыхэм я
зэхуаку дэкIри ежьэжащ.

*Хьисэ лIы гуэрым жин бзаджэр зэрыхихуар*
*(Марк 1:21-28)*

[31]Хьисэ Галилей хэкум щыщ Капернаум къалэм* къехри,
цIыхухэм Тхьэм и псалъэхэр яригъащIэу щэбэт махуэм щIидзащ
итIанэ. [32]Тхьэм и псалъэхэр Хьисэ зэраригъащIэ щIыкIэр икъу-
кIэ ягъэщIэгъуащ цIыхухэм, тепщэныгъэшхуэ иIэу абыхэм
епсалъэрти.
[33]Жин бзаджэм иIыгъ лIы гуэр щIэтт синэгуэгум. Ар ма-
къышхуэкIэ къахэкIиящ:
[34]– Къэгъанэ! Сыт уи Iуэхуу дэ къытхэлъыр, Назарет щыщ
Хьисэ? Дыбгъэунэхъуну укъэкIуа? Уэ хэт ущыщми, сощIэ: Тхьэм
къыбгъэдэкIа ЛъапIэр уэращ.
[35]– Щыгъэти, мы лIым къыхэкIыж! – жиIащ Хьисэ, жин бза-
джэм егийри. ЦIыху псоми я пащхьэм лIыр щриудри, зыри
иримыщIэу, жин бзаджэр абы хэкIыжащ.
[36]ЦIыху псоми ар хуабжьу ягъэщIагъуэурэ, зыр адрейм еуп-
щIырт:
– Ар сыт! ГъэщIэгъуэн! Тепщэныгъэшхуэрэ лъэкIыныгъэ-
шхуэрэ иIэу, жин бзаджэхэм унафэ яхуищIурэ, цIыхухэм яхеху.
[37] Arащи, Хьисэ теухуа хъыбарыр хэкум дэнэкIи щы-
зэлъащIысащ.

*Хьисэ цIыху куэд зэригъэхъужар*
*(Маттэ 8:14-17; Марк 1:29-34)*

[38]Синэгуэгум къыщIэкIыжри, Хьисэ Симон и унэм щIыхьащ.
Симон и щыкъу анэр плъыржьэр гуащIэм хуабжьу хигъэзыхьауэ
пIэм хэлът. Ар игъэхъужыну Хьисэ елъэIуащ. [39]Хьисэ сымад-
жэм щхьэщыувэщ, плъыржьэрым егийри, хихуащ. ЗанщIэу
къызэфIэувэри, абыхэм хьэщIагъэ къарихащ цIыхубзым.

4:31 Капернаум къалэр – Галилей гуэлым и ищхъэрэ-къухьэпIэ Iуфэм Iутщ.

[40]Дыгъэр щыкъухьэм, узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зиIэ сыма-
джэ псори Хьисэ къыхуашэу щIадзащ псоми. Абыхэм ящыщ
дэтхэнэри, и Iэр трилъхьэурэ, игъэхъужырт. [41]Жин бзаджэхэри,
«Уэращ Мэссихьу Тхьэм и Къуэр», жаIэу къэгуоурэ, цIыху куэ-
дым къахэкIыжырт. Ар зэры-Мэссихьыр ящIэрти, егийри, псэ-
лъэну хуит ищIакъым Хьисэ.

*Галилей хэкур къызэхикIухьурэ, Хьисэ*
*Тхьэм и псалъэхэм цIыхухэр иригъэдаIуэу зэрыщытар*
*(Марк 1:35-39)*

[42]Нэху зэрыщу, къалэм дэкIри, Хьисэ щIыпIэ пхыдза гуэрым
кIуащ. ЦIыху гупышхуэ лъыхъуэрт абы икIи къыщагъуэтым,
я деж къагъэнэну хэтащ.
[43]– Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм теухуа хъыбарыфIыр цIыху-
хэм нэгъуэщI къалэхэми щахуэсIуэтэн хуейщ. Аращ Тхьэм сы-
къыщIигъэкIуар, – яжриIащ абыхэм Хьисэ.
[44]Галилей хэкум ит синэгуэгухэм цIыхухэр Тхьэм и псалъэхэм
щригъэдэIуащ апхуэдэу.

## 5-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*И гъуэгу ирикIуэн щхьэкIэ Хьисэ япэ цIыхуищыр*
*къызэрыхуриджар*
*(Маттэ 4:18-22; Марк 1:16-20)*

Зэгуэрым, Геннисарет гуэлым* и Iуфэм Iуту, Тхьэм и пса-
лъэхэм едэIуэн щхьэкIэ, цIыху гупышхуэ зэхуэсри, Хьисэ къы-
жьэхэзэрыхьащ. [2]Псы Iуфэм кхъуафэжьеитI Iуту Хьисэ илъэ-
гъуащ абдежым. Абыхэм къикIауэ, бдзэжьеящэхэм яхъхэр
ягъэкъэбзэжырт. [3]А кхъуафэжьейхэм языхэзым, Симон ейм,
итIысхьэри, Iуфэм тIэкIу IукIуэтыну Хьисэ Симон елъэIуащ.

---

4:43 Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр – еплъ Маттэ 3:2.

5:1 Геннисарет гуэлыр – Галилей гуэлыр арщ. Абы и кIыхьагъэр километр 21-рэ мэхъу, и нэхъ бгъуапIэр километр 13 мэхъу.

ИтIанэ кхъуафэжьейм ису, Тхьэм и псалъэхэр цIыху гупышхуэм ярigъэщIэу щIидзащ.

[4]ЦIыхухэм Тхьэм и псалъэхэр яригъэщIа нэужь, Хьисэ Симон жриIащ:

– КууупIэм хыхьи, бдзэжьей къэвубыдын щхьэкIэ, фихъхэр хэвдзэ.

[5]–Гъуазэ, дэ жэщ псом гугъу дехьу дылэжьащ, зыри къэдубыдыфакъым, – жиIащ Симон, – ауэ уэ зэрыжыпIэм тету хъыхэр хэздзэнщ.

[6]Хъыхэр щыхадзэм, апхуэдизкIэ бдзэжьей куэд къаубыдати, яхъхэм зэфIэтхъыу щIадзащ. [7]Адрей кхъуафэжьейм ис я ныбжэгъухэм Iэ хуащIащ къакIуэу къадэIэпыкъуну. Ахэр къакIуэри, кхъуафэжьеитIыр щIилъэфэным нэсыху, бдзэжьейр из ящIащ.

[8]Ар щилъагъум, Хьисэ и лъабжьэм зыщIидзэри, Симон Петр жиIащ:

– ЗбгъэдэкI, Зиусхьэн, сэ сыцIыху гуэныхьщIакIуэщ.

[9]Апхуэдэу щIыжиIар апхуэдизкIэ бдзэжьей куэд къаубыдат, езыри адрей и гъусэхэри гужьеигъуэм хэхуати, аращ. [10]Ещхьыркъабзэу, Зеведей и къуитIри, Екъубрэ Иуанрэ, Симон дэлажьэу щытахэр, къэуIэбжьащ.

– Умышынэ! – жриIащ Хьисэ Симон. – Бдзэжьей къэвубыдын щхьэкIэ, абы и ужь узэритам ещхьу, нобэ щыщIэдзауэ цIыхухэр сэ си гъуэгу къытебгъэхьэнущ.

[11]Я кхъуафэжьейхэр псы уфэм къралъэфэлIэжа нэужь, псори къагъанэри, Хьисэ и ужь иуващ ахэр.

*Уэшын уз зыпкърыт лIы гуэр Хьисэ зэригъэхъужар*
*(Маттэ 8:1-4; Марк 1:40-45)*

[12]Хьисэ къалэ гуэрым щыIэу, уэшын уз зыпкърыт зылI къыхуэкIуащ. Хьисэ зэрилъагъуу, щIым бгъэгукIэ зытридзэри, ар къелъэIуащ:

– Зи щIыхь ин, ухуеймэ, сыбгъэхъужыфынущ.

[13]И Iэр ишийщ, абы теIэбэри,* Хьисэ жиIащ:

– Сыхуейщ, узыншэ хъуж!

Уэшын узыр а лIым щхьэщыкIащ асыхьэтым. [14]Хьисэ абы ириухылIащ:

---

5:13 теIэбэри – уэшын уз зыпкърытым утеIэбэ хъунутэкъым.

– Мыр зыми хуумыIуэтэж, ауэ дин пашэм деж кIуэи, зыкъе-
гъэлъагъу. Мусэ бегъымбарым и унафэм тету къурмэн щIы
узэрыхъужам щхьэкIэ. УзэрыхъужамкIэ цIыхухэм я пащхьэм
щыхьэт щыхъунущ ар.
[15]Апхуэдэу щыт пэтми, Хьисэ и хъыбар нэхъапэм нэхърэ
нэхъыбэу цIыхухэм ялъэIэс хъуащ. Хьисэ жиIэхэм едэIуэну, я
узыфэхэри ирагъэгъэхъужыну цIыху гупышхуэхэр абы деж
къакIуэрт. [16]Ауэ цIыхухэм яхэкIыурэ, Тхьэм щелъэIуну щIыпIэ
пхыдзахэм кIуэныр и хабзэу щытащ Хьисэ.

### *Пкъыуэ хъуа лIы гуэр Хьисэ зэригъэхъужар*
*(Маттэ 9:1-8; Марк 2:1-12)*

[17]Хьисэ цIыхухэм Тхьэм и псалъэхэр яригъащIэрт махуэ
гуэрым. Галилей, Иудей хэкухэм щыщ жылагъуэ псоми,
Ерусалими къикIа фарисейхэри* торэт егъэджакIуэ пашэхэри*
Хьисэ къедаIуэ цIыхухэм яхэст. Сымаджэхэр игъэхъужыну
Зиусхьэным и къарур хэлът Хьисэ. [18]Пкъыуэ хъуа лIы гуэр, алэ-
рыбгъум телъу, лIы зыбжанэм къахьырт, унэм щIахьэу Хьисэ
и пащхьэм иралъхьэну. [19]Ауэ цIыхур апхуэдизкIэ увти, сымад-
жэр унэм щIахьэн яхузэфIэкIакъым. Апхуэдэу щыхъум, унащ-
хьэм дэкIуейщ, унащхьэм щыщ трахри, сымаджэр, алэрыбгъум
зэрытелъу, цIыху псоми ялъагъуу, Хьисэ и пащхьэм деж
щрагъэлэлэхащ.
[20] Абыхэм я фIэщхъуныгъэр щилъагъум, Хьисэ жиIащ:
– Уи гуэныхьхэр къыпхуэгъуащ.
[21]Ар щыжиIэм, торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ фарисейхэмрэ
ягукIэ жаIащ:
– Хэт мыр? Тхьэр игъэпцIыркъэ? Тхьэм фIэкI, хэт гуэныхьхэр
игъэгъун зылъэкIынур?
[22]Абыхэм ягукIэ жаIэр ищIэрти, Хьисэ яжриIащ:
– Сыт фэ фигукIэ апхуэдэ щIыжыфIэр? [23]Сытыра нэхъ
тыншыр: «Уи гуэныхьхэр къыпхуэгъуащ» жыпIэныра, хьэмэрэ
«Къэтэджи, ежьэж» жыпIэныра? [24]ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм*
гуэныхьхэр игъэгъуну дунейм тепщэныгъэ зэрыщиIэр фщIэн

---

5:17 фарисейхэр – еплъ Маттэ 3:7.

5:17 торэт егъэджакIуэ пашэхэр – еплъ Маттэ 2:4.

5:24 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр – еплъ Маттэ 8:20.

щхьэкIэ, – жиIэщ, Хьисэ пкъыуэ хъуа лIым зыхуигъазэри жриIащ:

– Уэ ныбжызоIэ, къэтэдж, уи алэрыбгъур къащти, уи унэ кIуэж.

[25]Асыхьэтым абыхэм я пащхьэм лIыр къыщытэджщ, алэрыбгъу зытелъар къиштэри, Тхьэм фIыщIэ хуищIурэ, и унэм кIуэжащ. [26] ЦIыху псоми я гур щIэхуауэ Тхьэм фIыщIэ хуащIащ. Зэрыгъэщтэжауэ жаIащ абыхэм:

– Сыту телъыджэ нобэ дэ тлъэгъуар!

### *И гъуэгу ирикIуэну, Хьисэ Левий къызэрыхуриджар*
*(Маттэ 9:9-13; Марк 2:13-17)*

[27]Абы и ужькIэ ежьауэ, хьэкътын ахъшэ щыхах унэм деж щысу, хьэкътын ахъшэр хэзых лIы гуэр, Левий зи цIэр, илъэгъуащ Хьисэ.

– Си ужь къиувэ! – жриIащ абы Хьисэ. [28] Левий къэтэджщ, псори къигъанэри, Хьисэ и ужь иуващ.

[29]Левий и унэм гухэхъуэ Iэнэ Хьисэ щыхутригъэуващ итIанэ. Хьэкътын ахъшэр хэзыххэри нэгъуэщI хьэщIэ куэди Iэнэм пэрыст. [30]Ар щалъагъум, фарисейхэмрэ торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм губгъэн хэлъу жраIащ:

– Хьэкътын ахъшэр хэзыххэмрэ гуэныхь зыщIэхэмрэ сыт фащIыдэшхэ-фащIыдефэр?

[31] – Узыншэхэракъым дохутыр хуэныкъуэр, атIэ сымаджэхэращ, – яжриIащ Хьисэ. [32] – Щыпкъагъэ зигу илъ цIыхухэр къезджэн папщIэкъым сыкъыщIэкIуар, атIэ гуэныхь зыщIэхэр я гуэныхьхэм хущIегъуэжыным къыхуезджэн щхьэкIэщ.

### *НэщIым теухуауэ журт пашэхэр Хьисэ къызэреупщIар*
*(Маттэ 9:14-17; Марк 2:18-22)*

[33]Фарисейхэмрэ торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ Хьисэ къыжраIащ:

– Иуан и гъуэгу ирикIуэхэр нэщI* исырейщ икIи Тхьэм йолъэIу, фарисейхэм я гъуэгу ирикIуэхэри аращ, ауэ уэ уи гъуэгу ирикIуэхэр машхэ икIи йофэ.

---

5:33 нэщI исщ – еплъ Маттэ 9:14.

[34]– Щауэр я гъусэхукIэ щауэм и гъусэхэр нэщI ивгъэсыну? – яжриIащ Хьисэ абыхэм. [35] – Ауэ щауэр абыхэм пэIэщIэ щащIыну махуэхэр къэунэхунущ. Мис а махуэхэм нэщI исынущ ахэр.

[36]Зы ущие хъыбар яжриIащ итIанэ:

– ЩыгъынышIэм щыдэжын къыпитхъыурэ щыгъыныжьым щидэжыркъым зыми. Апхуэдэу ищIмэ, щыгъынышIэр зэфIэтхъынущ икIи щыгъынышIэм щыщ щыдэжыныр щыгъыныжьым екIунукъым. [37]ФадэщIэр зыми фэнд тIорысэм иригъахъуэркъым. Апхуэдэу ищIмэ, фадэщIэм фэндхэр зэгуитхъынурэ, къижынущ, езы фэндхэри абы текIуэдэнущ. [38] ФадэщIэр фэндыщIэхэм ирагъэхъуэн хуейщ. ТIури къызэтенэнущ абы щыгъуэ. [39] ЩытынкIэ ирикъуа фадэм ефам фадэщIэр игу ирихьынукъым; щытынкIэ ирикъуа фадэр нэхъыфIщи.

# 6-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм гуэдз щхьэмыжхэр щэбэт махуэм къызэрыпачар*
*(Маттэ 12:1-8; Марк 2:23-28)*

Хьисэ гуэдз хьэсэхэм хэтурэ кIуэрт щэбэт махуэ гуэрым. И гъуэгу ирикIуэхэм гуэдз щхьэмыжхэр къыпачым, я IэхэмкIэ яIуэтурэ яшхырт. [2] Фарисейхэм ящыщ гуэрхэм жаIащ:

– Щэбэт махуэм хабзэкIэ пщIэ мыхъунур* сыт щIэфщIэр?

[3] – Даутрэ Даут и гъусэхэмрэ мэжалIэ щыхъум, абы ищIам феджакъэ? – яжриIащ Хьисэ абыхэм. [4] – Тхьэм и унэм щIыхьэщ, Тхьэм и пащхьэм цIыхухэм иралъхьа щIакхъуэр* къищтэри ишхащ абы, и гъусэхэми яригъэшхащ. ХабзэмкIэ дин пашэхэм фIэкI нэгъуэщI гуэрым а щIакхъуэр ишх мыхъуну щытащ.

[5] Хьисэ яжриIащ итIанэ:

– ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр щэбэт махуэми и зиусхьэнщ.

6:2 пщIэ мыхъунур – Мусэ и Торэт хабзэм зэрыжиIэм тету, щэбэт махуэм гъавэ къэпх мыхъуну щытащ. Еплъ 2 Мусэ 34:21.

6:4 цIыхухэм Тхьэм и пащхьэм иралъхьа щIакхъуэр – еплъ 3 Мусэ 24:5-9.

*Зи Iэ лъэныкъуэр гъуа лIы гуэр Хьисэ зэригъэхъужар*
*(Маттэ 12:9-14; Марк 3:1-6)*

[6]Нэгъуэщ1 щэбэт махуэ гуэрым Хьисэ, синэгуэгум щIыхьауэ,
цIыхухэм Тхьэм и псалъэхэр яригъащIэрт. Зи Iэ ижьыр гъуа
лIы гуэр абы щIэтт. [7]Щэбэт махуэм Хьисэ а лIыр игъэхъужынрэ
имыгъэхъужынрэ, торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ фарисейхэмрэ
кIэлъыплъырт, зэрагъэкъуэншэн щхьэусыгъуэ гуэр къагъуэтын
щхьэкIэ. [8]Ауэ абыхэм я гум илъыр ищIэрти, Хьисэ зи Iэр гъуа
лIым жриIащ:

– Къэтэджи, мы утыкум къиувэ.

Къэтэджыри, лIыр утыкум къиуващ. [9]Хьисэ абыхэм яжриIащ
итIанэ:

– Сэ сынывоупщI, щэбэт махуэм фIы пщIэныра хьэмрэ Iей
пщIэныра хабзэм къезэгъыр, псэр мыкIуэду къебгъэлыныра,
хьэмрэ бгъэкIуэдыныра хабзэр?

[10]Псоми яхэплъэри, а лIым жриIащ итIанэ:

– Уи Iэр къэший!

ЛIым и Iэр къишийри, адрей Iэм хуэдэу хъужащ. [11]Ауэ ахэр
хуабжьу губжьауэ, Хьисэ мыхъумыщIагъэу иращIэнумкIэ зэчэн-
джэщащ.

*Хьисэ апостол пщыкIутIыр къызэрыхихар*
*(Маттэ 10:1-4; Марк 3:13-19)*

[12]Тхьэм елъэIун щхьэкIэ, Хьисэ Iуащхьэм дэкIуеящ а махуэ-
хэм. Тхьэм елъэIуурэ, жэщ псор абы щигъэкIуащ. [13] Нэху зэры-
щу, и гъуэгу ирикIуэхэр къриджэщ, абыхэм ящыщ цIыху
пщыкIутI къыхихри, апостол* яфIищащ. А апостолхэр мы-
хэращ: [14] Симону Хьисэ етIуанэ цIэуэ Петр зыфIищар; абы и
къуэш Индрис; итIанэ Екъуб, Иуан, Филипп, Варфоломей,
[15]Маттэ, Фомэ, Алфей и къуэ Екъуб, «зи къэралым гурэ псэкIэ
хуэлажьэкIэ» зэджэ Симон,* [16] Екъуб и къуэ Иудэ, Иудэ Иска-
риот. А Иудэ Искариотырщ иужькIэ Хьисэ къепцIыжу тепщэ-
ныгъэ зиIэхэм езыгъэубыдар.

---

6:13 апостол – еплъ Маттэ 10:2.

6:15 зи къэралым гурэ псэкIэ хуэлажьэкIэ зэджэ Симон – еплъ Маттэ 10:4.

### *Хьисэ цIыхухэр Тхьэм и псалъэхэм иригъэдаIуэу, ахэр игъэхъужу зэрыщытар*
(Маттэ 4:23-25)

17 Абыхэм я гъусэу Iуащхьэм къехыжри, Хьисэ сэтейм къы-
щыувыIащ. И гъуэгу ирикIуэхэм ящыщу гупышхуэ абдежым
щытт. Абыхэм нэмыщIуи, цIыху гупышхуэ Иудей хэку псоми,
Ерусалими, къалэхэу Тиррэ Сидонрэ зыIут хы Iуфэхэми къикIы-
урэ абдежым къыщызэхуэсащ. 18 Хьисэ жиIэхэм едэIуэну икIи
я узыфэхэр ирагъэгъэхъужыну къэкIуат а псори. Жин бзаджэ-
хэм гугъу ирагъэхьу щытахэри игъэхъужырт Хьисэ. 19 Сымад-
жэ псори зыгъэхъужыф къару и пкъым къыхэкIыу зэрыщытам
щхьэкIэ, цIыху псори хущIэкъурт Хьисэ зэреIусэным.

### *Гъуэгу махуэ теувахэмрэ гъуэгу мыгъуэ теувахэмрэ*
*(Маттэ 5:1-12)*

20 И гъуэгу ирикIуэхэм яхэплъэри, Хьисэ жиIащ:

Фэ, тхьэмыщкIэхэр,
гъуэгу махуэ фытеуващ,
Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм* фыщIэтщи.
21 Фэ, иджы мэжэщIалахэр,
гъуэгу махуэ фытеуващ ,
зывгъэнщIыжынущи.
Фэ иджы пыхьэхэр,
гъуэгу махуэ фытеуващ ,
фыгуфIэжынущи.
22 Гъуэгу махуэ фытеуващ,
ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм* и гъуэгу
фызэрырикIуэм щхьэкIэ
цIыхухэр фэ жагъуэгъу къыфхуэхъумэ,
фызыхагъэкIмэ, къыфхуэхъущIэмэ,
икIи фи цIэр ягъэпудмэ.

23 – А махуэм фыгуфIэ, фыгуфIэурэ фыдэпкIей, Тхьэм уафэм
къыщыфхуигъэфэщэну IыхьэфIыр инщи. А цIыхухэм я адэжь-
хэр бегъымбархэм апхуэдэу дызекIуэу щытащ.

---

6:20 Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр – еплъ Маттэ 3:2.

6:22 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр – еплъ Маттэ 8:20.

24 – фэ, бейхэр,
гъуэгу мыгъуэ фытеуващ,
фигухэр зыгъэзагъэ Iуэхугъуэхэр вгъуэтакIэщи.
25 фэ иджы зызыгъэнщIахэр,
гъуэгу мыгъуэ фытеуващ,
фымэжэлIэжынущи.
Фэ, иджы гуфIэхэр,
гъуэгу мыгъуэ теуващ,
фыгъыжынущ икIи фыпыхьэжынущи.
26 Гъуэгу мыгъуэ фытеуващ,
цIыху псори къыфщытхъумэ,
а цIыхухэм я адэжьхэм бегъымбар нэпцIхэм
апхуэдэу иращIауэ щыташи.

### *Фи бийхэр фIыуэ флъагъу*
*(Маттэ 5:38-48; 7:12а)*

27 – Ауэ фэ, сэ къызэдэIуэхэм, нывжызоIэ: Фи бийхэр фIыуэ
флъагъу, фыкъэзылъагъу мыхъухэми фIы яхуэфщIэ. 28Къы-
вэбгхэм Тхьэм и нэфI къащыхуэну фахуелъэIу, лей къыфкIэлъы-
зезыхьэхэм Тхьэм фIыкIэ фахуелъэIу. 29Уи зы нэкIум къеуэм
адрей уи нэкIури хуэгъазэ. Уи щыгъын щIыIутелъыр птезы-
хым джанэри къыхуэгъанэ. 30Хэтми, зыгуэркIэ къолъэIум ет!
Уи хьэпшыпхэр птезыхми «Къызэтыж» жумыIэ. 31ЦIыхухэр фэ
къыфхущытыну фызэрыхуейм хуэдэу, фэри абыхэм фахущыт.
32– ФIыуэ фыкъэзылъагъухэм фIэкIа зыри фIыуэ фымылъа-
гъужмэ, фэркIэ сыт хуэдэ фIыщIэ абы хэлъыр? ГуэныхьщIакIуэ-
хэми фIыуэ къэзылъагъухэр ялъагъужыркъэ? 33ФIы къыфхуэ-
зыщIэхэм фIы яхуэфщIэжкIэ, фэркIэ сыт хуэдэ фIыщIэ абы
хэлъыр? ГуэныхьщIакIуэхэми аракъэ ящIэр? 34КъыватыжынкIэ
фызыщыгугъхэм щIыхуэ ефткIэ, фэркIэ сыт хуэдэ фIыщIэ абы
хэлъыр? ГуэныхьщIакIуэхэми адрей гуэныхьщIакIуэхэм щIыхуэ
ират, езыхэм абыхэм иратам хуэдиз къыIахыжынкIэ щыгугъыу.
35Фи бийхэр фIыуэ флъагъу, абыхэм фIы яхуэфщIэ, къыфхуащIэ-
жынкIэ фащымыгугъыу щIыхуэ ефт. Апхуэдэу фщIымэ, Тхьэм
къыфхуигъэфэщэну Iыхьэфlыр ин хъунущ, Тхьэуэ Лъагэм и
быну фыщытынущ; фIыр зыхуэдэр зыгурымыIуэ цIыхухэми,
цIыху бзаджэхэми Тхьэр фIыуэ яхущытщи. 36Фи Адэ лъапIэм
гущIэгъу зэриIэм хуэдэу, фэри гущIэгъу зивгъыIэ.

*Хьэкум зыми тевмыщIыхь*
*(Маттэ 7:1-5)*

[37]– Хьэкум* зыми тевмыщIыхьи, Тхьэми хьэкум фэ къыфт-
рищIыхьынукъым. Зыри фымыгъэкъуанши, Тхьэми фигъэ-
къуэншэнукъым. ЦIыхухэм яхуэвгъэгъу, Тхьэм фэри къыфхуи-
гъэгъунущ. [38]ЦIыхухэм фетэмэ, Тхьэри фэ къывэтэнущ. Фи пща-
лъэр зэщыхъу хъуауэ, иубауэ, изу, щхьэIум къыщхьэпрылъэлъу,
Тхьэм къыфхуищIэжынщ; фэ зэрыфпщ пщалъэм хуэдэ дыдэкIэ
Тхьэм фэ къыфхуипщыжынущи.

[39]Хьисэ псалъэжь гуэр яжриIащ итIанэ:

– Зы нэфым адрей нэфыр ишэн лъэкIыну? Мащэм ихуэнукъэ
тIури? [40]ЕджакIуэр езыгъаджэм нэхърэ нэхъ инкъым, ауэ псори
зригъэщIа нэужь, езыгъаджэм хуэдэ мэхъу хэти.

[41]– Уи нэм щIэлъ бжэгъум гу лъумытэу, уи къуэшым* и нэм
щIэлъ пхъэласкIэр щIэплъагъур сыт? [42]Уи нэм щIэлъ бжэгъур
умылъагъуу, уи къуэшым дауэ жепIэфрэ, «Си къуэш, уи нэм
щIэлъ пхъэласкIэр къыщIэзгъэх?» жыпIэу. Уэ, бзитIщхьитI, уи
нэм щIэлъ бжэгъур къыщIэхыж япэщIыкIэ, уи къуэшым и нэм
щIэлъ пхъэласкIэр къызэрыщIэпхынур Iупщ хъунщ итIанэ.

*Жыгыр зыхуэдэр къыпыкIэмкIэ пщIэнущ*
*(Маттэ 7:17-20; 12:34б-35)*

[43]– ЖыгыфIым Iей къыпыкIэркъым, жыг Iейми фIы къыпы-
кIэркъым. [44]Дэтхэнэ жыгри зыхуэдэр къыпыкIэмкIэ къэпщIэ-
нущ. Пыжьей жыгым ахъуо, кхъуэбанэми жызум къыпачыр-
къым. [45]ЦIыхуфIым игу илъ фIыгъуэм фIыгъуэр къыдокIуэ,
цIыху бзаджэми игу илъ бзаджагъэм бзаджагъэр къыдокIуэ;
жьэм къыжьэдэкIыр гум илъырщи.

*УхуакIуэ губзыгъэмрэ ухуакIуэ акъылыншэмрэ*
*(Маттэ 7:24-27)*

[46]– «Зиусхьэн! Зиусхьэн!» жыфIэурэ, сыт къыщIызжефIэр, сэ
жысIэр щывмыгъэзащIэкIэ? [47]Си деж къакIуэу, си псалъэхэр
зэхихыу ахэр зыгъэзащIэ дэтхэнэри зыхуэдэр нывжесIэнщ. [48]Ар

---

6:37 хьэкум – «суд».

6:41 уи къуэш – зы дин итхэр зэкъуэш мэхъу.

зыхуэдэр щIыр кууuэ къэзытIу, унэ лъабжьэр мывэ быдэм
тезыщIыхьа ухуакIуэрщ. Псышхуэр къыщиум, толъкъунхэр а
унэм жьэхэуащ, ауэ а унэр быдэу ящIати, ягъэхъеин ялъэкIа-
къым. [49]Си псалъэхэр зэхихыу ахэр зымыгъэзащIэр зыхуэдэр
зи унэр, лъабжьэ быдэ имыIэу, щIы щхьэфэм тезыщIыхьарщ.
Толъкъунхэр къызэрыжьэхэуэу а унэр къызэтещэхащ. Къызэ-
тещахэри, къиуэжащ а унэр.

# 7-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Дзэ пашэм и унэIутыр Хьисэ зэригъэхъуэжар*
*(Маттэ 8:5-13; Иуан 4:43-54)*

А псалъэ псоми цIыхухэр иригъэдэIуа нэужь, Хьисэ Капер-
наум къалэм дыхьащ. [2]Дзэ пашэ гуэрым фIыуэ илъагъу унэIут
иIэт. А унэIутыр лIэн гъунэгъу хъуауэ сымаджэт. [3]Дзэ пашэм,
Хьисэ и хъыбарыр щызэхихым, ар къакIуэу и унэIутыр игъэхъу-
жыну журтхэм я нэхъыжьхэм* ящыщ гуэрхэр лъэIуакIуэ
игъэкIуащ. [4]Хьисэ деж къакIуэри, хуабжьу къелъэIуащ ахэр:

– Уэ ар абы хуэпщIэну хуэфащэщ, [5]абы ди лъэпкъыр фIыуэ
елъагъу, ди синэгуэгури тхуиухуащи.

[6]Абыхэм я гъусэу кIуащ Хьисэ.

Дзэ пашэм и унэм пэгъунэгъу щыхъум, абы и ныбжьэгъухэр
къыпригъажьэри, Хьисэ къажрыригъэIащ:

– Зи щIыхь ин, гугъу зумыгъэхь, си унэм уэ унызщIыхьэну сэ
схуэфащэкъым. [7]Ар зэрысхуэмыфащэм щхьэкIэ, уи деж си
щхьэкIэ сынэкIуэнуи сытегушхуакъым. Ауэ зы псалъэ закъуэ
жыIэ, унафэ щIыи, си унэIутыр хъужынщ. [8]Сэри цIыху гуэрым
и унафэм сыщIэтщ, си унафэми зауэлIхэр щIэтщ. Зыгуэрым
«КIуэ» жесIэмэ, кIуэнущ. Адрейм «КъакIуэ» жесIэмэ, къэкIуэ-
нущ. «Мыр щIэ» жесIэмэ, си унэIутми ищIэнущ.

[9]Ар щызэхихым, а лIыр игъэщIэгъуащ Хьисэ икIи и ужь ит
цIыху гупышхуэм захуригъэзэкIри яжриIащ:

– Сэ нывжызоIэ, мыпхуэдэ фIэщхъуныгъэ зиIэ цIыху гуэри
Израил къэралым изгъуэтакъым.

---

7:3 нэхъыжьхэр – еплъ Маттэ 16:21.

10 Унэм ягъэзэжри, унэIутыр хъужауэ ирихьэлIэжащ лIыкIуэ-
хэр.

*Наин къалэм щыщ фызабэм и щIалэ лIар*
*Хьисэ къызэригъэтэджыжар*

11Хьисэ Наин къалэм кIуэну ежьащ абы и ужькIэ. И гъуэгу
ирикIуэхэри цIыху гупышхуи и гъусэт абы. 12Куэбжэм щынэ-
сым, хьэдэ къыдахыу IущIащ. Ар фызабэ гуэрым и къуэ за-
къуэрт. А къалэм щыщ цIыху куэд и гъусэт фызабэм. 13Зиусхьэ-
ным фызабэр щилъагъум, игу щIэгъури жриIащ:

– Умыгъ, ди анэ!

14Пхъэмбейм бгъэдыхьэри, абы теIэбащ итIанэ. Хьэдэр зы-
хьхэр къэувыIащ. Хьисэ жиIащ:

– Си щIалэ, уэ бжызоIэ, къызэфIэувэ.

15ЩIалэ лIар къэтэджыжри, псалъэу щIидзащ, Хьисэи ар и
анэм иритыжащ.

16ЦIыхухэр зэрыгъэщтэжащ абдежым икIи Тхьэм щIыхь
хуащIу жаIащ:

– Бегъымбарышхуэ къытхэкIащ. Тхьэр и лъэпкъым нэфIкIэ
къеплъащ.

17Аращи, Хьисэ ищIам и хъыбарыр Иудей хэку псоми абы и
Iэхэлъахэ псоми щызэлъащIысащ.

*УмэхъакIуэ Иуан лIыкIуэхэр Хьисэ деж зэригъэкIуар*
*(Маттэ 11:2-19)*

18Иуан и гъуэгу ирикIуэхэм а псори хуаIуэтэжащ абы. 19Иуан
абыхэм ящыщ цIыхуитI къриджэри, Хьисэ деж игъэкIуащ:

– Уэра къэкIуэн хуейр, хьэмэрэ нэгъуэщI гуэрым дыпэплъэн
хуей? – жаIэу еупщIын щхьэкIэ.

20Хьисэ деж щынэсым, а тIум жаIащ:

–ДыноупщIыну умэхъакIуэ Иуан уи деж дыкъигъэкIуащ:
«Уэра къэкIуэн хуейр, хьэмэрэ нэгъуэщI гуэрым дыпэплъэн
хуей?» жиIэри.

21А зэманым сымаджэ куэди, узыфэ Iей зэфыкI куэди, жин
бзаджэм иIыгъ цIыху куэди Хьисэ игъэхъужырт. ЦIыху нэф
куэди къигъэплъэжырт.

22– Вгъэзэжи, – яжриIащ Хьисэ лIыкIуэхэм, – флъэгъуамрэ
зэхэфхамрэ Иуан хуэфIуэтэж: Нэфхэр къоплъэж, лъашэхэр
тэрэзу зекIуэ, уэшын уз зыпкърытхэр узыншэ, дэгухэм зэхах
мэхъуж, лIахэр къотэджыж, тхьэмыщкIэхэм хъыбарыфIыр
къалъоIэс. 23Гъуэгу махуэ теуващ зи гум мыхъун сэр щхьэкIэ
къэзымыгъэкIыр.

24Иуан и лIыкIуэхэр ежьэжа нэужь, Хьисэ цIыху гупышхуэхэм
Иуан теухуауэ яжриIэу щIидзащ:

– Губгъуэ нэщIым фыщихьам, сыт флъагъуну фи гугъар?
Жьым игъэщэнауэ къамыл флъагъун фи гугъа? 25Армырамэ,
сыт флъагъун фи гугъар, абы фыщихьам? Дахэу хуэпа цIыху
гуэрт? Дахэ дыдэу хуэпауэ, къулейуэ псэухэр зыщIэсыр пащ-
тыхьхэм я унэшхуэхэрщ. 26АтIэ, сыт флъагъун фи гугъар, абы
фыщихьам? Бегъымбарырат? Сэ нывжызоIэ, ар бегъымбар
къудейкъым, ар бегъымбарым нэхърэ нэхъ лъапIэщ. 27Ар Тхьэм
и псалъэу тхахэм зи хъыбар* мыпхуэдэу яхэт лIыкIуэрщ:

«Мис, сэ си лIыкIуэр уяпэ къыхуэу нэзгъэкIуэнурэ,
абы уи гъуэгур пхуигъэпсынущ».

28 – Сэ нывжызоIэ, цIыхубзхэм къалъхуахэм щыщу умэ-
хъакIуэ Иуан нэхърэ нэхъ лъапIэ щыIэкъым. Апхуэдэу щыт
пэтми, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм щIэт цIыхухэм я нэхъ цIыкIу-
ри Иуан нэхърэ нэхъ лъапIэщ.

29Хьисэ и псалъэм къедаIуэу щыт цIыху псоми, хьэкътын
ахъшэр* хэзыххэри абыхэм яхэту, Тхьэм и псалъэхэр захуэу
ялъытащ. Ахэращ Иуан зезыгъэумэхъар. 30Ауэ фарисейхэмрэ
торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ ящIэн хуейуэ Тхьэм фIэзахуэр
ялэжын ядакъым. Иуан зезыгъэумэхъын зымыдар ахэращ.

31– Иджырей цIыхухэр сытым езгъэщхьын? – жиIащ Хьисэ.
– Сыт ахэр зыхуэдэр? 32Уэрамым тесу, зыр адрейм еджэурэ,
мыпхуэдэу жызыIэ щIалэхэм ещхьщ:

«Бжьамийхэм дыфхуепща пэтми,
фэ фыкъэфакъым;
дэ гъыбзэ уэрэд фхужытIа пэтми,
фэ фыгъакъым».

33– Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ умэхъакIуэ Иуан къэкIуащ. Абы
щIакхъуэ ишхыркъым, фади ефэркъым. «Ар жин бзаджэм

7:27 Тхьэм и псалъэу тхахэм зи хъыбар – еплъ Малахие бегъымбарым и тхылъым 3:1.

7:29 хьэкътын ахъшэр – еплъ Маттэ 5:46.

иIыгъщ», жывоIэ. 34ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр къэкIуащ. Ар
машхэ икIи йофэ. «Ешхэн-ефэныр зи щIасэу, хьэкътын ахъшэр
хэзыххэмрэ гуэныхь зыщIэхэмрэ я ныбжьэгъущ», жывоIэ.
35Тхьэм и акъылыфIагъэр зыщта цIыху псоми а акъылыфIагъэр
ягъэщыпкъэ.

*Гуэныхь зыщIэ цIыхубз псэжь гуэрым*
*и гуэныхьхэр Хьисэ зэрыхуигъэгъуар*

36Фарисейхэм ящыщ гуэрым Хьисэ игъэшхэну иригъэ-
блэгъащ. Фарисейм и унэм щIыхьэри, Хьисэ Iэнэм пэрытIыс-
хьащ. 37Къалэм щыщ гуэныхьыщIэ цIыхубз псэжь гуэрым Хьисэ
фарисейм и унэм щышхэну зэреблэгъар къищIащ. Алавастрэ
зи цIэ мывэм къыхэщIыкIауэ, зы барщыбэ, дагъэ лъапIэ иту,
къыздихьри къэкIуащ ар. 38Хьисэ и щIыбагъкIэ къыщыбгъэды-
хьэри, апхуэдизкIэ хуабжьу гъати, и нэпсхэмкIэ Хьисэ и лъа-
къуэхэр псыф ищIащ. Абы и щхьэцымкIэ Хьисэ и лъакъуэхэр
илъэщIыжащ, и лъакъуэхэм ба яхуищIащ, дагъэ лъапIэм щыщи
щихуащ.

39Хьисэ къезыгъэблэгъа фарисейм ар щилъагъум, игукIэ
жиIащ:

– Мыр бегъымбару щытатэмэ, мы къеIуса цIыхубзыр зы-
хуэдэр, ар гуэныхьыщIэ цIыхубз псэжьу зэрыщытыр къищIэнт.

40– Симон, зыгуэр ныбжесIэнщ, – жриIащ Хьисэ а лIым.

– КъызжеIэ, дин егъэджакIуэ, – жэуап иритыжащ Симон.

41– ЩIыхуэ зыт лIы гуэрым и щIыхуэ цIыхуитIым ятелът,
зым динар* щитху, адрейм тхущI, – жиIащ Хьисэ. 42– Ауэ
щIыхуэр япшыныжын щалъэмыкIым, тIуми яхуигъэгъуащ.
АтIэ къызжеIэ, а тIум ящыщу дэтхэнэра щIыхуэ зыт лIыр нэ-
хъыфIу зылъагъунур?

43– СызэригугъэмкIэ, нэхъыбэ зыхуигъэгъуаращ, – жиIащ
Симон.

– КъэпщIащ, – жиIащ Хьисэ.

44ЦIыхубзым дежкIэ зигъазэри, Хьисэ Симон жриIащ итIанэ:

– Мы цIыхубзыр плъагъурэ? Уи унэм сыкъыщыщIыхьэм, си
лъакъуэхэр иристхьэщIыну уэ псы къызэптакъым, ауэ мы
цIыхубзым и нэпсхэмкIэ си лъакъуэхэр псыф ищIри, и щхьэ-
цымкIэ илъэщIыжащ. 45Уэ ба къысхуэпщIакъым, сэ унэм

---

7:41 динар – а зэманым ар лэжьакIуэм и махуэ лэжьапщIэу щытащ.

сыкъызэрыщIыхьэрэ мы цIыхубзым си лъакъуэхэм зэпымыууэ
ба къыхуещI. [46]Си щхьэм дагъэ къыщыпхуакъым, мыбы си
лъакъуэхэм дагъэ лъапIэр къащихуащ. [47]Абы къыхэкIкIэ уэ
ныбжьызоIэ, фIылъагъуныгъэшхуэ игу илъщи, абы и гуэныхь
куэдыр къыхуэгъуащ. Ауэ мащIэу зыхуэгъуам игу фIылъагъуныгъэ мащIэщ илъыр.

[48]Хьисэ цIыхубзым жриIащ итIанэ:

– Уи гуэныхьхэр къыпхуэгъуащ.

[49]Адрей хьэщIэхэм ягукIэ жаIащ итIанэ:

– Хэт гуэныхьхэр зыгъэгъу мы лIыр?

[50]Хьисэ цIыхубзым жриIащ:

– Уи фIэщхъуныгъэм умыкIуэду укъригъэлащ. Гъуэгу махуэ. Уигу ирезагъэ.

# 8-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьисэ и гъуса цIыхубзхэр*

Абы и ужькIэ, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм* теухуа хъыбарыфIыр цIыхухэм яхуиIуатэурэ, Хьисэ къалэхэри жылэхэри къызэхикIухьащ, и гъуэгу ирикIуэ цIыху пщыкIутIыр и гъусэу. [2]Жин
бзаджэхэр яхихужауэ икIи я узыр ящхьэщихауэ цIыхубз гуэрхэри и гъусэт: Магдалэ жылэм щыщ Мэриему Хьисэ жин
бзаджибл зыхихужыгъар, [3]пщы Ирод* и унэзехьэу Хузэ зи цIэм
и фыз Иуаннэ, Сусаннэ, нэгъуэщI куэди. А цIыхубзхэр я мылъкумкIэ Хьисэрэ абы и гъуэгу ирикIуэхэмрэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъурт.

*Жылэ зысэм теухуа ущие хъыбарыр*
*(Маттэ 13:1-9; Марк 4:1-9)*

[4]Дэтхэнэ жылэми къикIыурэ цIыху гупышхуэ къызэхуэсауэ, цIыхухэр Хьисэ деж къыщекIуалIэм, мы ущие хъыбарыр абыхэм яхуиIуэтащ:

---

8:1 Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр – еплъ Маттэ 3:2.

8:3 пщы Ирод – еплъ 3:1.

[5]–Жылэ исэну лIы гуэр дэкIащ. Здисэм, жылэм щыщ гъуэ-
гум телъэлъащ. ЦIыхухэм ар лъэгукIэ хаутэри, къуалэбзухэм
ящыпащ. [6]ЩIы мывалъэми хэлъэлъащ жылэм щыщ. Ахэр
къыщыхэкIри, псы зэрамыгъуэтым щхьэкIэ, гъужащ. [7]А жылэ
дыдэм щыщ банэхэм хэлъэлъащ. Банэхэм абыхэм щIыгъуу
зыкъаужьри, жылэм къикIыкIар банэхэм ятхьэлащ. [8]А жылэм
щыщ щIыгулъ фIыцIэми хэлъэлъащ. Ахэр къэкIри, щхьэ-
мыжхэр къапыкIащ, зы гуэдз хьэдзэр гуэдз хьэдзищэ хъуащ.
Ар жиIа нэужь, макъышхуэкIэ щIигъужащ Хьисэ:
– ИридэIуэну тхьэкIумэ зиIэр иредаIуэ.

### *Ущие хъыбархэр Хьисэ цIыхухэм щIахуиIуэтар*
*(Маттэ 13:10-17; Марк 4:10-12)*

[9]И гъуэгу ирикIуэхэр къеупщIащ Хьисэ:
– Мы ущие хъыбарым сыт къикIыр?
[10]– Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм и щэхухэр фщIэну абы хуиты-
ныгъэ къывитащ фэ, – жиIащ Хьисэ, – ауэ нэгъуэщI цIыхухэм
ущие хъыбархэмкIэ сопсалъэ. Аращи,*

«еплъ пэтми, абыхэм ялъагъунукъым,
даIуэ пэтми, къагурыIуэнукъым».

### *Жылэр зысэм теухуа ущие хъыбарым къикIыр*
*(Маттэ 13:18-23; Марк 4:13-20)*

[11]– Ущие хъыбарым къикIыр мыращ: Жылэр Тхьэм и пса-
лъэрщ. [12]ЦIыхухэм ящыщ зы гупыр гъуэгум телъэлъа жылэм
хуэдэщ. Ахэрщ Тхьэм и псалъэхэр зэхэзыххэр, ауэ шейтIаныр
къакIуэм, абыхэм фIэщхъуныгъэ яримыгъэгъуэтурэ, а псалъэ-
хэр я гум ирехыж, Тхьэм ахэр къримыгъэлын щхьэкIэ. [13]Адрей
цIыху гупыр мывалъэм хэлъэлъа жылэм хуэдэщ. Ахэрщ Тхьэм
и псалъэхэр зэрызэхахыу а псалъэхэр щыгуфIыкIыурэ зыщтэр,
ауэ абыхэм лъабжьэ яIэкъым. ФIэщхъуныгъэм и гъуэгу куэдрэ
теткъым. Я фIэщхъуныгъэм и щыпкъагъэр гъэунэхуа щыхъу-

8:10 Аращи – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 6:9-10.

кIэ, фIэщхъуныгъэм и гъуэгу токIыж. [14]НэгъуэщI цIыху гупыр
банэхэм яхэлъэлъа жылэм хуэдэщ. Ахэрщ Тхьэм и псалъэхэр
зэхэзыххэр, ауэ мы дунейм щызекIуэ гугъуехьхэмкIи, беягъэм-
кIи, гъащIэм и тхъэгъуэхэмкIи хуэм-хуэмурэ зрагъэтхьэлэ.
Абыхэми фIыгъуэ къапыкIыркъым. [15]НэгъуэщI цIыху гупыр
щIыгулъ фIыцIэм хэлъэлъа жылэм хуэдэщ. Ахэрщ фIыгъуэрэ
щыпкъагъэрэ зи гум илъу, Тхьэм и псалъэхэр зэхэзыхыу зыубы-
дыр. Теубыдэныгъэ яIэщ икIи фIыгъуэ къапокI абыхэм.

Ар жиIа нэужь, макъышхуэкIэ щIигъужащ Хьисэ:

– ИридэIуэну тхьэкIумэ зиIэр иредаIуэ.

### *Пэгун щIагъым щIэт уэздыгъэр*
*(Марк 4:21-25)*

[16]– Уэздыгъэ пигъанэу, пэгун щIагъым е гъуэлъыпIэ щIагъым
щIигъэувэркъым зыми, атIэ унэм къыщIыхьэхэм уэздыгъэ нэхур
ялъагъун щхьэкIэ, ар тегъэувапIэ лъагэм трегъэувэ. [17]Сыт щхьэ-
кIэ жыпIэмэ къыщIэмыщыну гъэпщкIуауэ зыри щыIэкъым, цIы-
хухэм къамыщIэну икIи нахуэ мыхъужыну щIэхъумауэ зыри
щыIэкъым. [18]Аращи, фызэрыдаIуэ щIыкIэм фыкIэлъыплъыж.
Ар хэти ирехъу, зиIэм нэхъыбэ къритынущ Тхьэм, ауэ зыри
зимыIэм иIэу и гугъэри Iихыжынущ абы.

### *Хьисэ и анэмрэ и къуэшхэмрэ*
*(Маттэ 12:46-50; Марк 3:31-35)*

[19]Хьисэ и анэмрэ и къуэшхэмрэ езым деж къэкIуащ, ауэ цIы-
хур Iувти, къыбгъэдыхьэфакъым. [20]Апхуэдэу щыхъум, Хьисэ
хъыбар кърагъэщIащ:

– Уи анэмрэ уи къуэшхэмрэ укъалъагъуну хуейуэ пщIантIэм
дэтщ, – жаIэри.

[21]– Тхьэм и псалъэхэр зэхэзыхыу зыгъэзащIэхэращ сэ си анэри
си къуэшхэри, – яжриIащ Хьисэ.

### *Хьисэ борэнышхуэр зэригъэувыIар*
*(Маттэ 8:23-27; Марк 4:35-41)*

[22]Махуэ гуэрым, и гъуэгу ирикIуэхэр и гъусэу, Хьисэ кхъуа-
фэжьейм итIысхьэри, яжриIащ:

– ФынакIуэ, гуэлым дызэпрывгъэкI.

Арати, ежьащ. 23Кхъуафэжьейм ису здэкIуэм, Хьисэ Iурихащ.
Гуэлым борэнышхуэ къыщыхъейщ, кхъуафэжьейм псы из хъууэ
хуежьэри, шынагъуэшхуэм хэхуащ.
24Апхуэдэу щыхъум, ахэр Хьисэ къыбгъэдыхьэщ, къагъэ-
ушри, жаIащ:

– Гъуазэ, гъуазэ, докIуэд.

Хьисэ къызэфIэувэщ, борэнышхуэми толъкъунхэми егийри,
зэтригъэувыIащ, щыми хъужащ. 25Абыхэм яжриIащ итIанэ:

– Фи фIэщхъуныгъэр дэнэ щыIэ?

– Хэт мыр? Жьыми псыми унафэ яхуещIри, егъэдаIуэ, – шы-
нэрэ ягъэщIагъуэу зэупщIэжащ ахэр.

### *Жин бзаджэ куэдым яIыгъ лIы гуэр Хьисэ зэригъэхъужар*
*(Маттэ 8:28-34; Марк 5:1-20)*

26Галилей хэкум къыпэщылъ хэкуу Гадарэ зи цIэ къалэр зэ-
рытым кхъуафэжьеймкIэ нэсащ ахэр. 27Кхъуафэжьейм къикIыу,
Хьисэ псы Iуфэм щытехьэм, къалэм щыщу, жин бзаджэхэм
яIыгъ лIы гуэр къыпежьащ. А лIым куэд щIауэ щыгъын щы-
гъыжтэкъым, унэм щыпсэужтэкъым, атIэ кхъэлэгъунэхэм хэст.
28Хьисэ щилъагъум, и лъабжьэм зыщIидзэри, макъышхуэкIэ
къэгуоурэ жиIащ абы:

– Хьисэ, Тхьэуэ Лъагэм и Къуэ, уи Iуэхуу сыт къысхэлъыр?
СынолъэIу, гугъу сумыгъэхь!

29Ар щIыжиIар а лIыр зыIыгъ жин бзаджэр хэкIыжыну Хьисэ
унафэ хуищIати, аращ. Жин бзаджэхэм куэдрэ гугъу ирагъэхьат
ар. ЦIыхухэм а лIым гъущI Iэхъулъэхъу иралъхьэри, яхъумэу
яIыгъат. АрщхьэкIэ абы Iэхъулъэхъур зэпиудри, а лIыр губгъуэ
нэщIым ирихуат жин бзаджэм.

30– Уи цIэр сыт? – еупщIащ а лIым Хьисэ.

– Си цIэр дзэщ, – жиIащ абы. Ар щIыжиIар жин бзаджэ
куэд хыхьауэ хэсти, аращ. 31Жин бзаджэхэр Хьисэ къелъэIуащ
щIым и кууупIэу щIэ зимыIэм кIуэну унафэ яхуимыщIыну.

32А щIыпIэ дыдэм кхъуэ хъушэшхуэ Iуащхьэ джабэм
щыхъуакIуэрт. Жин бзаджэхэр Хьисэ къелъэIуащ а кхъуэхэм
я пкъхэм хыхьэну хуит ищIыну. Хьисэ ахэр хуит ищIащ.
33Асыхьэтым жин бзаджэхэр лIым хэкIыжри, кхъуэхэм я пкъхэм
хыхьащ. Кхъуэ хъушэшхуэр Iуащхьэ джабэм къежэхщ, гуэлым
хэлъадэри, псым псори итхьэлащ.

34 Кхъуахъуэхэр щIэпхъуэжри, къэхъуар къалэми жылэхэми
щаIуэтэжащ. 35 Къэхъуар зрагъэлъагъуну, цIыхухэр дэкIащ.
Ахэр Хьисэ деж къыщыкIуэм, жин бзаджэхэр зыхэкIыжа лIыр
хуэпауэ, и акъыл къихьэжауэ, Хьисэ и лъапэм деж щысу ири-
хьэлIащ. Ар щалъагъум, хуабжьу къэшынащ. 36 Къэхъуар зы-
лъэгъуа цIыхухэм жин бзаджэхэр зыхэса лIыр Хьисэ зэригъэ-
хъужар яIуэтэжащ. 37 Абдеж Гадарэ щыщ цIыху псори Хьисэ
къелъэIуащ я хэкур ибгынэну, шынагъуэшхуэм зэщIищтати.
Арати, Хьисэ кхъуафэжьейм итIысхьэжащ ежьэжыну.

38 Хьисэ кхъуафэжьейм итIысхьэжрэ пэт, жин бзаджэхэр къы-
зыхэкIыжа лIыр къелъэIуащ:

– Уи гъусэу сыздэшэ, – жиIэри.

39 – Уи унэм кIуэжи, Тхьэм къыпхуищIа фIыгъуэшхуэр ули
цIыхухэм яжеIэ, – жриIащ Хьисэ а лIым. ИтIанэ иутIыпщыжащ.
ЛIыр кIуэжри, Хьисэ къыхуищIа фIыгъуэшхуэр къалэм щиIуэ-
тэжащ.

### *Иаир зи цIэм ипхъу лIар Хьисэ къызэригъэтэджыжар; и щыгъын кIапэм къеIуса цIыхубзыр Хьисэ зэригъэхъужар*

*(Маттэ 9:18-26; Марк 5:21-43)*

40 Хьисэ къыщигъэзэжым, цIыху гупышхуэ къыпежьащ, цIыху
псори абы пэплъэрти. 41 Иаир зи цIэ синэгуэгу пашэ гуэр къа-
кIуэщ, Хьисэ и лъабжьэм зыщIидзэри къелъэIуащ: «Си унэм
накIуэ», жиIэри. 42 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ илъэс пщыкIутI хуэдиз
зи ныбжь ипхъу закъуэр, и псэ пыт къудейуэ, сымаджэу хэлът.

Арати, Хьисэ Иаир и унэм щыкIуэм, цIыху гупышхуэр къыте-
зэрыгуащ. 43 А цIыхухэм цIыхубз гуэр яхэтт. Илъэс пщыкIутI
хъуауэ, абы лъы щIэкIыурэ куэдрэ игъэгуIэрт. Мылъкуу иIа
псори дохутырхэм ятригъэкIуэдат, ауэ зыми игъэхъужын хузэ-
фIэкIатэкъым. 44 А цIыхубзыр, Хьисэ и щIыбагъымкIэ къыщыб-
гъэдыхьэри, и щыгъын кIапэм къеIусащ. Абы зэреIусэу, лъы
щIэкIыныр увыIащ.

45 – Хэт къызэIусар? – жиIащ Хьисэ.

Зыми зыщамыумысым, Петр жиIащ:

– Гъуазэ, цIыхухэм укъаувыхьауэ къызэрыптезэрыгуэр плъа-
гъуркъэ?

46 – Сэ зыгуэр къызэIусащ, – жиIащ Хьисэ. – Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ къару зэрысхэкIар зыхэсщIащи.

47 ЦIыхубзыр зибзыщIыну Iэмал зэримыIэжыр къыщы-
гурыIуэм, кIэзызу къыIухьэщ, Хьисэ и лъабжьэм зыщIидзэри,
къыщIеIусари асыхьэтым зэрыхъужари цIыху псоми я пащхьэм
щыжиIащ.
48 – Сипхъу, уэ уи фIэщхъуныгъэм уигъэхъужащ. Гъуэгу махуэ.
Уигу ирезагъэ.
49 Хьисэ здэпсалъэм, синэгуэгу пашэм и унэм къыщIэкIа гуэр
къыбгъэдыхьэри къыжриIащ абы:
– Уи пхъур дунейм ехыжащ. Дин егъэджакIуэр гугъу йомы-
гъэхь.
50 Ар щызэхихым, Хьисэ Иаир жриIащ:
– Умышынэ уэ. ФIэщхъуныгъэ зигъыIэ къудей. Уи пхъур къэ-
хъужынущ.
51 Иаир и унэм щынэсым, Петр, Иуан, Екъуб сымэрэ хъы-
джэбзым и адэ-анэмрэ фIэкIа Хьисэ унэм здыщIишакъым.
52 ЦIыху псоми хьэдагъэ ящIурэ, я бгъэгухэм еуэжырт. Хьисэ
жиIащ:
– Хьэдагъэ фымыщI. Ар лIакъым, мэжей.
53 Ауэ абыхэм ар зэрылIар ящIэрти, Хьисэ къыщыдыхьэшхащ.
54 Хьисэ хъыджэбз цIыкIум и Iэр иубыдри, жиIащ:
– КъызэфIэувэ, си хъыджэбз.
55 И псэр къыхыхьэжри, хъыджэбз цIыкIур асыхьэтым къы-
зэфIэуващ. Ар ягъэшхэну яжриIащ Хьисэ. 56 Хъыджэбзым и адэ-
анэм хуабжьу ягъэщIэгъуащ, ауэ Хьисэ унафэ яхуищIащ къэ-
хъуар зыми хуамыIуэтэжыну.

# 9-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*И гъуэгу ирикIуэ цIыху пщыкIутIыр*
*Тхьэм хуэлэжьэну Хьисэ зэрыригъэжьар*
*(Маттэ 10:5-15; Марк 6:7-13)*

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ цIыху пщыкIутIыр зэхуишэсри, цIы-
хухэм жин бзаджэхэр хахужыну, я узыфэхэри ягъэхъужыну
къарурэ тепщэныгъэрэ яритащ. 2 ЦIыхухэр Тхьэм и Тепщэны-
гъэшхуэм теухуа хъыбарыфIым ирагъэдэIуэну, сымаджэхэр
ягъэхъужыну иригъэжьащ. 3 Мыпхуэдэу яжриIащ абыхэм:

– Гъуэгу фыщытехьэкIэ, зыри здэвмыщтэ, баши, хъуржыни,
щIакхъуи, ахъши здэвмыщтэ. Джанэ тIурытI зыщывмытIагъэ.
4Унэ гуэрым хьэщIэу феблэгъамэ, а щIыпIэм фыкъикIыжыху,
а унэм фис. 5ЦIыхухэм фрамыгъэблагъэмэ, я къалэм фыкъы-
щыдэкIыжкIэ, мыхъумыщIагъэу ящIамкIэ абыхэм я пащхьэм
щыхьэт щыхъун щхьэкIэ, фи лъакъуэхэм къакIэрыпщIа сабэр
кIэрывгъэщэщыж.

6Арати, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр ежьэри, жылагъуэхэр къы-
зэхакIухьурэ, хъыбарыфIыр цIыхухэм хуаIуатэу, сымаджэхэр
дэнэкIи щагъэхъужу щIадзащ.

*Пщы Ирод зэрыгузэвар*
*(Маттэ 14:1-12; Марк 6:14-29)*

7Пщы Ирод,* Хьисэ илэжьа псом я хъыбар щызэхихым,
гузэващ, ар зыхуихьынур имыщIэу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
зыгуэрхэм жаIэрт:

– Иуан бегъымбарыр лIахэм къахэтэджыкIыжащ.

8Нэгъуэщ I гуэрхэми мыпхуэдэу жаIэрт:

– Иляс бегъымбарыр* къэхутащ.

– Пасэрей бегъымбархэм ящыщ гуэр къэтэджыжащ, – жаIэрт
адрейхэми. 9Ауэ Ирод жиIащ:

– Иуан и щхьэр пезгъэупщIащ. Апхуэдэу щыщыткIэ, мы-
пхуэдэ Iуэхухэр зыхужаIэ лIыр хэт?

Ар жиIэри, Хьисэ зригъэлъагъуным хущIэкъу хъуащ итIанэ.

*Хьисэ цIыху минитху зэригъэшхар*
*(Маттэ 14:13-21; Марк 6:30-44; Иуан 6:1-14)*

10Хьисэ деж къыщагъэзэжым, апостолхэм* ялэжьа Iуэхухэр
абы хуаIуэтэжащ. Хьисэ цIыхухэм яхэкIщ, апостолхэр зыщIи-
гъури, ВифсайдэкIэ зэджэ къалэм* кIуащ итIанэ я закъуэу.
11АрщхьэкIэ, цIыху гупышхуэм ар къыщащIэм, Хьисэ кIэлъы-
кIуащ. Хьисэ абыхэм дахэкIэ къапежьащ, Тхьэм и Тепщэ-

---

9:7 пщы Ирод – еплъ 3:1.

9:8 Иляс бегъымбарыр – абы щIылъэм къигъэзэжу, Мэссихь и гъуэгу хуигъэпсыну журтхэр пэплъэу щытт. Еплъ Малахие бегъымбарым и тхылъым 4:5-6.

9:10 апостолхэр – еплъ Маттэ 10:2.

9:10 ВифсайдэкIэ зэджэ къалэр – Галилей гуэлым и ищхъэрэ къуэкIыпIэ Iуфэм Iутащ.

ныгъэшхуэм теухуауэ епсэлъащ, игъэхъужын хуейхэри игъэхъу-
жащ.

[12]Махуэр хэкIуатэу щIидзащ. И гъуэгу ирикIуэ цIыху пщы-
кIутIыр къыбгъэдыхьэри, Хьисэ къыжраIащ:

– Къуажэ-жылэ гъунэгъухэм кIуэуэ, жэщыр щрахынрэ гъуэ-
мылэрэ къагъуэтыну цIыхухэр утIыпщыж; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
мы щIыпIэр пхыдзащ.

[13]– Фэ вгъашхэ ахэр, – яжриIащ Хьисэ абыхэм.

– Дэ щIакхъуитхурэ бдзэжьеитIрэ фIэкIа диIэкъым, – жаIащ
абыхэм, – дыщимыIэкIэ мы цIыху псоми шхын къахуэтщэхун
щхьэкIэ, дежьэн?

[14]Ахэр лIы минитху хуэдиз хъурт.

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм яжриIащ итIанэ:

– ЦIыхухэр щэ ныкъуэ-щэ ныкъуэурэ гупу вгъэтIыс.

[15]Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм апхуэдэу ящIри, цIыху псори
ирагъэтIысэхащ. [16]ЩIакхъуитхумрэ бдзэжьеитIымрэ къиштэщ,
уафэм дэплъейри, абыхэм щхьэкIэ Тхьэм фIыщIэ хуищIащ Хьи-
сэ. ЩIакхъуэхэр зэгуищIыкIри, цIыхухэм хуагуэшыну Хьисэ и
гъуэгу ирикIуэхэм яритащ. [17]ЦIыху псори шхащ, псоми загъэн-
щIащ. Къадэхуа щIакхъуэ бзыгъэхэр зэхуахьэсыжри, матэ
пщыкIутIым ярыз хъуащ.

### *«Уэращ Тхьэм и Мэссихьыр», жиIэу Петр Хьисэ зэрыжриIар*
*(Маттэ 16:13-19; Марк 8:27-29)*

[18]Махуэ гуэрым, щIыпIэ пхыдза гуэрым щыIэу, Хьисэ и
гъуэгу ирикIуэхэр и гъусэу Тхьэм елъэIуа нэужь, абыхэм еуп-
щIащ:

– ЦIыхубэм сэ сыхэту жаIэрэ?

[19]– Языныкъуэхэм цIыхухэр зыумэхъ у-Иуану жаIэ, – жэуап
къыратащ абыхэм. – НэгъуэщIхэми у-Иляс бегъымбару жаIэ.
Адрейхэми пасэрей бегъымбархэм ящыщ къэтэджыжауэ жаIэ.

[20]– АтIэ фэ сэ сыхэту жыфIэрэ? – еупщIащ Хьисэ абыхэм.

– Уэращ Тхьэм и Мэссихьыр, – къыжриIащ Петр.

### *Езыр зэраукIынури лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжынури Хьисэ зэрыжиIар*

*(Маттэ 16:20-28; Марк 8:31-9:1)*

21Езыр зэры-Мэссихьыр зыми хуамыIуэтэну Хьисэ абыхэм
быдэу яжриIащ.
22– ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм гугъуехь куэд ишэчын хуейщ,
– жиIащ абы. – Нэхъыжьхэми,* дин пашэшхуэхэми,* торэт егъэ-
джакIуэ пашэхэми* ар зыхахун икIи яукIын хуейщ, ауэ ещанэ
махуэм ар лIахэм къахэтэджыкIыжын хуейщ.
23– Си ужь зыгуэр къиувэну хуеймэ, езыр зыхуей Iуэхугъуэхэр
къэрегъанэ, лIэныгъэм и жорыр махуэ къэс кърещти, си ужь
къреувэ, – яжриIащ Хьисэ а псоми. 24– Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
зи псэр мыкIуэду къезыгъэлыну хуей дэтхэнэми и псэр фIэкIуэ-
дынущ, ауэ сэр щхьэкIэ зи псэр зыфIэкIуэд дэтхэнэми и псэр
мыкIуэду къригъэлынущ. 25Дуней псор зы цIыхум ей хъууэ,
езыр кIуэдмэ, е и псэм зэран хуэхъужмэ, а цIыхум фIыуэ къы-
хухэкIынур сыт? 26Сэрэ си псалъэхэмрэ къыттеукIытыхь дэт-
хэнэми сэ, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр, абы сытеукIытыхьыжы-
нущ. Си Адэмрэ абы и мелыIыч лъапIэхэмрэ я щIыхьышхуэм
хуэдэ щIыхьышхуэ сиIэу сыкъыщыкIуэжкIэ сытеукIытыхьыжы-
нущ абы. 27Пэжыр нывжызоIэ, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр ялъа-
гъуху, лIэныгъэр зылъэмыIэсын яхэтщ мыбдежым щыт
цIыхухэм.

### *Хьисэ и теплъэм зэрызихъуэжар*

*(Маттэ 17:1-8; Марк 9:2-8)*

28А псалъэхэр жиIа нэужь, махуий дэкIауэ, Петр, Иуан, Екъуб
сымэ зыщIигъури, Тхьэм елъэIуну Хьисэ бгым дэкIащ. 29Тхьэм
зделъэIум, Хьисэ и нэкIум и теплъэм зихъуэжащ, и щыгъынхэри
хужьыбзэу лыд хъуащ. 30Плъэмэ, цIыхуитI щытт Хьисэ къе-
псалъэу. Ахэр Мусэ бегъымбарымрэ Иляс бегъымбарымрэт.
31Ахэр, нэху гъэщIэгъуэнышхуэм къыхэлыдыкIыу къэунэхуауэ,
Хьисэ Ерусалим дунейм зэрыщехыжын хуейм тепсэлъыхьырт.
32Петррэ адрей и гъусэхэмрэ жеят, ауэ къэушыжа нэужь, Хьисэ

---

9:22 нэхъыжьхэр – еплъ Маттэ 16:21.

9:22 дин пашэшхуэхэр – еплъ Маттэ 2:4.

9:22 торэт егъэджакIуэ пашэхэр – еплъ Маттэ 2:4.

нэху гъэщIэгъуэнышхуэм хэту, адрей цIыхуитIыр къыбгъэдэту
ялъэгъуащ. [33]А цIыхуитIыр Хьисэ щыбгъэдэкIыжым, Петр Хьи-
сэ къыжриIащ:

– Гъуазэ, мыбдежым дызэрыщыIэр фIыщ. Шэтырищ щыд-
гъэувынщ, зыр уэр щхьэкIэ, зыр Мусэ щхьэкIэ, ещанэр Иляс
щхьэкIэ.

Петр жиIэр имыщIэжу апхуэдэу къипсэлъащ.

[34]Петр ар щыжиIэм, пшэ Iэрамэ къакIуэри, абыхэм къащхьэ-
щыхьащ. Пшэр къащыщхьэщыхьэм, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр
шынащ. [35]А пшэм зы макъ къыхэIукIащ:

– Мыращ сэ фIыуэ слъагъу си Къуэ щIасэр. Абы жиIэм фе-
даIуэ.*

[36]А макъыр къэIуа нэужь, Хьисэ и закъуэу къэнащ. Хьисэ и
гъуэгу ирикIуэхэм ялъэгъуар а махуэхэм зыми хуамыIуатэу
ябзыщIащ.

### *Жин бзаджэм иIыгъ щIалэ гуэр Хьисэ зэригъэхъужар*
*(Маттэ 17:14-18; Марк 9:14-27)*

[37]ЕтIуанэ махуэм, ахэр Iуащхьэм къыщехыжым, цIыху гупы-
шхуэ Хьисэ къыпежьащ. [38]А цIыху гупышхуэм лIы гуэр
къахэгуоукIащ асыхьэтым:

– Дин егъэджакIуэ, си къуэм укъысхуеплъыну сынолъэIу, а
къуэ закъуэрщ сиIэр. [39]ЩIалэр жин бзаджэм зэщIеубыдэри,
асыхьэтым къыхегъэкIиикI. ЩIалэм и жьэм тхъурымбэр къы-
жьэдэхуу, ар жин бзаджэм къегъэкIэзыз, гугъу дыдэ иримы-
гъэхьауэ хэкIыжыркъым. [40]Уи гъуэгу ирикIуэхэм селъэIуат ар
хахуну, ауэ яхузэфIэкIакъым.

[41]– Е-ей, фIэщхъуныгъэ зимыIэу, иджырей цIыху къуаншэхэ,
– жиIащ Хьисэ. – Сыт хуэдизрэ сыфхэтын икIи фысшэчын хуей?
Къашэ мыдэ уи щIалэр.

[42]ЩIалэр къыщыхуашэм, жин бзаджэм щIым зыхригъадзэри,
ар къигъэкIэзызащ. Апхуэдэу щыхъум, Хьисэ жин бзаджэм
егийщ, щIалэр игъэхъужри, и адэм иритыжащ. [43]ЦIыху псоми
Тхьэм и лъэкIыныгъэшхуэр хуабжьу ягъэщIэгъуащ.

---

9:35 Мыращ сэ фIыуэ слъагъу си Къуэ щIасэр. Абы жиIэм федаIуэ – еплъ Маттэ 3:17.

*ЦIыхухэм зэраIэщIыхьэнур Хьисэ етIуанэу къызэрыжиIар*
(Маттэ 17:22-23; Марк 9:30-32)

ЦIыху псоми Хьисэ илэжь псори ягъэщIагъуэ щыхъум, абы
и гъуэгу ирикIуэхэм яжриIащ:
44– Мы псалъэхэр фигу ивгъэлъ: ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр
цIыхухэм яIэщIыхьэнущ.
45Ауэ а псалъэхэм къикIыр къагурыIуакъым. КъагурыIуэн
ялъэмыкIыну абыхэм ящыбзыщIат а псалъэр икIи абыхэм
теухуауэ Хьисэ еупщIын шынэрт.

*Нэхъ ин дыдэр хэт?*
*(Маттэ 18:1-5; Марк 9:33-37)*

46Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм зэныкъуэкъу щIадзащ: «Дэ тщы-
щу хэт нэхъ ин дыдэр?» жаIэурэ. 47Хьисэ абыхэм я гурылъыр
къищIэщ, сабий гуэр къищтэщ, ибгъукIэ игъэуври яжриIащ:
48– Мы сабийр сэ си цIэкIэ езыгъэблагъэ дэтхэнэми сэ сригъэ-
блэгъауэ мэхъу, сэ сезыгъэблагъэ дэтхэнэми сэ сыкъэзыгъэ-
кIуари иригъэблэгъауэ мэхъу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ фэ фщыщу
нэхъ цIыкIуращ нэхъ ин дыдэр.

*Къыфпэмыувыр фи гъусэщ*
*(Марк 9:38-40)*

49– Гъуазэ, лIы гуэрым жин бзаджэхэр уэ уи цIэкIэ цIыхухэм
яхихуу тлъэгъуащ, – жиIащ Иуан. – Ар дэ зэрытщымыщым
щхьэкIэ, дгъэувыIэну дыхэтащ.
50– ФымыгъэувыIэ ар, – къыжриIащ Хьисэ. – Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ къыфпэмыувыр фи гъусэщ.

*Самарие хэкум щыщ жылэ гуэрым дэсхэм*
*Хьисэ ирагъэблэгъэн зэрамыдар*

51Тхьэм Хьисэ уафэм щыдришеижыну махуэр къыщы-
благъэм, Хьисэ Ерусалим кIуэну мурад ищIащ. 52ЛIыкIуэхэр
игъэкIуащ япэ щIыкIэ. Ахэр кIуэри, Самарие хэкум* щыщу

9:52 Самарие хэкур – Иудей хэкумрэ Галилей хэкумрэ я зэхуакум дэлъ хэкурщ. Журтхэмрэ Самарием исхэмрэ лъэпкъкIэ, хабзэкIэ, динкIэ зэмыщхьу зэрыщытам щхьэкIэ зэбийт.

жылэ гуэрым дыхьащ, Хьисэ хэщIапIэ щыхуагъэхьэзырын
щхьэкIэ. [53]Ауэ Хьисэ Ерусалим зэрыкIуэм щхьэкIэ, а жылэм
дэс цIыхухэм ар ирагъэблэгъэн ядакъым. [54]Ар щалъагъум,
Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщу Екъубрэ Иуанрэ жаIащ:

– Зиусхьэн, уафэм мафIэ къехыу мы цIыхухэр исыну жытIэн?

[55]Абыхэм захуигъазэри, ар яхуимыдэу, Хьисэ яжриIащ:

– Хьэуэ, ар хъунукъым; [56]ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр къыщIэ-
кIуар цIыхухэр игъэкIуэдыну аракъым, атIэ мыкIуэду къригъэ-
лыну аращ.

НэгъуэщI жылэ гуэрым кIуащ итIанэ.

*Хьисэ и гъуэгу ирикIуэным гугъуехьу хэльыр*
*(Маттэ 8:19-22)*

[57]Ахэр гъуэгум здытетым, Хьисэ зэгуэрым къыжриIащ:

– Уэ дэнэ укIуэми, уи ужь сиувэнущ.

[58]– Бажэхэм зэрысын гъуэ яIэщ, къуалэбзухэми абгъуэ яIэщ,
ауэ ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм и щхьэр зрихьэлIэн хэщIапIэ
иIэкъым, – жиIащ Хьисэ.

[59]– Си ужь къиувэ, – жриIащ Хьисэ нэгъуэщI гуэрым.

– Зиусхьэн, – жиIащ адрейм, – сыкIуэу, си адэр щIэслъхьэжы-
ну хуит сыщI япэщIыкIэ.

[60]– ЛIахэм езыхэм я лIахэм я хьэдэхэр щIыралъхьэж, –
жриIащ абы Хьисэ, – ауэ уэ кIуэи, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм
теухуа хъыбарыфIым цIыхухэр егъэдаIуэ.

[61]– Сэ уи ужь сиувэнущ, Зиусхьэн, – жиIащ нэгъуэщI гуэрми,
– ауэ си бынхэм я Iэр субыдыжыну хуит сыщI япэщIыкIэ.

[62]– ПхъэIэщэкIыр зубыдауэ щIыбагъымкIэ зэплъэкIыжыр
Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм хуэлэжьэну хуэфащэкъым, – жриIащ
Хьисэ абы.

## 10-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ цIыху блыщIыр*
*Тхьэм хуэлэжьэну зэрыригъэжьар*

Абы и ужькIэ Зиусхьэным цIыху блыщI къыхихри, дэтхэнэ
къалэу е дэтхэнэ щIыпIэу езыр здэкIуэн хуейм мыкIуэ щIыкIэ
тIурытIу игъэкIуащ. [2]Мыпхуэдэу яжриIащ абыхэм:

– Гъавэр куэдщ, ауэ лэжьакIуэхэр мащIэщ. Аращи, гъавэр
Iуахыжын щхьэкIэ, лэжьакIуэхэр къигъэкIуэну гъавэр зейм фе-
лъэIу. [3]ФыкIуэ! Дыгъужьхэм щынэ хуэдэ фахызогъыхьэ. [4]Бо-
хъши, хъуржыни, вакъи здэвмыщтэ. Гъуэгум зыми фIэхъус щев-
мых.

[5]–Унэ гуэрым хьэщIэу фыщыщIыхьэкIэ, япэрауэ, «Тхьэм фэ,
мы унэм щIэсхэм, фигу ирезагъэ», жыфIи, фIэхъус ефх. [6]Гузэ-
гъэгъуэ зыхуэфащэ цIыху а унэм ису къыщIэкIмэ, Тхьэм гузэгъэ-
гъуэр къритынущ. Имысмэ, гузэгъэгъуэм фи деж къигъэзэжы-
нущ [7]А унэм фыкъинэ, къыватыр фшхы икIи ифф, лэжьакIуэм
и лэжьапщIэр игъуэтыпхъэщи. Бысым хъуэж фщIыурэ, зы унэм
фикIыу, адрей унэм фимыхьэ.

[8]–Къалэ гуэрым фыдыхьауэ фыщрагъэблагъэкIэ, къыватыр
фшхы. [9]Сымаджэхэр абдежым щывгъэхъуж, мыпхуэдэуи
яжефIэ: «Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр гъунэгъу къыфхуэхъуащ».
[10]Ауэ къалэ гуэрым фыдыхьэрэ фыщрамыгъэблагъэмэ, абы и
уэрамхэм фыдыхьи, мыпхуэдэу жыфIэ: [11]«Фэ фи къалэм и сабэу
ди лъакъуэхэм къакIэрыпщIар фхукIэрыдогъэщэщыж; апхуэдэу
щыт пэтми, зэвгъащIэ Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр къызэры-
блэгъар». [12]Сэ нывжызоIэ, къемэтмахуэм а къалэм гугъуехьу
ишэчынум нэхърэ, Содом къалэм* гугъуехьу ишэчынур нэхъ
мащIэу къыщIэкIынущ.

*Гъуэгу мыгъуэ утеуващ, Хоразин къалэ!*
*Гъуэгу мыгъуэ утеуващ, Вифсайдэ къалэ!*
*(Маттэ 11:20-24)*

[13]– Гъуэгу мыгъуэ утеуващ, Хоразин къалэ! Гъуэгу мыгъуэ
утеуващ, Вифсайдэ къалэ! Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ фи деж щыслэ-
жьа Iуэху телъыджэхэр къалэхэу Тиррэ Сидонрэ* щыслэжьатэ-
мэ, щыгъуэ щыгъын куэд щIауэ ящыгърэ я нэкIухэр фIамыщIкIэ
зэщIэцIэлауэ, я гуэныхьхэм яхущIегъуэжынт. [14]Ауэ къемэтма-
хуэм фэ гугъуехьу фшэчынум елъытауэ, Тиррэ Сидонрэ гугъуе-
хьу яшэчынур нэхъ мащIэу къыщIэкIынущ. [15]Уэ, Капернаум
къалэ, уафэм удэкIуеину? Хьэуэ, жыхьэнмэм и кууупIэм нэсыху
укIуэцIрыхунущ.*

---

10:12 Содом къалэр – еплъ Маттэ 10:15.

10:13 къалэхэу Тиррэ Сидонрэ – еплъ Маттэ 11:21.

10:15 Уэ, Капернаум къалэ … укIуэцIрыхунущ – еплъ Маттэ 11:23.

16– Фэ къывэдаIуэр сэри къызодаIуэ. Фэ фызымыдэм сэри
сидэркъым, сэ сызымыдэм сэ сыкъэзыгъэкIуари идэркъым.

### *Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ цIыху блыщIым къызэрагъэзэжар*

17Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ цIыху блыщIым гуфIэгъуэр яIэу
къагъэзэжри, жаIащ:

– Зиусхьэн, уэ уи цIэр щыжытIэкIэ, жин бзаджэхэри ди Iэ-
мыщIэ илъ мэхъу.

18– Пэжщ, шейтIаныр уафэхъуэпскIым хуэдэу уафэм къехуэ-
хыу слъэгъуащ, – яжриIащ Хьисэ абыхэм. 19– Мис, блэхэми
акърэбхэми* фатеувэнуи, бийм и къару псоми фытекIуэнуи
тепщэныгъэ фэстащ; зым и зэрани къывэкIынукъым. 20Ауэ жин
бзаджэхэр фи IэмыщIэ зэрилъым щхьэкIэ фымыгуфIэу, фи
цIэхэр уафэм щыIэ тхылъым зэритым щхьэкIэ фыгуфIэ.

### *Хьисэ зэрыгуфIар*
*(Маттэ 11:25-27; 13:16-17)*

21Асыхьэт дыдэм Тхьэм и Псэ ЛъапIэм ину къигъэгуфIэри,
Хьисэ жиIащ:

– Си Адэ, уафэмрэ щIылъэмрэ я Зиусхьэн, мы Iуэхухэр цIыху
губзыгъэхэмрэ цIыху Iущхэмрэ ящыбгъэпщкIуурэ, сабийхэм
зэребгъэщIамкIэ фIыщIэ пхузощI. Си Адэ, апхуэдэущ уэ узэ-
рыхуеяр.

22Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм захуигъазэри, жиIащ итIанэ:

– Псори си Адэм къысIэщIилъхьащ. Къуэ лъапIэр зыхуэ-
дэр Адэ лъапIэм фIэкIа зыми ищIэркъым. Адэ лъапIэр зыхуэ-
дэри Къуэ лъапIэмрэ Къуэ лъапIэм ар зригъэщIэну хуей цIыху-
хэмрэ фIэкIа, зыми ищIэркъым.

23Езымрэ езым и гъуэгу ирикIуэхэмрэ я закъуэу къыщынэм,
абыхэм захуигъазэри, Хьисэ яжриIащ:

– Фэ фи нэхэм ялъагъур зылъагъу нэхэм я насыпщ! 24Сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ, сэ нывжызоIэ, бегъымбар куэди пащтыхь
куэди фэ флъагъур ялъагъуну хуеящ, ауэ ялъэгъуакъым, фэ зэ-
хэфхри зэхахыну хуеящ, ауэ зэхахакъым.

10:19 акърэб – скорпион.

*Самарие хэкум щыщу, гущIэгъу зыхэль цIыхур*

[25]Торэт егъэджакIуэ пашэ гуэр къэтэджри, Хьисэ игъэунэхун
щхьэкIэ, жиIащ:
– Дин егъэджакIуэ, мыкIуэдыжын гъащIэр Iыхьэф Iу къыс-
лъысын щхьэкIэ, сыт сщIэн хуейр?
[26]– Торэт хабзэм сыт итыр? – жриIащ абы Хьисэ. – Дауэ абы
укъызэреджэр?
[27]– «Уэ уигу псомкIи, уи псэ псомкIи, уи къару псомкIи, уи
зэхэщIыкI псомкIи Зиусхьэну уи Тхьэр фIыуэ лъагъу икIи уи
щхьэр фIыуэ зэрыплъагъум хуэдэу, уи гъунэгъури фIыуэ лъа-
гъу»,* – жэуап къитыжащ адрейм.
[28]– Пэжыр жыпIащ, – жриIащ Хьисэ а лIым. – А жыпIар
гъэзащIи, мыкIуэдыжын гъащIэ бгъуэтынущ.
[29]Торэт егъэджакIуэ пашэм зигъэхеину хуеяти, Хьисэ къыж-
риIащ:
– АтIэ, хэт сэ си гъунэгъур?
[30]– ЛIы гуэр Ерусалим дэкIауэ, Ерихон къалэм* здэкIуэм,
хъунщIакIуэхэм яIэщIэхуащ, – жиIащ Хьисэ. – ХъунщIакIуэхэм
ар яхъунщIащ, и щыгъыныр щахщ, хуабжьу яубэрэжьауэ, ны-
къуэлIэу къагъанэри, щIэпхъуэжащ. [31]Абы ирихьэлIэу, дин пашэ
гуэр а гъуэгум кърикIуэрт. ЛIыр щилъагъум, адрей гъуэгубгъум
зритри, ар блэкIащ. [32]Апхуэдэ дыдэу, Левий зи цIэ унагъуэ
лъэпкъым* щыщу дин пашэ гуэри а щIыпIэм нэсри, а лIыр
щилъагъум, адрей гъуэгубгъум зритри блэкIащ. [33]Самарие хэ-
кум щыщ лIы гуэр, а гъуэгум тетурэ, а лIым деж нэсащ. Щи-
лъагъум, игу щIэгъури, [34]бгъэдыхьащ абы, дагъэрэ санэкIэ
еIэзэри, и уIэгъэр ипхащ. ИтIанэ лIыр къиIэтщ, езыр зытеса
шыдым трилъхьэщ, хьэщIэщ гуэрым щIихьэри кIэлъыплъащ.
[35]И жыпым динаритI кърихщ, хьэщIэщыр зейм иритри, абы
етIуанэ махуэм жиIащ: «Уэ мы лIым кIэлъыплъи, сыт хуэдиз
тебгъэкIуадэми, къыщызгъэзэжкIэ уэстыжынщ».

---

10:27 уигу псомкIи, уи псэ псомкIи … фIыуэ лъагъу – еплъ 5 Мусэ 6:5, икIи 3 Мусэ 19:18.

10:30 Ерихон къалэр – Ерусалим и ищхъэрэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ, километр 24-кIэ пэжыжьэу, Иордан псым и къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ итщ.

10:32 Левий зи цIэ унагъуэ лъэпкъыр – ахэр псори дин пашэу Тхьэм и унэшхуэм щылажьэрт. Еплъ 4 Мусэ 3:1-13.

[36]– Иджы уэ дауэ узэрегупсысыр: а цIыхуищым ящыщу хъунщIакIуэхэм яIэщIэхуа лIым и гъунэгъум хуэдэу хэт хущытар? – къыщIигъужащ Хьисэ.

[37]– ГущIэгъу хуэзыщIаращ, – жиIащ торэт егъэджакIуэ пашэм.

– Уэри кIуэи, апхуэдэу щIы, – жриIащ абы Хьисэ.

*Мэриемрэ Марфэрэ*

[38]Хьисэрэ и гъуэгу ирикIуэхэмрэ адэкIэ здэкIуэм, жылагъуэ
гуэрым дыхьащ. Марфэ зи цIэ цIыхубз гуэрым Хьисэ иригъэ-
блэгъащ. [39]Мэрием и цIэу шыпхъу иIэт а цыхубзым. Ар Зиус-
хьэным и псалъэхэм едаIуэу, абы и лъапэм тест. [40]Марфэ ахэр
гъэхьэщIэным хуабжьу егугъуащ. Арати, Хьисэ бгъэдыхьэри
жриIащ:

– Зиусхьэн, Iуэху псори сэ си закъуэу сщIэну си шыпхъум сыкъызэригъэнар пфIэемыкIукъэ? КъыздэIэпыкъуну жеIэ абы.

[41]– Ей Марфэу, си Марфэ! – жриIащ Зиусхьэным абы. – Куэд
щхьэкIэ зыбгъэгузавэурэ, гугъу зыбогъэхь. [42]Зыщ нэхъ узыхуейр.
Мэрием Iыхьэ нэхъыфIыр къыхихащ, а IыхьэфIыр абы Iахыжы-
нукъым.

# 11-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэм елъэIуным теухуауэ*
*(Маттэ 6:9-15; 7:7-11)*

Тхьэм щIыпIэ гуэрым щелъэIурт Хьисэ. Тхьэм елъэIуа нэужь, и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ гуэрым абы жриIащ:

– Зиусхьэн, цIыхухэр зыумэхъ Иуан и гъуэгу ирикIуэхэм Тхьэм узэрелъэIун хуей щIыкIэр зэраригъэщIам хуэдэу, уэри дэ дыгъащIэ.

[2] – Тхьэм фелъэIу щыхъукIэ, мыпхуэдэу жыфIэ, – яжриIащ Хьисэ.

– «Уэ ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ!
Уи цIэр цIыхухэм ирегъэлъапIэ.
Уи Тепщэныгъэшхуэр кърекIуэ.

Уэ узыхуейр, уафэм зэрыщыхъум хуэдэу,
щIылъэми щрехъу.
3ЩIакхъуэу дызыхуэныкъуэр махуэ
къэс къыдэт.
4Дэ гуэныхьу тщIахэр къытхуэгъэгъу,
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
мыхъун къыдэзыщIэ дэтхэнэми дэри худогъэгъури.
ШейтIаным гуэныхь дигъэлэжьыну
хуит умыщI, абы дыщыхъумэ».

5–Фэ фщыщ гуэрым ныбжьэгъу иIэу жытIэнщ, – яжриIащ
Хьисэ. – А ныбжьэгъум и унэм жэщыбгым макIуэри, абы жреIэ:
«Ныбжьэгъу, щIакхъуищ щIыхуэу къызэт, 6си ныбжьэгъу гуэр
гъуэгурыкIуэу къысхуэкIуащи. Езгъэшхын зыри сиIэкъым».
7–Унэм щIэс ныбжьэгъум къыжреIэ: «Гугъу сумыгъэхь, куэб-
жэр гъэбыдащ, си сабийхэри си гъусэу пIэм дыхэлъщ. Зыри
уэстыфынукъым, сыкъэтэджу».
8–Сэ нывжызоIэ, – къыщIигъужащ Хьисэ, – зэрибыбжьэгъум
щхьэкIэ, хуэтэджу щIакхъуэр иримытами, и ужь зэримы-
кIыжым щхьэкIэ, зыхуей псори хуищIэнущ абы.
9–Аращи, сэ нывжызоIэ, фелъэIуи, Тхьэм къывитынущ; фы-
лъыхъуи, къэвгъуэтынущ; куэбжэм фытеуIуи, Тхьэм къыфхуIуи-
хынущ; 10Тхьэм хэт елъэIуми, зыщIэлъэIур иIэ хъунущ, хэт сыт
къилъыхъуэми, зылъыхъуэр къигъуэтынущ; куэбжэм теуIуэми,
Тхьэм къыхуIуихынущ.
11– Адэ къыфхэт, и къуэр щIакхъуэ щхьэкIэ къелъэIумэ, мывэ
иритыну, е бдзэжьей щхьэкIэ къелъэIумэ, блэ иритыну, 12е джэ-
дыкIэ щхьэкIэ къелъэIумэ, акърэб иритыну? 13Аращи, фэ фы-
бзаджэ пэтми, фи бынхэм фIыгъуэ зарефтынур фощIэ. АтIэ,
абы нэхърэ IэджэкIэ нэхъыбэ яритынукъэ Адэ лъапIэу уафэм
щыIэм и Псэ ЛъапIэм къелъэIухэм?

*Хьисэрэ жин бзаджэхэм я пашэ Велзевулрэ*
*(Маттэ 12:22-30; Марк 3:20-27)*

14Бзагуэ гуэрым и бзэр зубыда жин бзаджэр хихужат Хьисэ.
Жин бзаджэр хэкIыжа нэужь, бзагуэу щыта цIыхур къэпсэлъэ-
жащ. ЦIыхухэм ягъэщIэгъуащ ар. 15Ауэ абыхэм ящыщ гуэрхэм
жаIащ:

– Жин бзаджэхэм я пашэ Велзевул и къарукIэщ Хьисэ жин
бзаджэхэр цIыхухэм зэрахихур.

[16]НэгъуэщIхэри, Хьисэ ягъэунэхун щхьэкIэ, зы нэщэнэ
гъэщIэгъуэныщэ гуэр уафэм къахуригъэхыну щIэлъэIуащ.
[17]Абыхэм ягу илъыр ищIэрти, Хьисэ яжриIащ:

– Дэтхэнэ къэралри лъэныкъуитI зэрыгъэхъумэ, зэхэкъутэ-
нущ, унагъуэ гуэри лъэныкъуитI зэрыгъэхъумэ, къызэтещэхэ-
нущ. [18]Апхуэдэщи, шейтIаныр лъэныкъуитI зэрыгъэхъумэ, и
тепщэныгъэр щыIэжын дауэ лъэкIыну? Ар щIыжысIэр сэ жин
бзаджэхэр цIыхухэм Велзевулым и къарукIэ хэсхуу зэрыжыфIэ-
ращ. [19]НтIэ, сэ цIыхухэм жин бзаджэхэр Велзевул и къарукIэ
щахэсхукIэ, фэ фи цIыхухэм жин бзаджэхэр зэрыхахужыр хэт
и къарукIэ? Аращи, фэ фи цIыхухэрщ фызыгъэкъуэншэнур. [20]Сэ
жин бзаджэхэр цIыхухэм зэрахэсхужыр Тхьэм и Iэпхъуам-
бэращи, абы къикIыр Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр къыфхыхьауэ
арщ.

[21]–ЛIы лъэщ гуэрым, IэщэкIэ фIыуэ зэгъэпэщауэ, и унэр
щихъумэжкIэ, и мылъкумкIэ шынагъуэ щыIэкъым. [22]Ауэ абы
нэхърэ нэхъ цIыху лъэщыж къытебанэрэ къытекIуэмэ, ар
зыщыгугъ Iэщэхэр трихынурэ, ахэр псори хигуэшыжынущ.

[23]– Сэ си мыгъусэр си пэрыуэгъущ, си гъусэу зэхуэзымыхьэ-
сым зэбгредз.

*Жин бзаджэм къызэригъэзэжыр*
*(Маттэ 12:43-45)*

[24]– Жин бзаджэ гуэр, цIыху гуэрым къыщыхэкIыжкIэ, псы
здэщымыIэ губгъуэ нэщIым макIуэри, зыщигъэпсэхун щIыпIэ
лъыхъуэурэ къекIухь. Зыщигъэпсэхун щIыпIэ щимыгъуэткIэ,
жеIэ: «Сызыхэса цIыхум, си унэу щытам деж, згъэзэжынщ».
[25]Абы деж къегъэзэжри, унэр пхъэнкIауэ, зэлъыIухауэ кърo-
хьэлIэж. [26]Апхуэдэу щыхъукIэ, езым нэхърэ нэхъ Iейуэ нэгъуэщI
жин бзаджибл здешэ, макIуэри, унэм щIотIысхьэ. ИкIэм-
икIэжым а цIыхум и Iуэхур япэм нэхърэ нэхъ Iей мэхъу.

[27]Хьисэ а псалъэхэр щиIуатэм, цIыхубэм ящыщ цIыхубз гуэ-
рым макъышхуэкIэ жиIащ:

– Уэ узэрылъа ныбэри, узэфа быдзышэри махуэщ.

[28]– Пэжщ, – жиIащ Хьисэ, – ауэ Тхьэм и псалъэхэр зэхэзыхыу
ахэр зыгъэзащIэхэр абы нэхърэ нэхъ махуэщ.

### *ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр цIыхухэм нэщэнэ зэрахуэхъур*
*(Маттэ 12:38-42; Марк 8:12)*

29 ЦIыхубэр къыщызэхуэсым, Хьисэ абы яжриIащ:
– Иджырей цIыхухэр бзаджэщ. Нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэ
хуейщ, ауэ Инус бегъымбарым* и нэщэнэм фIэкIа, Тхьэм абы-
хэм нэгъуэщI нэщэнэ къаритынукъым. 30 Инус бегъымбарыр Ни-
невие къалэм дэса цIыхухэм нэщэнэ зэрахуэхъуам хуэдэу, ЦIыху
Лъэпкъым и Къуэр иджырей цIыхухэм нэщэнэ яхуэхъунущи.
31 Ипщэ къэралым щыщ пащтыхь цIыхубзыр,* къемэтмахуэм
къэтэджыжынурэ, иджырей цIыхухэм къедэуэнущ икIи ахэр
къигъэкъуэншэнущ, а пащтыхь цIыхубзыр Сэлмэн пащты-
хьым* и акъылыфIагъэм едэIуэн щхьэкIэ щIылъэм и гъунэ ды-
дэм къикIри къэкIуащи; ауэ сэ нывжызоIэ, Сэлмэн нэхърэ нэхъ
лъапIэ гуэр къыфхэтщ. 32 Ниневие къалэм дэса цIыхухэр, къемэт-
махуэм къэтэджыжынурэ, иджырей цIыхухэм къедэуэнущ икIи
ахэр къагъэкъуэншэнущ, Инус ахэр Тхьэм и псалъэхэм иригъэ-
даIуэ щыхъум, ахэр ящIа гуныхьхэм хущIегъуэжащи, ауэ сэ
нывжызоIэ, Инус нэхърэ нэхъ лъапIэ гуэр къыфхэтщ.

### *Пкъым и уэздыгъэр*
*(Маттэ 5:15; 6:22-23)*

33 – Уэздыгъэ пигъанэу, ар плIанэпэ пхыдза гуэрым дигъэу-
вэркъым зыми, е пэгун щIагъым щIигъэувэркъым, атIэ унэм
къыщIыхьэхэм и уэздыгъэ нэхур ялъагъун щхьэкIэ, ар тегъэу-
вапIэ лъагэм трегъэувэ. 34 Пкъым и уэздыгъэр нэращ. Аращи,
уи нэр сэкъатыншэмэ, уипкъ псори нэхунущ. Уи нэр мыщIа-
гъуэмэ, уипкъ псори кIыфIынущ. 35 Аращи, нэхуу пхэлъыр кIыфI
зэрымыхъуным хуэсакъ. 36 КIыфIыгъэ хэмылъу уипкъ псом нэ-
хур щызмэ, уи пкъыр зэрыщыту нэху щытынущ, уэздыгъэ нэхум
укъызэригъэнэхум хуэдэу.

---

11:29-30 Инус бегъымбарыр – еплъ Инус бегъымбарым и хъыбар зэрыт тхылъым (Иона) 3.

11:31 пащтыхь цIыхубзыр – еплъ Пащтыхьхэм я хъыбархэр зэрыт япэ тхылъым (3-я Царств) 10:1-10.

11:31 Сэлмэн пащтыхьыр – СоломонкIэ зэджэрщ.

*Торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ фарисейхэмрэ*
*я къуаншагъэр Хьисэ къызэрыщIигъэщар*
*(Маттэ 23:1-36; Марк 12:38-40; Лука 20:45-47)*

[37]А псалъэхэр жиIа нэужь, Хьисэ фарисей гуэрым игъэшхэну
и унэ иригъэблэгъащ. Абы и унэм щIыхьэри, Хьисэ Iэнэм пэры-
тIысхьащ. [38]Шхэн и пэкIэ, Хьисэ и Iэхэр зэримытхьэщIар щи-
лъагъум, фарисейм игъэщIэгъуащ.

[39]– Фэ, фарисейхэм, фи фалъэхэмрэ фи лагъэхэмрэ я щIы-
фэр фогъэкъабзэ, – жриIащ Зиусхьэным абы, – ауэ нэпсеягъэрэ
бзаджагъэрэ фIэкIа, зыри фкIуэцIылъкъым. [40]Акъылыншэхэ!
ЩIыфэр къэзыгъэщIа Тхьэм кIуэцIри къигъэщIакъэ? [41]Фи фалъэ-
хэмрэ фи лагъэхэмрэ я кIуэцIым илъыр тхьэмыщкIэхэм ефти,
псори къабзэ хъунущ фэркIэ.

[42]– Гъуэгу мыгъуэ фытеуващ фэ, фарисейхэр! ХадэхэкI нэхъ
пудхэм ящыщу пщIанэр Тхьэм щхьэкIэ фот, ауэ захуагъэмрэ
Тхьэр фIыуэ флъагъунымрэ фыбгъэдокI. Аращ фызытекI
мыхъунур, адрей фи фарзхэр зыщывмыгъэгупщэу.

[43]– Гъуэгу мыгъуэ фытеуващ фэ, фарисейхэр. Синэгуэгухэм
тхьэмадэ тIысыпIэхэр щывубыдыну, цIыху зэхыхьэпIэхэм
цIыхухэм пщIэ лей защыхуевгъэщIыну фи щIасэщ.

[44]– Гъуэгу мыгъуэ фытеуващ фэ, торэт егъэджакIуэ пашэхэри,
фарисейхэри, фэ, бзитIщхьитIхэ, фэ кхъащхьэ хэкIудэжахэм
фахуэдэщи. ЦIыхухэм гу лъамытэурэ, абыхэм я гущIыIум
фрокIуэ.

[45]Торэт егъэджакIуэ пашэхэм ящыщ гуэрым Хьисэ къыж-
риIащ:

– Дин егъэджакIуэ, ар щыжыпIэкIэ дэри ди жагъуэ уощI.

[46]– Фэ, торэт егъэджакIуэ пашэхэр, гъуэгу мыгъуэ фытеуващ,
– жиIащ Хьисэ, - цIыхухэм хьэлъэ шэчыгъуейхэр ятыволъхьэ,
ауэ абыхэм фадэIэпыкъун щхьэкIэ зы Iэпхъуамби вгъэхъейр-
къыми.

[47]– Гъуэгу мыгъуэ фытеуващ! Фи адэжьхэм яукIауэ щыта бе-
гъымбархэм щхьэкIэ сынхэр фогъэув. [48]Апхуэдэу щыщыткIэ,
фи адэжьхэм ящIа бзэджагъэхэр фэри зэрадэфщтэм щыхьэт
фыхуохъу; ахэр фи адэжьхэм яукIыгъащ, фэ абыхэм сынхэр
яхувогъэув. [49]Абы къыхэкIкIэ Тхьэм и акъылыфIагъэкIэ жиIащ:
«Бегъымбархэри апостолхэри абыхэм яхуэзгъэкIуэнущ.
Абыхэм ящыщ зы гуп къаукIынущ, адрей гуприи гугъу ира-

гъэхьэнущ». 50,51Абы щхьэкIэ нывжызоIэ, Хэбэл бегъымбарым
и лъым щыщIэдзауэ Зэчрей бегъымбарым и лъыр къыхиубыдэу,
бегъымбар псоми я лъы уасэр иджырей цIыхухэм Тхьэм
яригъэпшыныжынущ. Зэчрейращ къурмэнщIыпIэмрэ Тхьэм и
унэшхуэмрэ я зэхуакум щагъэкIуэдыгъар. Пэжыр нывжызоIэ,
дунейр къызэригъэщIрэ а псоми я лъы уасэр иджырей цIыху-
хэм Тхьэм яригъэпшыныжынущ.

52– Гъуэгу мыгъуэ фытеуващ фэ, торэт егъэджакIуэ пашэхэр,
щIэныгъэм и IункIыбзэр фэ фщтащи. Ауэ щIэныгъэм и унэм
фыщIыхьакъым, щIыхьэну хуеяхэри щIыхьэну хуит фщIакъым.

53,54Хьисэ абдежым щыIукIыжым, торэт егъэджакIуэ пашэ-
хэмрэ фарисейхэмрэ ар щагъэуэну хуейуэ, Iуэху гуэрым трау-
быдэным ещэу, Iуэху куэдкIэ еупщIурэ, хагъэзыхьу щIадзащ.

## 12-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*БзитIщхьитIыгъэм фыхуэсакъ*

Арати, увыпIэ ямыгъуэту цIыхур мин бжыгъэкIэ гупы-
шхуэурэ къыщызэхуэсым, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм яжриIэу
щIидзащ:

– Фарисейхэм я пщагъэу я бзитIщхьитIыгъэм фыхуэсакъ.
2КъыщIэмыщыжыну щIэхъумауэ зыри щыIэкъым, цIыхухэм
къамыщIэну гъэпщкIуауи зыри щыIэкъым. 3Апхуэдэу щы-
хъукIэ, жэщ кIыфIым щыжыфIар цIыхухэм махуэ нэхум зэхахы-
жынущ икIи бжэкъуагъым фыIущащэу щыжыфIар унащхьэхэм
тету щаIуэтэжынущ.

*Фызыщцышынэн хуейр*
*(Маттэ 10:28-31)*

4– Сэ нывжызоIэ, си ныбжьэгъухэм, IэпкълъэпкъыраgъэкIуэ-
дын фIэкI, нэгъуэщI зыри зыхузэфIэмыкIыжынухэм фащы-
мышынэ. 5Фызыщцышынэн хуейр сэ вжесIэнщ: иукIар жыхьэн-
мэм хидзэжыну тепщэныгъэ зиIэм фыщцышынэ. ВжызоIэ: аращ
фызыщцышынэн хуейр. 6Бзу цIыкIуитхур хъурыщитIкIэ* ящэр-
къэ? Апхуэдэу щытми, абыхэм ящыщу зыри щымыгъупщауэ

Тхьэм игу илъщ. [7]Фи щхьэм тет щхьэц налъэ псори лъытащ.
Аращи, фымышынэ. Бзу Iэджэм нэхърэ фынэхъ лъапIэщ фэ.

*Мэссихь и гъуэгу ирикIуэхэм уазэрыщыщыр цIыхухэм ебгъэщIэныр*
*(Маттэ 10:32-33; 12:32; 10:19-20)*

[8]–ВжызоIэ, сэ, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм,* си гъуэгу ирикIуэ-
хэм зэращыщыр цIыхухэм я пащхьэм щыжызыIэ дэтхэнэри си
гъуэгу ирикIуэхэм зэращыщыр Тхьэм и мелыIычхэм я пащхьэм
сэри щыжысIэнущ. [9]Ауэ си гъуэгу ирикIуэхэм ящымыщу цIыху-
хэм я пащхьэм щыжызыIэ дэтхэнэри си гъуэгу ирикIуэхэм зэра-
щымыщыр Тхьэм и мелыIычхэм я пащхьэм щыжысIэнущ. [10]Хэ-
ту щытми, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм псалъэ Iей хужызыIэм
къыхуэгъункIэ Iэмал щыIэщ, ауэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэр зыгъэ-
пцIым къыхуэгъунукъым.

[11]– Синэгуэгухэм фыщраткIи, хэку пашэхэми тепщэныгъэ
зиIэхэми я пащхьэм фыщрашэкIи, «Дауэ зыдгъэхейну?» икIи
«Сыт жытIэну?» жыфIэу фымыгузавэ; [12]жыфIэн хуейр Тхьэм и
Псэ ЛъапIэм асыхьэт дыдэм фигъэщIэнущи.

*ЛIы бей акъылыншэм теухуа ущие хъыбарыр*

[13]ЦIыхубэм яхэту, лIы гуэр Хьисэ къелъэIуащ:

– Дин егъэджакIуэ, ди адэм къыщIэна мылъкур си къуэшым
къыздегъэгуэш.

[14]– Фызэрызэдэгуэшэну щIыкIэр нывжесIэну хэт сызыгъэ-
увар? – жриIащ Хьисэ. [15] ИтIанэ цIыхухэм яжриIащ:

– Фысакъ! Фымынэпсей, цIыхум сыт хуэдиз мылъку иIэми,
абы и гъащIэм къыпищэркъыми .

[16]Хьисэ ущие хъыбар яжриIащ итIанэ:

– ЛIы бей гуэрым и щIым гъавэ бэв къытекIат. [17]Арати, егу-
псысри, и щхьэм хужиIэжащ : «Сыт сщIэнур? Си гъавэр зэрыс-
лъхьэн гуэн сиIэкъым».

---

12:8 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр – еплъ Маттэ 8:20.

18 – ИтIанэ жиIащ: «Мыращ сщIэнур: си гуэнхэр къезгъэгъэ-
уэнщ, нэхъ гуэн ин езгъэщIынщи, си гъавэ псори си мылъкури
ярыслъхьэнщ. 19 СигукIэ жысIэнщ итIанэ: Илъэс куэдкIэ схури-
къун фIыгъуэ Iэджи сиIэщ. Зыгъэпсэху, шхэ, ефэ, зыгъэтхъэж».
20 – Ауэ Тхьэм абы къыжриIащ: «Уэ уцIыху акъылыншэщ! Мы
жэщ дыдэм уи псэр хэсхынущ. Мы бгъэтIылъахэр хэт
къызыхуэнэжынур?»
21 – Зи щхьэм мылъкушхуэ хузэхуэзыхьэсу, Тхьэм дежкIэ
мылъкушхуэ зимыIэм ращ къыщыщIынур.

*Гузэвэгъуэм теухуауэ*
*(Маттэ 6:25-34, 19-21)*

22 – Аращи, нывжызоIэ, – яжриIащ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм,
– «Сыт тшхыну?» жыфIэу фи гъащIэм щхьэкIэ фымыгузавэ.
«Сыт щыттIэгъэну?» жыфIэу фи Iэпкълъэпкъым щхьэкIи фы-
мыгузавэ. 23 Шхыным нэхърэ гъащIэр нэхъ лъапIэщ, щыгъыным
нэхърэ Iэпкълъэпкъыр нэхъ лъапIэщ. 24 Къуаргъхэм феплъыт.
Абыхэм жылэ ясэркъым, гъави къахыжыркъым, гуэни гъэтIы-
лъыпIи яIэкъым, ауэ Тхьэм ахэр егъашхэ. Фэ бзухэм нэхърэ
куэдкIэ фынэхъ лъапIэкъэ! 25 ЩIэкъу пэтми, хэт фэ фщыщу, зы
Iэбжьэ нэхъ мыхъуми, и кIыхьагъым хигъэхъуэн зылъэкIынур?
26 Апхуэдэ мащIэ тIэкIур щыфхузэфIэмыкIкIэ, адрей къэна псом
щхьэкIэ сыт фыщIэгузавэр?
27 – Удз гъагъэхэм къызэрыкIым феплъыт: Ахэр лажьэркъым,
цыи яджыркъым, ауэ сэ нывжызоIэ, ягъэлеяуэ зызыгъэщIэра-
щIэу щыта езы Сэлмэн пащтыхь* дыдэри абыхэм ящыщ зым
ещхьу хуэпауэ щытакъым. 28 Нобэ губгъуэм щыгъагъэу, пщэдей
хьэкум ирадзэжыну удзыр Тхьэм апхуэдизу егъэлеяуэ щи-
гъэщIэращIэкIэ, абы нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэу фигъэщIэрэщIэ-
нукъэ фэ, фIэщхъуныгъэ зи мащIэхэр? 29 Фэри фшхынумрэ
фызэфэнумрэ я ужь фимыт икIи абыхэм фримыгумэщI. 30 Сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ апхуэдэ Iуэху псори ащ дунейм тет лъэпкъ-
хэм къалъыхъуэр. Фэ абы фызэрыхуэныкъуэр фи Адэ лъапIэм
ищIэркъэ? 31 Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм и Iуэхугъуэхэм я ужь

12:27 Сэлмэн пащтыхьыр – СоломонкIэ зэджэрщ. И зэманым щыгъуэ ар пащтыхьу щыIэм нэхърэ нэхъ бейуэ щытащ. Еплъ Пащтыхьхэм я хъыбархэр зэрыт япэ тхылъым (3-я Царств) 10:23.

фит япэщIыкIэ, адрейуэ къэна Iуэхугъуэхэр псори къыфIэщIы-
хьэнущ итIанэ.

[32]– Фымышынэ фэ гуп мащIэр, фи Адэ лъапIэм и Тепщэны-
гъэшхуэр къыщыскIэ тепщэныгъэр къывитыну хуейщи. [33]Фи
хьэпшыпхэр фщэжи, ахъшэр тхьэмыщкIэхэм яхуэвгуэш. ТIоры-
сэ мыхъужын бохъшэхэр вгъэхьэзыр, зыхэмыщIын мылъку
уафэм щызэвгъэгъуэт. ДыгъуакIуэ лъэпкъ а мылъкушхуэм
екIуэлIэфынукъым итIанэ, хъунми яшхынукъым. [34]Фи
мылъкушхуэр здэщыIэм фигухэри щыIэнущ.

*Фымыжейуэ, фысакъ*
*(Маттэ 24:45-51)*

[35]– Фи цеикIэхэр дэупщIауэ, фи уэздыгъэхэр щIэгъэнауэ, хьэ-
зыру фыщыт. [36]Зи тепщэр хьэгъуэлIыгъуэм къикIыжыным пэ-
плъэрэ бжэм къызэрытеуIуэу хуIузыхыну хьэзыру щытхэм
хуэдэу фыщыт. [37]Тепщэм къигъэзэжа нэужь, мыжейуэ икIи
сакъыу къызрихьэлIэж унэIутхэр гъуэгу махуэ теуващ. Пэжыр
нывжызоIэ, абы и цеикIэр диупщIэнущ, Iэнэм пэригъэтIы-
схьэнущ икIи езыр къэкIуэнурэ къащхьэщытынущ. [38]Жэщ
ныкъуэм е джэд Iуэгъуэм деж тепщэр къэкIуэжауэ, мыжейуэ
икIи сакъыу а унэIутхэм кърихьэлIэжмэ, ахэр гъуэгу махуэ теу-
ващ. [39]Ауэ мыр зэвгъащIэ: Унэр зейм дыгъуакIуэр къыщыкIуэну
сыхьэтыр ищIэу щытамэ, жеинтэкъым, езым и унэми щIигъы-
хьэу, щIэлъыр иригъэдыгъунтэкъым. [40]Фэри фыхьэзырын
хуейщ, фыщимыгугъэ сыхьэт гуэрым ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр
дунейм къэкIуэжынущи.

[41]– Зиусхьэн, – жиIащ Петр, – мы ущие хъыбарыр дэр щхьэкIэ
жыпIэрэ хьэмэрэ псом щхьэкIи жыпIэрэ?

[42]– Хэт атIэ акъылыфIагъэ иIэрэ зыщыгугъ хъун унэзехьэу
тепщэм езым и Iуэхутхьэбзащiэхэм унафэщI яхуищIынур, шхын
и чэзум къаритын щхьэкIэ? – жиIащ Зиусхьэным. [43]– А унэIутыр
гъуэгу махуэ теуващ, тепщэр къэкIуэжрэ апхуэдэу ищIэу къри-
хьэлIэжмэ. [44]Пэжыр нывжызоIэ, тепщэм и мылъку псори а
унэIутым и IэмыщIэ ирилъхьэнущ. [45]Ауэ а унэIутым игукIэ «Си
тепщэр къэгувэнущ» жиIэу адрей унэIут цIыхубзхэми цIыху-
хъухэми яхэуэу икIи ефэ-ешхэурэ удафэу щиублэкIэ, [46]а унэIу-
тым тепщэр къэкIуэжыну щимыгугъэ махуэм икIи щыпэмыплъэ
сыхьэтым ар къэсынущ. А унэIутыр хьэлэчу иубэрэжьынущ

тепщэм икIи фIэщхъуныгъэ зимыIэхэм гугъуехь щадишэчыну
щIыпIэм игъэкIуэнущ.

[47]– И тепщэр зыхуейр ищIэу щыта пэтми, зызымыгъэхьэзы-
ра е тепщэр зыхуейр зымыгъэзэщIа унэIутым удын куэд къы-
техуэнущ. [48]И тепщэр зыхуейр имыщIэу, тезыр зыхуэфащэ
Iуэхухэр зылэжьам нэхъ удын мащIэщ къытехуэнур. Куэд зри-
там куэд къитыжынкIэ щыгугъынущ Тхьэр, зи IэмыщIэ куэд
ирилъхьам нэхъ куэдыжкIэ щыгугъынущ.

*Зы унэм зэдыщIэсхэр зэрызэгурымыIуэнур*
*(Маттэ 10:34-36)*

[49]– ЩIым мафIэ ездзын щхьэкIэ, сыкъэкIуащ икIи ар щIэна-
мэ, сыту си гуапэ хъунут! [50]ЦIыхухэм гугъуехькIэ саумэхъын*
хуейщ, ар къысэхъулIэху Iейуэ согузавэ. [51]ЩIылъэм зэгурыIуэ-
ныгъэ къыхуэсхьын щхьэкIэ сыкъэкIуауэ фи гугъэ? Хьэуэ, сэ
нывжызоIэ, аракъым сыкъыщIэкIуар, атIэ зэгурымыIуэныгъэ
фхэслъхьэн щхьэкIэщ, [52]сыту жыпIэмэ иджы щыщIэдзауэ зы
унэм зэдыщIэс цIыхуитхур лъэныкъуитI зэрыгъэхъунущ: щыр
тIум пэувынущ, тIури щым пэувынущ; [53]лъэныкъуитI зэрыгъэ-
хъунурэ, адэр къуэм, къуэр адэм пэувынущ; анэр пхъум, пхъур
анэм пэувынущ; гуащэр нысэм, нысэр гуащэм пэувынущ.

*Мы зэманым и нэщэнэхэм къарыкIыр зыгурывгъаIуэ*
*(Маттэ 16:2-3)*

[54]– КъухьэпIэмкIэ пшэ къытрихьэу флъагъумэ, «Уэшх къе-
шхынущ» асыхьэтым жывоIэ, апхуэдэуи мэхъу, – яжриIащ
Хьисэ цIыхубэм. [55]– Адрейуэ, ипщэ лъэныкъуэмкIэ къикI жьыр
къыщепщэкIэ, «Хуабэ дыдэ хъунущ» жывоIэ, апхудэуи мэхъу.
[56]Фэ, бзитIщхьитIхэ! ЩIылъэмрэ уафэмрэ я теплъэм къикIыр
къывгуроIэ, мы зэманым и нэщэнэхэм къикIыр къыщIыв-
гурымыIуэр сыт?

12:50 умэхъын – еплъ Маттэ 3:1.

*Уи дауэгъум узэрекIужыным и ужь ит*
*(Маттэ 5:25-26)*

[57]– Фэ фщIэн хуейр фэр-фэру сыт къыщIывгурымыIуэр? [58]Пса-
лъэм щхьэкIэ, уи дауэгъум уригъусэу хеящIэм* деж ущыкIуэкIэ,
гъуэгум фытетыху, узэрекIужыным и ужь ит. Армырамэ, уи
дауэгъум хеящIэм* и пащхьэм уришэнущ, абы лъэхъуэщ хъума-
кIуэм уIэщIилъхьэнущ, лъэхъуэщ хъумакIуэм лъэхъуэщым
ущIидзэнущ. [59]Сэ бжызоIэ, зы хъурыщи къыпхуэмынэжыху
щIумытауэ, уэ лъэхъуэщым укъыщIэкIыжынукъым.

## 13-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Гуэныхьу пщIахэм хущIегъуэж,*
*армырамэ, уэр-уэру зыбгъэкIуэдыжауэ арщ*

ЦIыху гуэрхэр Хьисэ деж къакIуэри, Пилат Iэтащхьэм* Гали-
лейм щригъэукIахэм я хъыбар къыхуахьащ а зэманым. А цIы-
хухэм я лъымрэ я къурмэныпхъэм и лъымрэ зэхэлъадэу, Пилат
и цIыхухэм яригъэукIыгъащ. [2]Хьисэ деж къэкIуахэм яжриIащ:
– Ахэр апхуэдэу зэрыкIуэдам щхьэкIэ, Галилей щыщ адрей
цIыху псоми нэхърэ ахэр нэхъ гуэныхьыщIэу фи гугъэ? [3]Хьэуэ,
сэ нывжызоIэ, ар пэжкъым. Ауэ фэ фщIа гуэныхьхэм фахущIе-
мыгъуэжмэ, псори апхуэдабзэу фыкIуэдынущ. [4]Е Силоам зи
цIэ щIыпIэм ит бэтэгъейр къызэтеуэу щIипIытIа цIыху пщы-
кIуийр Ерусалим дэс цIыху псоми нэхърэ нэхъ къуаншэу фи
гугъэ? [5]Хьэуэ, сэ нывжызоIэ, ар пэжкъым. Ауэ фэ къэфхьа гуэ-
ныхьхэм фахущIемыгъуэжмэ, апхуэдабзэу фыкIуэдынущ псори.

*Ахъуо жыг гъуам теухуа ущие хъыбарыр*

[6]Хьисэ мы ущие хъыбарыр яжриIащ итIанэ:
– Зыгуэрым и хадэм ахъуо жыг итт. Абы къыпыкIаIамэ,
еплъыну къыщыкIуэм, къыпыкIаIауэ зыри игъуэтакъым. [7]Ара-
ти, хэдэзехьэм жриIащ: «Мис, илъэсищ хъуауэ, мы жыгым
зыгуэр къыпыкIэмэ, сеплъыну сыкъокIуэ, ауэ къыпыкIаIауэ

---

12:58 хеящIэр – зыгуэр хеймэ е къуаншэмэ, хабзэм тету зэхэзыгъэкIырщ.

13:1 Пилат Iэтащхьэр – еплъ 3:1.

згъуэтыркъым. Ауэ щыхъукIэ, къиупщIыкIыж, сыт щIыр щIигъэхьэулеин хуейр мыбы?»

[8]–Хэдэзехьэм къыжриIащ: «Зи щIыхь ин, зы илъэс игъэт иджыри. Жыгыр ихъуреягъкIэ къэстIыхьынурэ, вэнывей тIэкIу щIэскIутэнущ. [9]Гъэ къакIуэ къыпыкIэнкIэ хъунщ. КъыпымыкIэмэ, къибупщIыкIыжынщ».

*Зиузэхун лъэмыкIыу, зи тхыр ухуауэ щыт цIыхубз гуэр Хьисэ щэбэт махуэм зэригъэхъужар*

[10]Хьисэ синэгуэгу гуэрым цIыхухэм Тхьэм и псалъэхэр щаригъащIэрт щэбэт махуэм. [11]Илъэс пщыкIуий лъандэрэ сымаджэ цIыхубз гуэр жин бзаджэм иIыгъыу абдежым щIэтт. Зиузэхун лъэмыкIыу, и тхыр ухуат абы. [12]Хьисэ ар щилъагъум, къриджэри жриIащ:

– ЦIыхубз, уи узыр иджы щыщIэдзауэ пщхьэщыкIащ.

[13]И Iэхэр а цIыхубзым трилъхьэри, абы занщIэу зиузэхужащ, Тхьэми щIыхь хуищIащ.

[14]Хьисэ сымаджэр щэбэт махуэм зэригъэхъужам щхьэкIэ, синэгуэгу пашэр губжьри, цIыхухэм яжриIащ:

– Щылэжэн хуей махуих яIэщ цIыхум. ЗэвгъэIэзэнумэ, а махуихым фыкъакIуэ, щэбэт махуэм фыкъэмыкIуэ.

[15]– Фэ, бзитIщхьитIхэ! – жриIащ Зиусхьэным а пашэм. – Зи выр е зи шыдыр къыкIэритIэтыкIыу щэбэт махуэми псы езымыгъафэ къыфхэт? [16]Апхуэдэу щыщыткIэ, Ибрэхьим къытехъукIа цIыхухэм ящыщу илъэс пщыкIуий лъандэрэ шейтIаным иIыгъ мы цIыхубзыр щэбэт махуэм щхьэхуит сщIыуэ згъэхъужын хуеякъэ?

[17]Хьисэ ар щыжиIэм, къыпэувауэ щыт цIыху псори укIытэжащ, ауэ адрейхэр Хьисэ илэжьа Iуэху телъыджэ псоми щыгуфIыкIащ.

*Хъардэл хьэдзэмрэ пщагъэмрэ теухуа ущие хъыбарыр*
*(Маттэ 13:31-33; Марк 4:30-32)*

[18]– Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр* зыхуэдэр сыт? – жиIащ Хьисэ.
– Ар сытым езгъэщхьын? [19]Ар зыхуэдэр хъардэл* хьэдзэрщ.

---

13:18 Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр – еплъ Маттэ 3:2.

13:19 хъардэл – тарчицэ, андэгурэ лIэужыгъуэ.

Ар лIы гуэрым къищтэри, и хадэм хисащ. Хьардэлыр къэкIри,
и къудамэхэм къуалэбзухэр къытетIысхьэу, жьауапIэ яхуэхъуащ.
20– Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр сытым хуэзгъэдэн? – аргуэру
жиIащ Хьисэ. 21– Ар зыхуэдэр пщагъэрщ. ЦIыхубз гуэрым ар
къищтэщ, IэнлъищкIэ хупцIынэ ипщри, псори игъэтэджащ.

*Куэбжэ зэвыр*
*(Маттэ 7:13-14, 21-23)*

22Къалэхэмрэ къуажэхэмрэ къызэхикIухьым, цIыхухэм Тхьэм
и псалъэхэр яригъащIэурэ, Хьисэ ЕрусалимкIэ кIуэну иунэтIащ.
23Зыгуэр къеупщIащ абы:

– Зи щIыхь ин, мыкIуэду Тхьэм къригъэлыну цIыхухэр мащIэ
дыдэ?

24– Куэбжэ зэвымкIэ фызэрыдыхьэным Iэмал зэриIэкIэ и ужь
фит, – жэуап яритыжащ Хьисэ абыхэм, – сыт щхьэкIэ жыпIэмэ,
сэ нывжызоIэ, цIыху куэд куэбжэмкIэ дыхьэну и ужь итынущ,
ауэ яхузэфIэкIынукъым. 25Бысымыр къэтэджу куэбжэр хуищIы-
жа нэужь, «Зиусхьэн, Зиусхьэн, куэбжэр къытхуIух», жыфIэурэ
уэрамым фыдэту куэбжэм фытеуIуэнущ.

– Абы къывжиIэнущ: «Фэ хэт фыщыщми, сэ сщIэркъым».

26– Абы щыгъуэ жефIэу щIэвдзэнущ: «Уи гъусэу дешхат икIи
дефат; ди къалэм и уэрамхэм Тхьэм и псалъэхэр щыдбгъэщIауэ
щытат».

27– Абы къывжиIэнущ: «Фэ хэт фыщыщми, сэ сщIэркъым.
ФызбгъэдэкI, фэ бзаджащIэ псори!»

28– Ибрэхьими, Исхьэкъи, Екъуби, адрей бегъымбар псори
Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм щIыхьауэ, ауэ фэ а Тепщэныгъэ-
шхуэм фыкъыщIахуауэ щыфлъагъукIэ, гъы макърэ дзэ зэры-
гъэшх макърэ къыщыIунущ абы. 29КъуэкIыпIэмкIи къухьэпIэм-
кIи, ищхъэрэкIи ипщэкIи къикIынурэ, я тIысыпIэхэр Тхьэм и
Тепщэныгъэшхуэм и гухэхъуэ Iэнэм щаубыдынущ цIыхухэм.
30Я ужь итхэм ящыщхэр япэ ищынущ, япэ итхэм ящыщхэри я
ужь къинэнущ абы щыгъуэ.

*Еууей, Ерусалим! Ерусалим!*
*(Маттэ 23:37-39)*

[31]Фарисейхэм* ящыщ гуэрхэр абы ирихьэлIэу къакIуэри,
Хьисэ къыжраIащ:
– Мы щIыпIэр къэбгынэ, Ирод пщым и цIыхухэм уаригъэ-
укIынущи.
[32]– ФыкIуи, – яжриIащ Хьисэ, – а бажэм жефIэ: «Сэ жин бзад-
жэхэр цIыхухэм нобэрэ пщэдейрэ яхэсхунущ, сымаджэхэми
сеIэзэнущ, си Iуэхур ещанэ махуэм сыухынущ». [33]Апхуэдэу щыт
пэтми, ноби, пщэдеи, пщэдеймыщкIи си гъуэгу срикIуэн хуейщ,
бегъымбарыр Ерусалим фIэкIа нэгъуэщI щIыпIэ щылIэ хъуну-
къыми.
[34]– Еууей, Ерусалим, Ерусалим! Уи цIыхухэм бегъымбархэр
яукI, Тхьэм и лIыкIуэхэри, мывэкIэ еуэурэ, яукI. Бзум и шырхэр
и дамэ щIагъым зэрыщызэхуишэсым хуэдэу, уи бынхэр зэхуэс-
шэсыну сыт хуэдизрэ сыхуея, ауэ фэ фыхуеякъым. [35]АтIэ фи
къалэм Тхьэр нэфIкIэ къеплъыжынукъым. Сэ нывжызоIэ, «Зиус-
хьэным и цIэкIэ къакIуэм щIыхьышхуэр ейщ» щыжыфIэну ма-
хуэм нэсыху сыкъэфлъагъуужынукъым.

## 14-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ЛIы зэщIэбэгар Хьисэ щэбэт махуэм зэригъэхъужар*

Фарисей пашэхэм ящыщ гуэрым и унэм щышхэну щэбэт
махуэ гуэрым Хьисэ щригъэблэгъам, цIыхухэр Хьисэ кIэлъы-
плъырт. [2]ЛIы гуэр зэщIэбэгауэ Хьисэ и пащхьэм къиуващ
асыхьэтым. [3]Хьисэ торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ фарисейхэмрэ
яжриIащ:
– Сымаджэр щэбэт махуэм бгъэхъужыныр хабзэм къезэгърэ
хьэмэрэ къемызэгърэ?
[4]Абыхэм зыри жаIакъым. Хьисэ сымаджэм теIэбэщ, игъэ-
хъужри иутIыпщыжащ.
[5]Хьисэ абыхэм еупщIащ итIанэ:
– Фэ фщыщ гуэрым и шыдыр е и выр щэбэт махуэм псы-
къуий мащэм ихуэмэ, занщIэу кърихыжынукъэ?
[6]Абыхэм жэуап кърatыфакъым.

*ХьэщIэхэмрэ бысымымрэ зэрагъэщIэн хуей Iуэхухэр*

[7]ХьэщIэхэм тхьэмадэ тIысыпIэхэр яубыду гу щылъитэм, мы
ущие хъыбарыр Хьисэ яжриIащ:

[8]–Зыгуэрым гухэхъуэ Iэнэм уригъэблагъэмэ, тхьэмадэ тIы-
сыпIэм умытIыс, абы къригъэблэгъахэм уэр нэхърэ нэхъыжь
гуэр яхэтынкIэ хъунущи. [9]Уэри ари фезыгъэблэгъа бысымым
уэ къыббгъэдыхьэнурэ, абы щыгъуэ къыбжиIэнущ: «Мы цIы-
хум уи тIысыпIэр ет!» Апхуэдэу хъумэ, уукIытэжауэ, нэхъ тIы-
сыпIэ икIэ дыдэм утIысын хуей хъунущ уэ. [10]УщрагъэблагъэкIэ,
тIысыпIэ икIэ дыдэм тIыс. Бысымым, уэ къыббгъэдыхьэнурэ,
къыбжиIэнущ абы щыгъуэ: «Си ныбжьэгъу, тIэкIу къыдэкIуэ-
тей!» Абы адрей хьэщIэ псоми я пащхьэм ущигъэлъэпIэнущ;
[11]зи щхьэ зыгъэин дэтхэнэри Тхьэм игъэлъэхъшэнущ, зи щхьэр
зыгъэлъахъшэр Тхьэм игъэинынущи.

[12]Хьисэ и бысымым жриIащ итIанэ:

- Уэ шэджагъуашхэ е пщыхьэщхьэшхэ щыпщIкIэ, уи ныб-
жьэгъухэри, уи къуэшхэри, уи благъэхэри, уи гъунэгъу бейхэри
къыумыгъэблагъэ. Ахэр къебгъэблагъэмэ, яхуэпщIар къыпхуа-
щIэжын папщIэ урагъэблэгъэжынкIэ хъунущ. [13]Ауэ гухэхъуэ
Iэнэ щытебгъэувэкIэ, тхьэмыщкIэхэр, ныкъуэдыкъуэхэр,
лъашэхэр, нэфхэр къегъэблагъэ. [14]ЯхуэпщIар абыхэм къызэ-
рыпхуамыщIэжыфынум щхьэкIэ, гъуэгу махуэ утеуващ.
Щыпкъагъэ зиIэ цIыхухэр къыщытэджыжкIэ, яхуэпщIар Тхьэм
къыпхуищIэжынущ.

*Гухэхъуэ Iэнэм теухуа ущие хъыбарыр*
*(Маттэ 22:1-10)*

[15]Хьисэ щIыгъуу Iэнэм бгъэдэса гуэрым ар щызэхихым,
жиIащ:

– Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр къыщыскIэ, адрей хьэщIэхэм я
гъусэу Iэнэм бгъэдэсынур гъуэгу махуэ теуващ.

[16]– ЛIы гуэрым гухэхъуэ Iэнэ тригъэуващ, – жриIащ Хьисэ а
лIым, – цIыху куэди къригъэблэгъащ. [17]Гухэхъуэ Iэнэр щыт-
раувэну сыхьэтыр къыщысым, къеблэгъэнухэм я деж унэIут
гуэр игъэкIуащ, мыпхуэдэу яжриIэну: «Иджы фыкъеблагъэ, псо-
ри хьэзырщ».

[18]– Ауэ псоми, зэрыгъэIуща нэхъей, щхьэусыгъуэхэр ящIу
щIадзащ. Япэрейм унэIутым къыжриIащ: «Сэ щIы къэсщэ-

хуащи, сыкIуэу абы семыплъмэ, хъунукъым. ЕмыкIу сыкъыумыщI».

[19]– НэгъуэщI зыгуэрми жиIащ: «ВипщI къэсщэхуащи, я щытыкIэм сеплъыну сокIуэ. ЕмыкIу сыкъыумыщI».

[20]– Ещанэми жиIащ: «Сэ фыз къэсшащи, сынэкIуэфынукъым».

[21]– УнэIутым къигъэзэжри, Iуэхур зэрыхъуар и тепщэм къыжриIэжащ. Апхуэдэу щыхъум, бысымыр къэгубжьри, унэIутым жриIащ: «Къалэм и уэрамышхуэхэми и уэрам цIыкIухэми псынщIэу дыхьи, тхьэмыщкIэхэр, ныкъуэдыкъуэхэр, нэфхэр, лъашэхэр мыбы къашэ».

[22]– УнэIутым къыщигъэзэжым, жиIащ: «Зи щIыхь ин, уи унафэр згъэзэщIащ, ауэ тIысыпIэ нэщIхэр щыIэщ иджыри».

[23]– Тепщэм унэIутым жриIащ итIанэ: «Гъуэгухэмрэ лъагъуэхэмрэ техьи, си унэм щIэз хъун щхьэкIэ, къэкIуэну цIыхухэм яжеIэ. [24]Сэ нывжызоIэ, къезгъэблэгъахэм ящыщ зыри си ерыскъым къыхэIэбэнукъым».

– Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ къеблэгъахэр куэдщ, ауэ хэплъыхьауэ яхэтыр мащIэщ, – къыщIигъужащ Хьисэ.

*Хьисэ и гъуэгу ирикIуэным хэлъ гугъехьыр*
*(Маттэ 10:37-38)*

[25]Хьисэ щIыгъуу цIыху гупышхуэ гъуэгу тетт. Абыхэм захуигъазэри, Хьисэ яжриIащ:

[26]– Ар хэтуи щрет, гъусэ зыкъысхуэзыщIауэ, и анэр, и фызыр, и бынхэр, и къуэшхэр, и шыпхъухэр фIыуэ зэрилъагъум, и псэри фIыуэ зэрилъагъум нэхърэ сэ нэхъыфIу сызымылъагъур си гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ хъуфынукъым. [27]Ар хэтуи щрет, и жорыр зыхьу сэ си ужь къимыувэм си гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ хъун лъэкIынукъым.

[28]– Фщыщ гуэрым бэтэгъей ищIын хуей хъумэ, япэщIыкIэ тIысрэ, зыхуеину псор къилъытэу, бэтэгъейр зэрыригъэухуэн ахъшэ иIэрэ имыIэрэ зригъэщIэн хуейкъэ? [29]Армыхъумэ, лъабжьэр игъэуващэ, унэр нигъэсын щылъэмыкIкIэ, ар къэзылъагъу цIыху псори къыщыдыхьэшхыурэ, [30]мыпхуэдэу жаIэнущ: «Мы лIым унэ ищIыну къригъэжьат, арщхьэкIэ икIэм хунигъэсакъым».

[31]– Апхуэдэуи, зы пащтыхь гуэрым нэгъуэщI пащтыхьым зауэ ирищIылIэну игу илъмэ, япэщIыкIэ тIысу, цIыху мин тIощI

зиIэ бий къыхуэкIуэмэ, езым и цIыху минипщIымкIэ пэувын
лъэкIынрэ лъэмыкIынрэ егупсысын хуейкъэ? 32Пэмыувыфы-
нумэ, бийр къэмыс щIыкIэ лIыкIуэхэр хуигъэкIуэнурэ, зэкIужы-
ну иригъэлъэIунущ. 33Абы ещхьу, фэ фщыщу, хэтуи щрети, иIэ
псори IэщIыб зымыщIым си гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ хъун
лъэкIынукъым.

*Шыугъэ зыхэмылъ шыгъур*
*(Маттэ 5:13; Марк 9:50)*

34– Шыгъур фIыщ. Ауэ шыгъум и шыугъэр хэкIмэ, абы и шыу-
гъэр дауэ зэрыхэплъхьэжынур? 35ЩIымкIи вэнывеймкIи ар сэ-
бэп хъужынукъым. Апхуэдэр хыфIадзэж.
– ИридэIуэну тхьэкIумэ зиIэр иредаIуэ.

## 15-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Мэл кIуэдам теухуа ущие хъыбарыр*
*(Маттэ 18:12-14)*

Хьэкътын ахъшэр хэзыххэри гуэныхь зытелъхэри, къанэ щы-
мыIэу, Хьисэ едэIуэну къекIуэлIащ. 2Ауэ фарисейхэмрэ торэт
егъэджакIуэ пашэхэмрэ я мыгуапэу жаIащ:
– Мы лIым гуэныхь зыщIэхэр зригъэгъусэщ икIи абыхэм
ядошхэ.
3Хьисэ мы ущие хъыбарыр абыхэм яжриIащ абы щыгъуэ:
4–Фэ фщыщ гуэрым мэлищэ иIэу жытIэнщ. Абыхэм ящыщ
зы фIэкIуэдмэ, адрей бгъущIрэ бгъур губгъуэм къринэу,
фIэкIуэдар къигъуэтыжыхукIэ лъыхъуэнукъэ? 5Ар къыщи-
гъуэтыжкIэ, гуфIэу къеIэтри, и дамэм трелъхьэ. 6Унэм къы-
щыкIуэжкIэ, и ныбжьэгъухэмрэ и гъунэгъухэмрэ къреджэри,
яжреIэ: «ФыкъыздэгуфIэ, сфIэкIуэда мэлыр къэзгъуэтыжащ».
7Сэ нывжызоIэ, абы ещхьыркъабзэу, гуэныхь хущIегъуэжыным
хуэмыныкъуэ, щыпкъагъэ зигу илъ цIыху бгъущIрэ бгъум пап-
щIэ уафэм щыIэну гуфIэгъуэм нэхърэ зи гуэныхьхэм хущIе-
гъуэж гуэныхьыщIэ закъуэм щхьэкIэ уафэм нэхъ гуфIэгъуэшхуэ
щыIэнущ.

*Дыжьын ахъшэ кIуэдам теухуа ущие хъыбарыр*

[8]–Абы ещхьу, цIыхубз гуэрым дыжьын ахъшипщI иIэу жы-
тIэнщ. Абыхэм ящыщ зыр фIэкIуэдмэ, уэздыгъэ щIигъанэу
ахъшэр къигъуэтыжыхукIэ, хуэсакъыпэу лъыхъуэурэ, унэ псор
щIищыкIыркъэ? [9]Ар къыщигъуэтыжкIэ, и ныбжьэгъухэмрэ и
гъунэгъухэмрэ къреджэри, яжреIэ: «ФыкъыздэгуфIэ, ахъшэ
сфIэкIуэдар къэзгъуэтыжащ». [10]Сэ нывжызоIэ, абы ещхьыр-
къабзэу, гуэныхь зыщIауэ щIегъуэж цIыхум Тхьэм и мелыIычхэр
хуэгуфIэнущ.

*Къуэ кIуэдам теухуа ущие хъыбарыр*

[11]– ЛIы гуэрым къуитI иIэт, – жиIащ Хьисэ. [12]– Къуэ нэхъы-
щIэм и адэм жриIащ: «Си адэ, мылъкум щыщу къыслъысыну
Iыхьэр къызэт». Арати, адэм мылъкур яхуигуэшащ.

[13]– Зыкъом дэкIа нэужь, къуэ нэхъыщIэм иIэ псори зэщIикъуэ-
ри, хамэ къэрал гуэрым кIуащ. И мылъкур а къэралъым щхьэ-
псыншагъэкIэ щигъэкIуэдащ. [14]Псори фIэкIуэдауэ, а къэралым
гъаблэшхуэ къыщыхъури, щIалэр тхьэмыщкIэ дыдэ хъуащ.
[15]Апхуэдэу щыхъум, а къэралым щыпсэу лIы гуэрым деж кIуэ-
ри, хуэлIыщIэну гурыIуащ. А лIым ар игъэкIуащ и кхъуэхэр
губгъуэм щригъэгъэхъуну. [16]Кхъуэхэм я Iусым щыщ и ныбэ из
ищIыну ехъуапсэрт лIыщIэм, ауэ а Iусым щыщ зыми кърита-
къым.

[17]– ЩIалэм и тхьэмыщкIагъэр къыщыгурыIуэжым, и щхьэ
хужиIащ: «Си адэм и лIыщIэхэр сыт хуэдиз хъуми, абыхэм
яшхын яхурикъуни къелыжыни яIэщ, ауэ сэ мэжалIэм сиукIыу,
мыбы сыщыIэщ. [18]Си адэм деж сыкIуэжынщи, жесIэнщ: Си
адэ, уафэмкIи уэркIи гуэныхь злэжьащ. [19]Уэ узикъуэщ къызже-
пIэну сэ схуэфащэкъым. Уи лIыщIэхэм ящыщ зы хуэдэу сэри
сыщтэ». [20]ИтIанэ зиIэтыжри, и адэм деж кIуэжыну ежьэжащ
итIанэ.

– Адэм и къуэр къэкIуэжу жыжьэу къыщилъагъум, игу щIэ-
гъущ, жэри, Iэплъэ иришэкIыу, ба хуищIу щIидзащ.

[21]– ЩIалэм и адэм къыжриIащ: «Си адэ, уафэмкIи уэркIи
гуэныхь злэжьащ. Уэ узикъуэщ къызжепIэну схуэфащэкъым».

[22]– Адэм и унэIутхэм яжриIащ: «Щыгъынхэм я нэхъыфIыр
къыхуэфхьи, фхуапэ, зы Iэлъыни Iэрыфлъхьэ, вакъи лъыф-

тIагъэ. 23Танэ гъэшхар къафши, фIэвгъэж. Дывгъашхэ-девгъафэ
икIи дывгъэгуфIэ. 24Мы си къуэр лIауэ щытащ, ауэ къэхъужащ,
кIуэдауэ щытащ, ауэ къэдгъуэтыжащ». Ар жиIэри, гухэхъуэ
Iэнэр трагъэуващ.

25– Адэм и къуэ нэхъыжьыр губгъуэм итти, къэкIуэжурэ унэм
и гъунэгъу къыщыхъужым, уэрэд макърэ Iэгуауэ макърэ зэхи-
хащ. 26УнэIутхэм ящыщ гуэр къриджащ, «Сыт къэхъуар?» жиIэ-
ри щIэупщIащ. 27УнэIутым къыжриIащ: «Уи къуэш нэхъыщIэр
къэкIуэжащ. Уи адэм, ар узыншэу къызэригъуэтыжам щхьэ-
кIэ, танэ гъэшхар фIригъэгъэжащ».

28– Къуэ нэхъыжьым ар щызэхихым, къэгубжьри, унэм щIы-
хьэжын идакъым. И адэр къыщIэкIри, щIыхьэжыну къе-
лъэIуащ. 29Ауэ абы и адэм жриIащ: «Мис, сэ илъэс дапщэ хъуауэ
сыпхуэлажьэрэ, уи унафэхэми зэи сытекIакъым. Си ныбжьэ-
гъухэм гухэхъуэ Iэнэ яхутезгъэувэн щхьэкIэ, зэи зы чыцIи къы-
зэптакъым. 30Ауэ къуэ зыхужыпIэу уи мылъкур цIыхубз псэжь-
хэм ятезыгъэкIуэдар къэкIуэжати, танэ гъэшхар хуфIебгъэ-
гъэжащ».

31– Апхуэдэу щыхъум, адэм къыжриIащ: «Си къуэ! Уэ сытым
щыгъуи узигъусэщ, сиIэ псори ууейщ. 32Ауэ иджыпсту дэ дыгу-
фIэн икIи дытхъэн хуейкъэ? Уи къуэш нэхъыщIэр лIауэ щытащ,
ауэ къэхъужащ, кIуэдауэ щытащ, ауэ къэдгъуэтыжащ».

## 16-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ЛIы бейм и унэзехьэ хьилэшым теухуа ущие хъыбарыр*

– ЛIы бей гуэрым унэзехьэ гуэр иIащ, – яжриIащ Хьисэ и
гъуэгу ирикIуэхэм. – «Мы лIым уи мылъкур пфIегъэкIуэд»,
жраIащ цIыхухэм лIы бейм. 2Арати, лIы бейм и унэзехьэр
къриджэри, жриIащ: «Уэр щхьэкIэ жаIэр пэж? Си мылъкур
зэрызепхьэ щIыкIэр сыгъэлъагъу. Си мылъкур дяпэкIэ уэ зепхьэ
хъужынукъым».

3–«Сыт сщIэнур?»- жиIащ игукIэ унэзехьэм. «Си тепщэм си
IэнатIэр сIехыж. ЩIы къэстIыну къару схурикъун сиIэкъым,

сылъэIуэнуи соукIытэ. 4Си IэнатIэр сIихыжмэ, сщIэнур иджы
къэсщIащ, цIыхухэм я унэхэм срагъэблэгъэн щхьэкIэ».

5–Арати, тепщэм и щIыхуэ зытелъу хъуар унэзехьэм
зырызурэ къриджэри, абыхэм ящыщ зым еупщIащ: «Си тепщэм
и щIыхуэу сыт хуэдиз птелъыр?»

6–«Дагъэ фэндырищэ стелъщ», жиIащ щIыхуэ зытелъ лIым.

– «Мис, уи щIыхуэ тхылъыр къэщтэж, тIыси, псынщIэу щэ
ныкъуэ итхэ», жриIэжащ абы.

7–Унэзехьэм нэгъуэщI гуэрми жриIащ: «Уэ сыт хуэдиз
щIыхуэу птелъыр?»

– «Гуэдз къэпищэ стелъщ», жиIащ абы.

– «Уи щIыхуэ тхылъыр къэщтэжи, пщIей итхэ», жриIащ абы.

8–Апхуэдэу щыхъум, тепщэр и унэзехьэ хьилэщым щыт-
хъуащ, зэрыIущым щхьэкIэ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ мы дунейм
тет цIыхухэр зэрызэхущытымкIэ нэху щыпкъым щызекIуэ цIы-
хухэм нэхърэ нэхъ Iущщ. 9ИкIи сэ нывжызоIэ, дунейм щывиIэ
мылъкумкIэ ныбжьэгъухэр зэвгъэгъуэт, а мылъкур фуха нэужь,
мыкIуэдыжын псэупIэм абыхэм фрагъэблэгъэн щхьэкIэ.

10– Iуэху мащIэкIэ узыщыгугъ хъун цIыхум Iуэху куэдкIи
ущыгугъ хъунущ, Iуэху мащIэкIэ узыщыгугъ мыхъун цIыхум
Iуэху куэдкIи ущыгугъ хъунукъым. 11Апхуэдэу щыщыткIэ, ду-
ней мылъкур зефхьэну узыщыгугъ хъун цIыхуу фыщымытамэ,
мылъку пэжыр фэ фи IэмыщIэ хэтыт къизылъхьэнур? 12Нэ-
гъуэщIхэм я мылъкур зрахьэнкIэ узыщыгугъ хъун цIыхуу
фыщымытамэ, фэ фи мылъкур зефхьэну хэтыт къывэзытынур?

13– Зы унэIутым зиусхьэнитIым хуэлэжьэн лъэкIынукъым;
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ е зым жагъуэгъу хуэхъунурэ, адрейр
фIыуэ илъагъунущ, е зым пэжу хущытынурэ, адрейм нэмыплъ
иритынущ. Тхьэми ахъшэми фахуэлэжьэн флъэкIынукъым фэ.

*Торэт хабзэмрэ Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэмрэ*
*(Маттэ 11:12-13)*

14Ахъшэр фIы дыдэу зылъагъу фарисейхэм а псор щызэха-
хым, Хьисэ щыдыхьэшхащ. 15Хьисэ абыхэм яжриIащ:

– Фэ цIыхухэм я пащхьэм щыпкъагъэ фигу илъ хуэдэу фэ
зыщытывогъауэ, ауэ фэ фи гум илъыр Тхьэм ещIэ; сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ цIыхухэм ягъэлъапIэ Iуэхугъуэхэр Тхьэм дежкIэ пуд
дыдэщ.

[16]– Мусэ бегъымбарым и Торэт хабзэм итхэмрэ бегъымбар-
хэм ятхахэм итхэмрэ Тхьэм хуэлажьэ цIыхухэм адрей цIыхухэр
ирагъэдаIуэу щытащ, умэхъакIуэ Иуан и махуэхэм нэсыху. Абы
къыщыщIэдзауэ, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм теухуа хъыба-
рыфIыр цIыхухэм хуаIуатэ икIи хэти а Тепщэныгъэшхуэм щIы-
хьэну пIэщIэгъуэкIэ щIокъу. [17]Ауэ Мусэ бегъымбарым и Торэт
хабзэм ит хьэрфхэм я нэхъ цIыкIур хэкIуэдыкIыным нэхърэ
уафэмрэ щIылъэмрэ нэхъ кIуэдыжыгъуафIэщ.

*Фыз игъэкIыжыным теухуауэ*
*(Маттэ 5:32; 19:9; Марк 10:11-12)*

[18]– И фызыр изыгъэкIыжу, нэгъуэщI цIыхубз къэзышэж дэт-
хэнэми зинэ ищIауэ мэхъу. Апхуэдэу, лIы гуэрым иригъэкIыжа
фызыр къэзышэжми зинэ ищIауэ мэхъу.

*ЛIы беймрэ Лазаррэ*

[19]– ЛIы бей гуэр щыIащ. Щыгъыным я нэхъ лъапIэмкIэ зихуа-
пэрт абы, махуэ къэси ефэ-ешхэшхуэ ищIырт. [20]ЛIы бейм и куэ-
бжэм деж лIы тхьэмыщкIэ гуэр, Лазар зи цIэр, и щIыфэр
бэгум зэщIищтауэ щылът. [21]А тхьэмыщкIэр и мэжалIэ иригъэ-
кIыну хэтт лIы бейм и Iэнэм къехуэхымкIэ. Хьэхэри къекIуа-
лIэурэ, абы и бэгухэм къебзейрт.

[22]– ЛIы тхьэмыщкIэр дунейм ехыжащ, мелыIычхэм ар Ибрэ-
хьим бегъымбарым деж яхьащ. ЛIы бейри дунейм ехыжри
щIалъхьэжащ. [23]А лIы бейм, лIахэм я лъахэм хьэзэб щытелъу
и нэхэр къиIэтри, Ибрэхьим жыжьэу къилъэгъуащ, Лазари
бгъэдэсу. [24]Ар щилъагъум, джащ: «Ди адэ Ибрэхьим, гущIэгъу
къысхуэщI, Лазар къысхуэгъакIуи, абы и Iэпэр псым хищIэм,
си бзэгум къытрилъхьэурэ ирегъэупщIыIу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
мы мафIэм сыхэтщи, хьэзаб стелъщ».

[25]– «Си щIалэ», жиIащ Ибрэхьим, «уигу къэгъэкIыж дунейм
ущытетым уэ абы IыхьэфIыр щыбгъуэтрэ, Лазар гугъу щехьу
зэрыщытар. Ауэ абы игу зыгъэзагъэ фIыгъуэхэр егъуэт иджы,
уэ гугъу уохь. [26]Абы нэмыщI, фэрэ дэрэ ди зэхуакум къуэ куу
дэтщ, мыбы никIыу фи деж нэкIуэну хуейхэр нэмыкIуэфын
щхьэкIэ. Апхуэдэу, фи деж къикIыу ди деж къэкIуэни ялъэкIы-
нукъым».

[27]– «АтIэ, ди адэ», жиIащ лIы бейм, «сынолъэIу, си адэм и
унэм Лазар гъакIуэ, [28]сыт щхьэкIэ жыпIэмэ къуэшитху сиIэщ.
Мы гугъуехь шэчыпIэм ахэри къэмыкIуэн щхьэкIэ, зыхуэсакъы-
жыну ягурырегъаIуэ».
[29]– «Абыхэм Мусэ бегъымбарым итхахэмрэ адрей бегъым-
бархэм ятхахэмрэ яIэщ, а тыгъэхэм ирырегъуазэ», къыжриIащ
Ибрэхьим лIы бейм.
[30]– «Хьэуэ, ди адэ Ибрэхьим», жиIащ лIым, «лIахэм зыгуэр
къахэтэджыкIыжрэ игъэзэжмэ, ахэр я гуэныхьхэм хущIегъуэ-
жынущ».
[31]– «Мусэ бегъымбарымрэ адрей бегъымбархэмрэ емы-
даIуэмэ, лIахэм зыгуэр къахэтэджыкIыжми, я фIэщ хъуну-
къым», къыжриIащ Ибрэхьим.

# 17-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ЦIыхухэм гуэныхь ящIэну дезыгъэхьэх Iуэхухэм, гуэныхь гъэгъуным, фIэщхъуныгъэм, жыIэщIэным теухуауэ*
*(Маттэ 18:6-7, 21-22; Марк 9:42)*

– ЦIыхухэм гуэныхь ящIэну дезыгъэхьэх Iуэхугъуэхэр къэ-
хъун хуейщ, ауэ ахэр къызыпкърыкI цIыхур гъуэгу мыгъуэ
теуващ, – яжриIащ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм. [2]– Абы мы цIы-
кIухэм ящыщ гуэрым гуэныхь ищIэну дригъэхьэх нэхърэ, щхьэл
мывэ и пщэм кIэращIэу хым хадзатэмэ, езым дежкIэ нэхъыфIт.
[3]Аращи, фызыхуэсакъыж!
– Уи къуэшым* гуэныхь ищIэмэ, ар зэрыгуэныхьыр жеIэ икIи
ар щIегъуэжмэ, хуэгъэгъу. [4]Зы махуэм и кIуэцIкIэ уэркIэ блэней-
ра гуэныхь ищIэмэ, къигъэзэжу, «СыщIегъуэжащ», жиIэмэ, хуэ-
гъэгъу.
[5]–ФIэщхъуныгъэу диIэм къытхухэгъахъуэ, – къыжраIащ апос-
толхэм* Зиусхьэным.

17:3 уи къуэш – зы диным ирикIуэхэр зэкъуэш мэхъу.

17:5 апостолхэр – еплъ Маттэ 10:2.

6–Хъардэл* хьэдзэм хуэдиз фIэщхъуныгъэ фиIэу, мы ахъуо
жыгым «Зыкъыхэтхъыжи, хым зыщыхэсэж», жефIэмэ, къывэ-
дэIуэнущ, – жиIащ Зиусхьэным.

7–Фщыщ гуэрым унэIуту иIэр вэуэ е мэлхэр игъэхъуу жы-
тIэнщ. А унэIутыр губгъуэм къыщикIыжкIэ, «ПсынщIэу
къакIуи, Iэнэм къыбгъэдэтIысхьэ», жриIэну пIэрэ абы? 8Хьэуэ,
жриIэнукъым. ЖриIэнур мыращ: «Пщыхьэщхьэшхэ къысхуэ-
гъэхьэзыр, уи цеикIэр дэупщIи, сэ сышхэху икIи сефэху къысщ-
хьэщыт. Абы и ужькIэ ушхэну икIи уефэну ухуитщ». 9А унэIу-
тым хуэпщIа унафэр зэригъэзэщIам щхьэкIэ фIыщIэ хуэпщIы-
ну? Си гугъэкъым. 10Апхуэдэу, фэри, Тхьэм къыфхуищIа унафэр
вгъэзэщIа нэужь, мыпхуэдэу жыфIэн хуейщ: «Дэ пщIэ зимыIэ
дыунэIутщ. Дэ тщIар тщIэн хуеиуэ щытар тщIауэ».

*Уэшын уз зыпкърыт цIыхуипщIыр Хьисэ зэригъэхъужар*

11Хьисэ Ерусалим кIуэуэ, Самарие, Галилей хэкухэм кIуэ-
цIрыкIырт. 12Жылэ гуэрым дыхьэ пэтрэ, уэшын уз зыпкърыт
лIипщI къыIущIащ. Жыжьэу къэуври, 13макъышхуэкIэ къэджащ
ахэр:

– Хьисэ, гъуазэ, гущIэгъу къытхуэщI!

14Ахэр щилъагъум, Хьисэ жиIащ:

– ФыкIуи, дин пашэхэм закъевгъэлъагъу.

Ахэр гъуэгум здрикIуэм, къабзэ хъуурэ, я узыр якIэрыхужащ.

15Абыхэм ящыщ зым зэрыхъужар щилъагъум, Тхьэм ма-
къышхуэкIэ фIыщIэ хуищIурэ къигъэзэжащ. 16Хьисэ и лъабжьэм
бгъэгукIэ зыщIидзэри, фIыщIэ хуищIащ. А лIыр Самарие хэ-
кум* щыщт.

17– ЛIипщIыр къабзэ хъужакъэ? – жиIащ Хьисэ. – Адрей лIи-
бгъур дэнэ щыIэ? 18Мы лIы хамэ закъуэм фIэкIа, къигъэзэжу
Тхьэм фIыщIэ хуэзыщIын зыри къахэмыкIауэ аракъэ?

19Хьисэ а лIым жриIащ итIанэ:

– Къэтэджи, кIуэж. Уи фIэщхъуныгъэм уигъэхъужащ.

---

17:6 хъардэл – еплъ 13:19.

17:16 Самарие хэкур – еплъ 9:52.

*Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр къызэрыкIуэнур*
*(Маттэ 24:23-28, 37-41)*

20– Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр сыт щыгъуэ къэкIуэну? – жаIэу
фарисейхэр Хьисэ щеупщIым, абыхэм яжриIащ:
– Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр нэрылъагъуу къэкIуэнукъым,
21икIи цIыхухэм, «Мис, ар мыдэ щыIэщ», е «Мес, модэ щыIэщ»,
жаIэнукъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр
фэ къыфхэтщ.*
22Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм яжриIащ итIанэ:
– ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм и махуэхэм щыщу зы махуэ
закъуэ нэхъ мыхъуми флъагъуну фыщыхуей зэман къэунэхунущ,
ауэ фэ флъагъунукъым. 23«Мис, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр мыдэ
щыIэщ», е «Мес, модэ щыIэщ», къывжаIэнущ, ауэ абы
фымыкIуэ икIи а цIыхухэм факIэлъымыжэ; 24сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ зы уафэ гъунэм къыщыщIэдзауэ адрей гъунэм нэсыху
уафэхъуэпскIым дунейр зэригъэнэхум хуэдэу, къыщыкIуэжыну
махуэм деж ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр къэлъэгъуэжынущ. 25Ауэ
абы гугъуехь куэд ишэчын икIи иджырей цIыхухэм ар
зыхагъэкIын хуейщ япэщIыкIэ.
26– Нухь бегъымбарым и махуэхэм Iуэхухэр зэрыщытам
хуэдэу, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр дунейм къыщыкIуэжынум и
пэ къиху махуэхэм Iуэхухэр абы тетынущ. 27ЦIыхухэр шхэрт,
икIи ефэрт, къашэрт икIи дэкIуэрт абы щыгъуэ, Нухь кхъухьым
щитIысхьэну махуэм нэсыху. ИтIанэ псыдзэр* къащIэуэри, абы
псори хэкIуэдащ.
28– ЛутI бегъымбарым* и махуэхэм Iуэхухэр апхуэдэу щы-
тащ: ЦIыхухэр шхэрт икIи ефэрт, зыгуэрхэр къащэхурт икIи
ящэрт, жылэ ясэрт, унэхэри ящIырт. 29Ауэ ЛутI Содом къалэм
щыдэкIа махуэм мафIэрэ тхъуэбзащхъуэрэ зэщIэлъу уафэм къе-
щэщэхри, ахэр псори хэкIуэдащ.
30– ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр къыщылъэгъуэжыну махуэм
дежи Iуэхухэр апхуэдабзэу щытынущ. 31А махуэм унащхьэм
тетыр унэм щIэлъ и хьэпшыпхэр здищтэну щIремыхьэж. Гу-
бгъуэм итми унэм къремыгъэзэж. 32ЛутI и фызым* къыщыщIар

17:21 Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр фэ къыфхэтщ – е фигу илъщ. Еплъ 6:20.

17:27 псыдзэр – еплъ 1 Мусэ 7:6-23.

17:28-29 ЛутI бегъымбарыр – еплъ 1 Мусэ 19:15-25.

17:32 ЛутI и фызым – еплъ 1 Мусэ 19:26.

фигу къэвгъэкIыж. [33]Зи псэр мыкIуэду къезыгъэлыну и ужь ит
дэтхэнэми и псэр фIэкIуэдынущ, ауэ зи псэр зыфIэкIуэд дэтхэ-
нэми и псэр мыкIуэду къригъэлынущ. [34]Сэ нывжызоIэ, зы пIэм
цIыхуитI хэлъынущ а жэщым, зыр мелыIычхэм уафэм яхьы-
нущ, адрейр къагъэнэнущ. [35]ЦIыхубзитIым гуэдз зэдахьэжы-
нущ, зыр мелыIычхэм уафэм яхьынущ, адрейр къагъэнэнущ.
[36]Губгъуэм цIыхуитI итынущ, зыр мелыIычхэм уафэм
яхьынущ, адрейр къагъэнэнущ.
[37] – Дэнэ ар къыщыхъунур, Зиусхьэн? – еупщIащ ахэр Хьисэ.
– Псэущхьэ лIа здэщыIэм бгъэжьхэр щызэхуэсынущ, – яж-
риIащ Хьисэ.

# 18-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Фызабэмрэ щыпкъагъэ зигу имылъ хеящIэмрэ*
*ятеухуа ущие хъыбарыр*

Ягу ямыгъэкIуэду зэпымыууэ Тхьэм елъэIун щхьэкIэ, Хьисэ
и гъуэгу ирикIуэхэм зы ущие хъыбар яхуиIуэтащ. [2] Мыращ
яхуиIуэтар:
– Тхьэми щымышынэу, цIыхухэми ящымыукIытэу, къалэ
гуэрым зы хеящIэ* гуэрым дэст. [3]А къалэ дыдэм зы фызаби
щыпсэурт. «Си дауэгъум схуэфащэр къызегъэт», жриIэурэ, хе-
ящIэм деж къакIуэ зэпытт ар.
[4] – Ауэ фызабэр зыщIэлъэIур хуимыщIэурэ, зэманыфI екIуэ-
кIащ. ИтIанэ игукIэ жиIащ: «Сэ Тхьэм сыщымышынэми, цIы-
хухэм сащымыукIытэми, [5] мы фызабэм си щхьэр игъэуз зэпыту
щымытын щхьэкIэ, хуэфащэр езгъэгъуэтынщ. Апхуэдэу сымы-
щIмэ, къысхуэжэ зэпытурэ сигъэтыншынукъым».
[6] Зиусхьэным жиIащ итIанэ:
– Щыпкъагъэ зигу имылъ хеящIэм жиIэм федаIуэт. [7] Тхьэм
езым къыхиха, жэщи махуи хуабжьу къелъэIу цIыхухэм яхуэ-
фащэр ялъигъэсынукъэ? Яхуэфащэр ялъигъэсыным пэплъэу
куэдрэ щигъэтыну? [8] Сэ нывжызоIэ, яхуэфащэр псынщIэу ялъи-

18:2 хеящIэ – еплъ 12:58.

гъэсынущ. Ауэ ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр мы дунейм къыщыкIуэжкIэ, фIэщхъуныгъэ зиIэ щигъуэтыну?

*Фарисеймрэ хьэкъътын ахъшэр хэзыхымрэ ятеухуа ущие хъыбарыр*

[9]Езыхэм ягу щыпкъагъэ илъу залъытэжу, ауэ нэгъуэщIхэр
зэзымыпэс цIыху гупым мы ущие хъыбарыр яхуиIуэтащ Хьисэ:
[10] – Тхьэм елъэIун щхьэкIэ, Тхьэм и унэшхуэм цIыхуитI кIуащ,
зыр фарисейт, адрейр хьэкъътын ахъшэр хэзыххэм* ящыщт.
[11] Фарисейр абдежым здэщытым, Тхьэм мыпхуэдэу елъэIурт
игукIэ: «Адрей цIыху хъунщIакIуэхэми, бзаджащIэхэми, зинэ зыщIэхэми, мобдеж щыт хьэкъътын ахъшэр хэзыхми яхуэдэу сызэрыщымытым щхьэкIэ, фIыщIэ пхузощI, си Тхьэ. [12]Сэ тхьэ-
махуэ къэс махуитI сонэщI,* къысхэхъуэм и пщIанэр Тхьэм щхьэкIэ сот».
[13] – Ауэ хьэкъътын ахъшэр хэзыхыр жыжьэу увауэ, и нэхэмкIэ уафэм дэплъеин къудей темыгушхуэу, и бгъэгум еуэу, Тхьэм елъэIурт: «Си Тхьэ, сэ, цIыху гуэныхьыщIэм, гущIэгъу къысхуэщI».
[14] – Сэ нывжызоIэ, япэ лIым хуэмыдэу, мы лIыр Тхьэм дежкIэ щыпкъагъэ игу илъу унэм кIуэжащ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зи щхьэ зыгъэин дэтхэнэри Тхьэм игъэлъэхъшэнущ, зи щхьэр зыгъэлъахъшэр Тхьэм игъэинынущ.

*Хьисэрэ сабийхэмрэ*
*(Маттэ 19:13-15; Марк 10:13-16)*

[15] ЦIыхухэм сабийхэр Хьисэ къыхуашэрт, Тхьэм и нэфI къащыхуэн щхьэкIэ, трагъэIэбэну. Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ар щалъагъум, цIыхухэм ядакъым. [16]Ауэ Хьисэ сабийхэр къриджэри, жиIащ:
– Сабийхэр си деж кърекIуэ, фапэрымыуэ, апхуэдэхэр Тхьэм
и Тепщэныгъэшхуэм щIэтщи. [17] Пэжыр нывжызоIэ, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр сабийм къызэрищтэм хуэдэу къэзымыщтэр а тепщэныгъэшхуэм щIыхьэнукъым.

---

18:12 сонэщI – фарисейхэр, езыхэм яфIэфIу, тхьэмахуэ къэс махуитI нэщIырт.

### *Пашэ бейр*
*(Маттэ 19:16-30; Марк 10:17-31)*

[18] Хьисэ пашэ гуэр къеупщIащ:
– Дин егъэджакIуэфI, мыкIуэдыжын гъащIэ Iыхьэф I къыс-
лъысын щхьэкIэ, сыт сщIэн хуейр?
[19] – ФIыкIэ сыт укъыщIызэджэр? – жриIащ Хьисэ а лIым. –
Тхьэм фIэкIа, фIы зыри щыIэкъым. [20] Тхьэм и унафэхэр* уощIэ:
«Зинэ умыщIэ, цIыху умыукI, умыдыгъуэ, цIыхухэм пцIы яту-
мылъхьэ, уи адэмрэ уи анэмрэ пщIэ яхуэщI».
[21] – Си щIалэгъуэм къыщыщIэдзауэ согъэзащIэ а псори, –
жиIащ адрейм.
[22]Ар щызэхихым, Хьисэ абы жриIащ:
– Иджыри зы уи щыщIагъэщ. УиIэ псори щэжи, ахъшэр тхьэ-
мыщкIэхэм яхуэгуэш. Уафэм мылъкушхуэ ущиIэ хъунущ абы
щыгъуэ. Си ужь къиувэ итIанэ.
[23]Ар щызэхихым, адрейм игу щIыхьащ, мылъкушхуэ иIэти.
[24]Игу зэрыщIыхьар щилъагъум, Хьисэ жиIащ:
– Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм щIыхьэныр икъукIэ гугъущ
мылъкушхуэ зиIэхэм я дежкIэ. [25] Бейр Тхьэм и Тепщэныгъэ-
шхуэм щIыхьэн нэхърэ, махъшэкIэ мастэнэм икIыныр нэхъ
тыншщ.
[26]Ар зэхэзыха цIыхухэм жаIащ:
– Апхуэдэу щыщыткIэ, мыкIуэду зыкъригъэлын зыхузэфIэ-
кIынур хэт?
[27] – ЦIыхухэм яхузэфIэмыкIыр Тхьэм хузэфIокI, – жиIащ
Хьисэ.
[28] – Мис, дэ диIа псори къэдгъанэри, уэ уи ужь дыкъиуващ,
– жиIащ Петр.
[29] – Пэжыр нывжызоIэ, – яжриIащ Хьисэ, – хэту щытми, е и
унэ, е и адэ-анэр, е и къуэшхэр, е и шыпхъухэр, е и фызыр, е и
бынхэр Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм щхьэкIэ къибгынамэ, [30]иIам
нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэ мы дунейм щызымыгъуэтыжын цIыху
зыри щыIэкъым, икIи апхуэдэм мыкIуэдыжын гъащIэ щиIэ
хъунущ ахърэтым.

18:20 Тхьэм и унафэхэр – еплъ 2 Мусэ 20:12-16.

*ЗэраукIынури лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжынури Хьисэ ещанэу къызэрыжиIар*
*(Маттэ 20:17-19; Марк 10:32-34)*

31Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ цIыху пщыкIутIыр лъэныкъуэкIэ
Iуишри, яжриIащ:
– Мис, ЕрусалимкIэ дыдокIуей. ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм теухуауэ бегъымбархэм ятха псори абы къыщыщIынурэ, пэж хъунущ.
32Абы къикIыр езыр хамэ лъэпкъхэм* зэраIэщIыхьэнурщ. Ахэр абы къыщыдыхьэшхынущ, къыхущIэджэнущ икIи къеубжьытхынущ. ИтIанэ щIопщкIэ къеуэнущ икIи яукIынущ,
33ещанэ махуэм лIахэм къахэтэджыкIыжынущ ар.
34АрщхьэкIэ Хьисэ яжриIа псалъэхэм щыщу зыри къагурыIуакъым и гъуэгу ирикIуэхэм. А псалъэхэм къарыкIыр ящыбзыщIауэ щытащ, Хьисэ абыхэм къригъэкIари зэхащIыкIакъым.

*ЛъэIуакIуэ нэф гуэр Хьисэ зэригъэхъужар*
*(Маттэ 20:29-34; Марк 10:46-52)*

35Хьисэ Ерихон къалэм* здэкIуэм, къалэм и гъунэгъу хъуауэ, лIы нэф гуэр факъырэIус щIэлъэIуу гъуэгу напцIэм тест.
36 ЦIыху гупышхуэ блэкIыу щызэхихым, нэфыр щIэупщIащ:
– Сыт мыр?
37 – Назарет щыщ Хьисэ мыбыкIэ блокI, – къыжраIащ цIыхухэм.
38Ар къыщыжраIэм, нэфыр макъышхуэкIэ къэджащ:
– Даут и Къуэ* Хьисэ, гущIэгъу къысхуэщI!
39 Япэ ит цIыхухэм ямыдэу, «Щыгъэт», къыжраIащ, арщхьэкIэ нэфыр нэхъ макъ лъагэжкIэ къэджащ аргуэру:
– Даут и Къуэ, гущIэгъу къысхуэщI!
40Хьисэ къэувыIэри, нэфыр къыбгъэдашэну яжриIащ. Нэфыр къыщыбгъэдыхьэм, еупщIащ:
41 – Сыт пхуэсщIэну узыхуейр?
– Зиусхьэн, си нитIыр къысхуэгъэплъэж, – жиIащ нэфым.
42 – Уи нэхэр къэплъэжынущ, – жриIащ Хьисэ абы. – Уи фIэщхъуныгъэм уигъэхъужащ.

---

18:32 хамэ лъэпкъхэр – тепщэныгъэ зиIэ рим цIыхухэр арщ.

18:35 Ерихон къалэр – еплъ Маттэ 20:29

18:38 Даут и Къуэр – еплъ Маттэ 9:27.

[43]Нэфым и нэхэр къэплъэжащ асыхьэтым, Тхьэм щIыхь
хуищIу, Хьисэ и ужь иуващ ар. Ар щалъагъум, цIыху псоми
Тхьэм щытхъу хуаIэтащ.

## 19-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьисэрэ Закхейрэ*

Абы и ужькIэ Хьисэ Ерихон къалэм дыхьэри, зэхикIухьащ.
[2] Закхей зи цIэ гуэр дэст абы. Ар хьэкътын ахъшэ хэзыххэм я
пашэхэм щыщт, бейт. [3]Хьисэ и щыфэлIыфэ зригъэлъагъуну
хуеят ар, арщхьэкIэ езыр лIы лъахъшэ цIыкIути, цIыху гупы-
шхуэм яхэту зыри илъагъун лъэкIакъым. [4]Арати, цIыхухэм япэ
ищри, ахъуо жыгым дэпщеящ, Хьисэ зригъэлъагъун папщIэ,
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Хьисэ а гъуэгумкIэ блэкIын хуейт.

[5]Хьисэ а щIыпIэм щынэсым, дэплъейри, Закхейм жриIащ:

– Закхей, псынщIэу къех, уи унэм сынеблэгъэн хуейщ нобэ.

[6]Закхей псынщIэу къехыжри, и гуапэ хъуауэ, и унэм Хьисэ
иригъэблэгъащ. [7]Ар щалъагъум, цIыхухэм мыарызыуэ жаIащ:

– Гуэныхь зыщIэ цIыхум и унэ хьэщIэу ихьащ.

[8]Закхей къэтэджри, Зиусхьэн Хьисэ къыжриIащ:

– Зиусхьэн! Мис, си мылъкум и ныкъуэр тхьэмыщкIэхэм
яхуэзгуэшынущ. ЦIыху гуэр къэзгъэпцIаIамэ, хуэдиплI есты-
жынущ.

[9]– КъегъэлакIуэр мы унагъуэм нобэ къэкIуащ, – жриIащ
Хьисэ Закхей. – Мы лIыри Ибрэхьим къытехъукIа цIыхухэм
ящыщщ. [10]ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр къыщIэкIуар кIуэдыпIэ
ихуа цIыхухэр къилъыхъуэурэ, мыкIуэду къригъэлыну аращ.

*МинэкIэ зэджэ ахъшэхэм ятеухуа ущие хъыбарыр*
*(Маттэ 25:14-30)*

[11]Хьисэ жиIэхэм цIыхухэр едаIуэ щыхъум, мы ущие хъы-
барри къыпищащ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Хьисэ Ерусалим и гъу-
нэгъуу щытт икIи Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр асыхьэтым къэ-
лъэгъуэну цIыхухэр гугъэрти. [12]Апхуэдэу щыхъум, Хьисэ
жиIащ:

– Къэрал жыжьэ гуэрым кIуэну мурад ищIащ пщы гуэрым,
езым и къэралым щхьэкIэ а пащтыхьыгъуэр къиубыду къигъэ-
зэжын гугъэр иIэу. [13]Ежьэн и пэкIэ, и унэIутхэм ящыщ цIы-
хуипщI къриджэщ, минэ* зырыз яритри, яжриIащ: «Къэзгъэзэ-
жыху, мы ахъшэр вгъэбагъуэ».

[14]– Ауэ мы пщыр и къэралым ис цIыхухэм фIыуэ къалъа-
гъуртэкъыми, «Мы лIыр пащтыхь къытхуэхъуну дыхуейкъым»,
жрагъэIэну, лIыкIуэхэр пщым и ужь иту а къэралым ягъэкIуащ.

[15]– АрщхьэкIэ а пщыр пащтыхьу ягъэуващ. Пщым къы-
щигъэзэжым, ахъшэхэр зрита унэIутхэр къриджащ. Абыхэм
ящыщу дэтхэнэми щэн-къэщэхун IуэхукIэ къилэжьар зри-
гъэщIэну хуейт ар.

[16]– Япэрей унэIутыр къакIуэри, жиIащ: «Зи щIыхь ин, къы-
зэпта минэмкIэ хуэдипщI къэзлэжьащ».

[17]– Пщым абы жриIащ: «ФIыуэ пщIащ, си унэIутыфI. Iуэху
мащIэмкIэ сызыщыгугъ хъун цIыхуу узэрыщытам щхьэкIэ, къа-
липщI уэ пIэщIэслъхьэнущ».

[18]– ЕтIуанэ унэIутри къакIуэри, жиIащ: «Зи щIыхь ин, къы-
зэпта минэмкIэ хуэдитху къэзлэжьащ».

[19]– Пщым абы жриIащ: «Къалитху уэ пIэщIэслъхьэнущ».

[20]– Ещанэ унэIутри къакIуэри, жиIащ: «Зи щIыхь ин, мис уи
минэр. Ар хъыданым кIуэцIыслъхьэри щызгъэлъащ. [21]Узэ-
рылIы пхъашэм щхьэкIэ сыпщышынащ. Уэ умыгъэтIылъар
къыбощтэж, тумысари къытыбохыж».

[22]– Пщым абы жриIащ: «Уэ уи псалъэхэмкIэ узгъэкъуэншэ-
жынщ, унэIут бзаджэ. Уэ пщIэрт сэ сызэрылIы пхъашэри, сы-
мыгъэтIылъар къызэрысщтэжри, тезмысар къызэрытесхыжри.
[23]АтIэ сыт си ахъшэм хагъэхъуэн щхьэкIэ, сатуущIэхэм щIу-
мытар? Апхуэдэу пщIамэ, сэ сыкъэкIуэжа нэужь, си ахъшэм
хэхъуауэ къызэптыжынт».

[24]– Пщым къыбгъэдэтхэм яжриIащ итIанэ: «Мы лIым минэр
къеIыфхи, минэу пщIы зиIэм ефт».

[25]– «Зи щIыхь ин, абы минэу пщIы иIэкъэ?» къыжраIащ
абыхэм.

[26]– «Сэ нывжызоIэ, ар хэти ирехъу, зиIэм нэхъыбэ къриты-
нущ Тхьэм, ауэ зыри зимыIэм иIэ тIэкIури Iихыжынущ Тхьэм»,

19:13 минэ – лэжьакIуэм мазищ лэжьапщIэу ирату щыта дыщэ ахъшэщ.

жиIащ пщым. 27«Сэ пащтыхь сахуэхъуну хуэмея си бийхэр къаф-
ши, си пащхьэм деж щывукI иджы».

*ЩIыхьышхуэ иIэу, Хьисэ Ерусалим зэрыдыхьар*
*(Маттэ 21:1-11; Марк 11:1-11; Иуан 12:12-19)*

28А псалъэхэр жиIа нэужь, Ерусалим кIуэну, Хьисэ и гъуэгу
техьэжащ. 29Елеон зи цIэ Iуащхьэм и лъапэм тес жылитIым
Виффагиерэ Вифаниерэ щынэблагъэм, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ-
хэм ящыщ цIыхуитI япэ иригъэщащ, 30мыпхуэдэу яжриIэри:

– Фяпэ ит жылэм фыдыхьэ. Фызэрыдыхьэу, цIыху зэи зыте-
мытIысхьа шыд шыщIэ епхауэ фрихьэлIэнущ. Ар къыкIэ-
рыфтIэтыкIи, къафшэ. 31«Сыт къыщIыкIэрыфтIэтыкIыр?» жиIэу
зыгуэр къывэупщIмэ, мыпхуэдэу жефIэ: «Зиусхьэныр хуейщ
абы».

32А лIыкIуитIыр кIуэри, Хьисэ зэражриIам хуэдэу, шыдыр
епхауэ къагъуэтащ. 33Шыд шыщIэр къыщыкIэратIэтыкIым, ар
зейхэм къыжраIащ:

– Сыт шыд шыщIэр къыщIыкIэрыфтIэтыкIыр?

34– Зиусхьэныр хуейщ абы, – жаIащ лIыкIуэхэм.

35Шыд шыщIэр Хьисэ деж къашэщ, я щыгъынхэр тралъхьэ-
ри, Хьисэ ягъэшэсащ. 36Хьисэ шыд шыщIэм тесу здэкIуэм,
цIыхухэм я щыгъынхэр зыщахыурэ гъуэгум хутраубгъуэрт.

37Ерусалим и гъунэгъуу, гъуэгур Елеон Iуащхьэм къыщех
щIыпIэм Хьисэ щынэсым, ялъэгъуа Iуэху телъыджэ псом
щхьэкIэ гуфIэрэ макъышхуэкIэ Тхьэм щIыхьышхуэ хуащIу,
Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ гуп псоми мыпхуэдэу жаIэу щIадзащ:

38«Зиусхьэным и цIэкIэ къакIуэ
пащтыхьым щIыхьышхуэр ейщ!
Уафэм мамырыгъэ щыIэщ!
Тхьэуэ Лъагэм щIыхьышхуэр ейщ».*

39ЦIыху гупышхуэм яхэт фарисейхэм ящыщ гуэрхэм Хьисэ
къыжраIащ:

– Дин егъэджакIуэ, уи гъуэгу ирикIуэхэм щагъэтыну яжеIэ.

40– Сэ нывжызоIэ, – жиIащ Хьисэ, – абыхэм щагъэтмэ, мы-
вэхэр къэгуоунущ.

19:38 Зиусхьэным … щIыхьышхуэр ейщ – еплъ Сабур (Псалтыр) 117:25-26.

41Ерусалим пэгъунэгъу хъуэ, къалэр щилъагъум, абы хуэ-
гъыурэ, Хьисэ жиIащ:
42– Мамырыгъэ къыпхуэзыхьыну Iуэхугъуэхэр нобэ уэри
пщIэуэ щытыгъатэмэ, сыгуфIэнт, ауэ уи нэхэм ахэр ящы-
бзыщIауэ щытщ зэкIэ; 43сыт щхьэкIэ жыпIэмэ уи бийхэм быда-
пIэхэмкIэ укъыщыщаувыхьын махуэхэр къыпхуэкIуэнущ. Абы-
хэм укъаухъуреихьынущ, дэнэ лъэныкъуэкIи къыщыптеуэнущ.
44Уэри уи быну къалэм дэсхэри уи бийхэм фагъэкIуэдынущ,
мывитI зэтелъу къагъэнэнукъым, Тхьэм умыкIуэду укъыщри-
гъэлыну зэманыр къэсауэ къызэрыбгурымыIуам щхьэкIэ.

*Хьисэ сатуущIэхэр Тхьэм и унэшхуэм къызэрыщIихуар*
*(Маттэ 21:12-17; Марк 11:15-19; Иуан 2:13-22)*

45Абы и ужькIэ Хьисэ Тхьэм и унэшхуэм щIыхьэри, сатуущIэ-
хэр* къыщIихуу щIидзащ. 46Абыхэм яжриIащ:
– Тхьэм къызэрыжиIар и псалъэу тхахэм хэтщ:* «Сэ си унэр
тхьэлъэIупIэу щытынущ». АрщхьэкIэ фэ ар «хъунщIакIуэ тIы-
сыпIэм»* ещхь фщIащ.
47Тхьэм и унэшхуэм щIэту, Тхьэм и псалъэхэр махуэ къэс
яригъащIэрт Хьисэ цIыхухэм. Дин пашэшхуэхэри, торэт егъэ-
джакIуэ пашэхэри, цIыхухэм яIэ адрей пашэхэми Хьисэ зэра-
гъэкIуэдыну щIыкIэм егупсысу щIадзащ, 48ауэ цIыху псори я
гуапэу Хьисэ едаIуэу щытти, иращIэн мыхъумыщIагъэ лъэпкъ
ягъуэтакъым.

## 20-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьисэ и тепщэныгъэр къезытамкIэ журт пашэхэр къызэреупщIар*
*(Маттэ 21:23-27; Марк 11:27-33)*

Махуэ гуэрым, Тхьэм и унэшхуэм щIэту, Тхьэм и псалъэхэр
яригъащIэурэ, Хьисэ хъыбарыфIыр яхуиIуатэрт цIыхухэм.

19:45 сатуущIэхэр – абыхэм къурмэныпхъэ былымхэр Тхьэм и унэшхуэм и пщIантIэм щащэрт.

19:46 Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 56:7.

19:46 хъунщIакIуэ тIысыпIэ – еплъ Иеремие бегъымбарым и тхылъым 7:11.

Апхуэдэу щыхъум, дин пашэшхуэхэмрэ торэт егъэджакIуэ па-
шэхэмрэ, нэхъыжьхэр я гъусэу, къыбгъэдыхьэри къеупщIащ:
2–КъыджеIэт, мы Iуэхухэр блэжьыну хуитыныгъэ дэнэ къы-
здипхари, ахэр блэжьыну тепщэныгъэ хэт уэ къозытари?
3–Сэри фэ Iуэхугъуэ гуэркIэ сынывэупщIынущ, – яжриIащ
Хьисэ. – Жэуап къызэфт: 4ЦIыхухэр иумэхъын щхьэкIэ Иуан
хэт къэзыгъэкIуар? ЦIыхухэра, хьэмэрэ Тхьэра?
5 – «Тхьэращ Иуан къэзыгъэкIуар» жытIэмэ, «НтIэ, Иуан
жиIахэр сыт фи фIэщ щIэмыхъуар?» жиIэнущ, – зэчэнджэщы-
журэ жаIэрт абыхэм. 6– Ауэ «ЦIыхухэращ Иуан къэзыгъэкIуар»,
жытIэмэ, цIыху псори мывэкIэ къыдэуэурэ, даукIынущ, Иуан
зэрыбегъымбарыр я фIэщ мэхъури.
7Арати,
– Иуан къэзыгъэкIуар тщIэркъым, – жэуап ятыжащ абыхэм.
8– Апхуэдэу щыщыткIэ, сэри нывжесIэнукъым мы Iуэхугъуэ-
хэр злэжьыну хуитыныгъэ къыздисхар, – яжриIащ Хьисэ
абыхэм.

### *ЖызумгъэкI бзаджэхэм ятеухуа ущие хъыбарыр*
*(Маттэ 21:33-46; Марк 12:1-12)*

9Мы ущие хъыбарыр цIыхухэм яхуиIуатэу щIидзащ Хьисэ
итIанэ:
– ЛIы гуэрым жызум хадэ игъэтIысри, жызумгъэкI* гуэрхэм
яIэщIилъхьащ. Абы и ужькIэ а лIыр хамэ къэрал гуэрым куэдрэ
къэтыну кIуащ. 10Жызум пычыжыгъуэр къыщысым, и жызум
Iыхьэр къаIихыну жызумгъэкIхэм я деж унэIут гуэр игъэкIуащ
абы. Ауэ жызумгъэкIхэм унэIутыр яубэрэжьри, IэнэщIу къау-
тIыпщыжащ. 11Хадэр зейм унэIут гуэр игъэкIуащ аргуэру, ауэ
ари яубэрэжьри, лей кърахауэ, IэнэщIу къаутIыпщыжащ. 12Ещa-
нэуи унэIут гуэр игъэкIуащ. Ари къауIэри кърахужьэжащ.
13– Апхуэдэу щыхъум, жызум хадэр зейм жиIащ: «Сыт сщIэн?
Сэ фIыуэ слъагъу си къуэ щIасэр згъэкIуэнщ. Абы щIыхь къы-
хуащIынкIи мэхъу».
14– Ауэ жызумгъэкIхэм хадэр зейм и къуэр щалъагъум, зэчэн-
джэщыжри жаIащ: «Жызум хадэр къызыхуэнэжынур мыращ.
Ар дывгъэукIи, хадэр дэ къытхуэнэнщ». 15Арати, жызум хадэм
ирахужри, яукIащ ар.
– Жызум хадэр зейм сыт абыхэм ярищIэнур? – къыщIигъу-
жащ Хьисэ.

[16]– Ар къэкIуэнущ, а жызумгъэкIхэр игъэкIуэдынурэ, хадэр нэгъуэщIхэм яIэщIилъхьэнущ.

– Ар къэхъуну Тхьэм жимыIэкIэ, – жаIащ цIыхухэм ар щызэхахым.

[17]Абыхэм еплъри, Хьисэ жиIащ:

– Тхьэм мы и псалъэу тхахэм* сыт къикIыр атIэ:

«УхуакIуэхэм зрамыпэсу хыфIадзэжа мывэр
унэр зэтезыIыгъ мывэ лъабжьэ хъуащ»?

[18]– А мывэм къытехуэр къызэпкъриудынущ, езыр зытехуэри щIипIытIынущ.

[19]Хьисэ мы ущие хъыбарыр езыхэм ятеухуауэ зэрыжиIар торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ дин пашэшхуэхэмрэ къагурыIуати, ар занщIэу яубыдыну хэтащ, ауэ цIыхухэм ящышынэрт.

*Хьэкъытын ахъшэм теухуауэ*
*(Маттэ 22:15-22; Марк 12:13-17)*

[20]Арати, торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ дин пашэшхуэхэмрэ Хьисэ кIэлъызеплъэ зэпытт, икIи IулъхьэкIэ ящэхуауэ, щыпкъагъэ ягу илъ хуэдэу фэ зытезыгъэуэ цIыху фэрыщI гуп хуагъэкIуащ абы. Хэкум ипщу тепщэнычгъэ зиIэм IэщIагъэхуэн щхьэкIэ, Хьисэ псалъэ гуэркIэ къаубыдэну гугъэрт. [21]Ахэр Хьисэ еупщIащ:

– Дин егъэджакIуэ, уэ щыпкъагъэр зэрыжыпIэми цIыхухэм щыпкъагъэр зэребгъащIэми дыщыгъуазэщ. ЦIыхухэм я фэм уемыплъу, цIыху псори уи зэхуэдэу щытщ, щыпкъагъэм тетуи Тхьэм и гъуэгур цIыхухэм ябогъащIэ. [22]Кесарым* хьэкъытын ахъшэр* етт хъуну, хьэмэ мыхъуну?

[23]Абыхэм я хьилагъэм гу лъитати, Хьисэ яжриIащ:

– Сыт сыщывгъэуэну фыщIыхэтыр? [24]Зы динар* сывгъэлъагъу. Хэт и сурэт мыбы тетыр, хэт и цIэ мыбы тетхари?

– Кесарырщ, – жаIащ абыхэм.

---

20:17 Тхьэм мы и псалъэу тхахэм – еплъ Уэрэд лъапIэхэм (Сабур) 117:22.

20:22 кесар – а зэманым, Хьисэ къэхъуа нэужь 14-37-нэ гъэхэм, Тиверий зи цIэр рим кесару щытащ.

20:22 хьэкъытын ахъшэр – еплъ Маттэ 5:46.

20:24 динар – ар лэжьакIуэм и махуапщIэу щытащ.

[25]– Апхуэдэу щыщыткIэ, кесарым ейр кесарым ефтыж, Тхьэм
ейри Тхьэм ефтыж, – яжриIащ Хьисэ.
[26]Арати, цIыхухэм я пащхьэм псалъэ гуэркIэ къыщаубыдэ-
факъым, Хьисэ ярита жэуапри ягъэщIагъуэурэ заущэхужащ.

### *ЛIахэм я къэтэджыжыкIэ хъунумкIэ саддукейхэр Хьисэ къызэреупщIар*

*(Маттэ 22:23-33; Марк 12:18-27)*

[27]ЛIахэр къызэрытэджыжынур зи фIэщ мыхъу саддукейхэм*
ящыщ гуп Хьисэ къыбгъэдыхьэри къеупщIащ:
[28]– Дин егъэджакIуэ, Мусэ бегъымбарым мыпхуэдэу къыт-
хуитхащ:* «ЛIы гуэрым и къуэш лIэрэ, бын имыIэу фыз къы-
щIэнмэ, и къуэшым унагъуэ хуищIын щхьэкIэ, а лIым фызабэр
къишэжын хуейщ». [29]Зэшибл псэуащ. Абыхэм я нэхъыжьым
фыз къишащ, ауэ бын къыщIэмыну дунейм ехыжащ. [30]КъыкIэ-
лъыкIуэм а фызыр къишэжри, бын къыщIэмыну, ари дунейм
ехыжащ. [31]Ещанэми а фызыр къишэжащ. Апхуэдэурэ ебланэм
нэсыху, бын къащIэмыну псори дунейм ехыжащ. [32]Фызри ду-
нейм ехыжащ псом я ужь дыдэ. [33]Аращи, лIахэр къыщытэ-
джыжкIэ, хэт ар иджы зи фызынур? Блыми я щхьэгъусакъэ
ар?
[34]– Иджырей цIыхухэм фыз къашэ, лIыи докIуэ, – яжриIащ
Хьисэ абыхэм. [35]– Ауэ лIахэм къахэтэджыкIыжу, ахърэтым
щыпсэуну зыхуэфащэхэм фыз къашэжынукъым, лIыи дэкIуэжы-
нукъым. [36]Ахэр мелыIычхэм ещхьщ, я псэ пытынущ, лIахэм
къахэтэджыкIыжащи, Тхьэм и быну щытщ. [37]ЛIахэм я къэтэ-
джыжыкIэ хъунур Мусэ бегъымбарми нахуэу къигъэлъэгъуащ.
Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ пыжь банэм и хъыбарыр* Торэт хабзэм
здитым деж итщ Мусэ бегъымбарыр Тхьэуэ Зиусхьэным «Иб-
рэхьими, Исхьэкъи, Екъуби я ТхьэкIэ» зэреджэр. [38]Абы къикIыр
Тхьэр псэухэмрэ лIауэ жыхуаIэхэмрэ я Тхьэу зэрыщытырщ; сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ абы деж кIэ псори псэууэ щытщи.
[39]Хьисэ ар щыжиIэм, торэт егъэджакIуэ пашэхэм ящыщ
гуэрхэм жаIащ:

---

20:27 саддукейхэр – еплъ Маттэ 3:7.

20:28 Мусэ бегъымбарым мыпхуэдэу къытхуитхащ – еплъ 5 Мусэ 25:5-6.

20:37 пыжь банэм и хъыбарыр – еплъ 2 Мусэ 3:2-6.

– Дин егъэджакIуэ, хъарзынэу жыпIащ.
[40]Хьисэ нэгъуэщIкIэ еупщIыжыну зыри тегушхуакъым итIанэ.

*Мэссихь хэт зи къуэр?*
*(Маттэ 22:41-46; Марк 12:35-37)*

[41]Хьисэ абыхэм яжриIащ абдежым:
– Мэссихь* Даут и къуэу дауэ жаIэнкIэ хъуа? [42,43]Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ езы Даут мыпхуэдэу зэрыжиIар Сабурым иткъэ:*

«Сэ си Зиусхьэным къыжриIащ Тхьэуэ Зиусхьаным:
Уи бийхэр лъэгущIэтын пхуэсщIыху,
си ижьырабгъумкIэ къызбгъэдэтIысхьэ»?

[44]– Езы Даут Мэссихьым «Си ЗиусхьэнкIэ» йоджэ, – къыщIи-
гъужащ Хьисэ. – Апхуэдэу щыщыткIэ, Мэссихьыр Даут и Къуэу
дауэ зэрубжынур?

*Торэт егъэджакIуэ пашэхэм я къуаншагъэр*
*Хьисэ къызэрыщIигъэщар*
*(Маттэ 23:1-36; Марк 12:38-40; Лука 11:37-54)*

[45]ЦIыху псори едаIуэ щыхъум, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм
яжриIащ:
[46]– Торэт егъэджакIуэ пашэхэм фахуэсакъ! Абыхэм фащэ кIы-
хьхэр ящыгъыу къакIухьын я щIасэщ. ЦIыху зэхыхьэпIэхэм
езыхэм цIыхухэм пщIэ лей защыхурагъэщIын яфIэфIщ. Синэ-
гуэгухэм цIыхухэр щыщызэхуэскIи гухэхъуэ Iэнэ щытрагъэувэ
щыгъуи тхьэмадэ тIысыпIэхэр щаубыдыныр я щIасэщ. [47]Фыза-
бэхэм я унэхэр къытрах. ЦIыхухэм зыщагъэтхъун щхьэкIэ, я
тхьэлъэIухэр кIыхь ящI. Ахэр хуабжьу игъэпшынэнущ Тхьэм.

---

20:41 Мэссихь – еплъ Маттэ 1:17.

20:42-43 Сабурым иткъэ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 109:1.

# 21-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Фызабэм Тхьэм щхьэкIэ ита ахъшэр*
*(Марк 12:41-44)*

Тхьэм и унэшхуэм щIэту щыплъэм, Тхьэм тыгъэ хуащI ахъ-
шэхэр цIыху бейхэм пхъуантэхэм далъхьэу илъэгъуащ Хьисэ.
2ЯкIэлъыплъурэ фызабэ тхьэмыщкIэ гуэрми гъуаплъэ ахъшэ
жыгъеитI пхъуантэм дилъхьэу илъэгъуащ.
3–Пэжыр нывжызоIэ, – жиIащ Хьисэ, – мы фызабэ тхьэмыщ-
кIэм адрей цIыху псоми нэхърэ нэхъыбэ дилъхьащ пхъуантэм;
4мобыхэм къелыжа ахъшэм щыщщ пхъуантэм далъхьар, а
фызабэм зэрыпсэуну иIэ мащIэ тIэкIур зэрыщыту дилъхьащ
пхъуантэм.

*Тхьэм и унэшхуэр зэрызэтекъутэнур Хьисэ къызэрыжиIар*
*(Маттэ 24:1-2; Марк 13:1-2)*

5Мывэ дахэхэмкIэ икIи тыгъэу цIыхухэм Тхьэм хуащIамкIэ
Тхьэм и унэшхуэр екIуу гъэщIэрэщIауэ зэрыщытым цIыху гуэр-
хэр щытепсэлъыхьым, Хьисэ жиIащ:
6– Мыбдежым щыфлъагъуращ: мывитI къызэтемынэжу, псо-
ри къыщызэтекъутэну махуэхэр къэсынущ.
7– Дин егъэджакIуэ, уэ а жыхуэпIэ Iуэхухэр сыт щыгъуэ къы-
щыхъунур икIи ахэр къызэрыхъунум и нэщэнэхэр сыт? – къеуп-
щIащ ахэр.

*Нэщэнэхэмрэ гугъуехь куэдымрэ*
*(Маттэ 24:3-14; Марк 13:3-13)*

8–ЦIыхухэм фыкъызэрамыгъэпцIэным фыхуэсакъ, – жиIащ
Хьисэ. – Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ си цIэр зыфIащурэ, «Мэссихьыр
сэращ», икIи «Махуэр къэблэгъащ», жаIэу цIыху куэд къэкIуэ-
нущ. Абыхэм я ужь фымыувэ. 9Зауэхэм я хъыбархэмрэ цIыху-
хэм къэралхэм я гъэпсыкIэр якъутэжыну къызэрызэщIэтаджэм
и хъыбархэмрэ щызэхэфхкIэ, фымышынэ. А Iуэхухэр къэхъун
хуейщ, ауэ дунейм и кIэухыр иджыри къэсауэ аркъым.
10– Зы лъэпкъыр адрей лъэпкъым, зы къэралри адрей къэра-
лым езэуэну къызэщIэтэджэнущ, – яжриIащ Хьисэ. 11– ЩIыр

щIыпIэ-щIыпIэхэмкIи хуабжьу щыхъеинущ икIи уз зэрыцIалэхэмрэ гъаблэхэмрэ къэхъунущ. УафэмкIи шынагъуэшхуэ нэщэнэхэр къикIынущ.

[12]– Ауэ мы Iуэху псори къэхъун и пэкIэ, си цIэр зэрывгъэлъапIэм щхьэкIэ, цIыхухэм фаубыдынущ икIи гугъуехь фагъэшэчынущ. Синэгуэгухэм фратынущ, лъэхъуэщым фыщIадзэнущ икIи пащтыхьхэмрэ Iэтащхьэхэмрэ я пащхьэм фрашэнущ.
[13]Апхуэдэу щыхъукIэ, абыхэм я пащхьэм хъыбарыфIым щыхьэт
фыщытехъунущ. [14]Ауэ мыр фигу ифлъхьэ: Зывгъэхеин щхьэкIэ,
нэхъапэ щIыкIэкIэ вгъэхьэзырыным фыпымылъ; [15]сыт щхьэкIэ жыпIэмэ къывэныкъуэкъухэр къыфпэувыжынуи къыфпэпсэлъэжынуи ялъэмыкIын щхьэкIэ, псалъэ Iущхэр фIурыслъхьэнущ, акъылыфIагъи фэстынущ. [16]Фэ фи адэ-анэхэми, фи къуэшхэми, фи благъэхэми, фи ныбжьэгъухэми тепщэныгъэ зиIэхэм фрагъэубыдынущ, фщыщ гуэрхэри яукIынущ. [17]Фэ си цIэр зэрывгъэлъапIэм щхьэкIэ, цIыху псори жагъуэгъу къыфхуэхъунущ. [18]Ауэ зы щхьэц налъи фи щхьэцым хэкIуэдыкIынукъым.
[19]Теубыдагъэ фиIэмэ, фи псэр мыкIуэду къевгъэлынущ.

*Ерусалим зэракъутэнур Хьисэ къызэрыжиIар*
*(Маттэ 24:15-21; Марк 13:14-19)*

[20]– Ерусалим дзэхэм къаувыхьауэ щыфлъагъукIэ, абы и къутэжыгъуэр къызэрыблэгъар къэфщIэнущ. [21]Иудей хэкум ис цIыхухэр Iуащхьэхэм ирекIуэлIэж абы щыгъуэ, къалэм дэсхэри абы дрекIыж, губгъуэм итхэри къалэм дремыхьэж. [22]Сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и псалъэу тхахэм хэт псори, пэж хъун щхьэкIэ, цIыхухэм мыхъумыщIагъэу ящIахэр Тхьэм щаригъэпшыныжын махуэщ ахэр. [23]ЦIыхубз лъэщыджэхэмрэ сабий быдзафэ зиIэхэмрэ гъуэгу мыгъуэ теувэнущ а махуэхэм. Мы къэралым и цIыхухэр гугъуехьышхуэ хэхуэнущ, Тхьэри мы лъэпкъым ину къыхуэгубжьынущ. [24]Абыхэм ящыщ куэд джатэкIэ яукIынущ, адрейхэри гъэру яубыдурэ хамэ лъэпкъхэм я деж яшэнущ. Я тетыгъуэ лъэхъэнэр иухыху, Ерусалим лъэгукIэ хаутэнущ хамэ лъэпкъхэм.

*ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр дунейм къызэрыкIуэжынур*
*(Маттэ 24:29-31; Марк 13:24-27)*

25– Нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэхэр дыгъэми, мазэми, вагъуэхэми
къыщылъэгъуэнущ. ЩIым тет лъэпкъхэм ящIэнур ямыщIэурэ
ягухэр кIуэдынущ. Хыри ину къэукъубеинурэ, и макъ шынагъуэр
къэIунущ. 26Дунейм къыщыхъунум пэплъэрэ, шынагъуэм
зэщIищтауэ цIыхухэр зэтемэхынущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
уафэм щыIэ къарухэр къызэщIэхъеенущ. 27ЦIыху Лъэпкъым и
Къуэр пшэм хэтрэ, лъэкIыныгъэшхуэ, щIыхьышхуэ иIэу, къакIуэу
цIыхухэм ялъагъунущ абы щыгъуэ. 28А Iуэхухэм къэхъуу
щыщIадзэкIэ, фытэджи, фи щхьэр къэфIэт, Тхьэм гугъуехьыр
щыфщхьэщихыжыну махуэр къэблэгъащи.

*Ахъуо жыгым щыпкъагъэу къыдгуригъаIуэр*
*(Маттэ 24:32-35; Марк 13:28-31)*

29Хьисэ ущие хъыбар гуэр яжриIащ итIанэ:
– Ахъуо жыгымрэ адрей жыг псомрэ феплъ. 30Жыгхэм къэтIэпIу
щыщIадзэкIэ, зыми къывжимыIэми, гъэмахуэр къызэрыблэгъар
къывощIэ. 31Апхуэдэу, мы Iуэхухэр къэхъуу щыфлъагъукIэ,
Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр благъэ къызэрыхъуар зэвгъащIэ.
32– Пэжыр нывжызоIэ, мы лъэпкъыр мыкIуэдыж щIыкIэ, а
Iуэху псори къэхъунущ. 33Уафэмрэ щIылъэмрэ кIуэдыжынущ,
ауэ си псалъэхэр кIуэдыжынукъым.

*Сыт щыгъуи фысакъ!*

34– Ефэ-ешхэнымкIи, удэфэнымкIи, мы дунейм и гугъуехьхэмкIи
фи щхьэр зэрызэIывмыгъэхьэнми фыхуэсакъ. Ар мыхъумэ,
а махуэр фымыщIэххэу къыфепсыхэнущ. 35Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ а махуэр щIы гущIыIум щыпсэу цIыху псоми хъым
хуэдэу къащхьэрипхъуэнущ. 36Сыт щыгъуи фысакъ икIи къэхъуну
псоми фахэкIын щхьэкIэ, къару къэвгъуэтурэ, ЦIыху Лъэпкъым
и Къуэм и пащхьэм фызэриувэфынкIэ Тхьэм фелъэIу зэпыт.
37Тхьэм и унэшхуэм щIэту, Тхьэм и псалъэхэр цIыхухэм махуэ
къэс яригъащIэрт Хьисэ, ауэ жэщ къэскIэ къалэм дэкIырти,

Елеон Iуащхьэм жэщыр щигъакIуэрт. [38]Жьыуэ, пщэдджыжь
къэс, Хьисэ едэIуэну цIыху псори, Тхьэм и унэшхуэм кIуэрт.

# 22-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэмадэ Хасэшхуэм щыщ тхьэмадэхэм Хьисэ*
*гъэпцIагъэкIэ яукIыну мурад зэращIар*
*(Маттэ 26:1-5, 14-16; Марк 14:1-2, 10-11; Иуан 11:45-53)*

ЩIакхъуэ Мыгъэтэдж щашх IутIыжкIэ зэджэ махуэшхуэхэр*
къэблэгъащ. [2]Дин пашэшхуэхэмрэ торэт егъэджакIуэ пашэ-
хэмрэ, цIыхухэм щабзыщIурэ, Хьисэ зэрагъэкIуэдыну щIыкIэм
егупсысырт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ахэр цIыхухэм ящышынэрт.
[3]Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ цIыху пщыкIутIым ящыщу ИскариоткIэ
зэджэ Иудэм и гур шейтIаным иубыдащ. [4]Иудэ дин пашэшхуэ-
хэмрэ Тхьэм и унэшхуэм и хъумакIуэхэм я пашэхэмрэ я деж
кIуэри, Хьисэ зэраригъэубыдыну щIыкIэмкIэ епсэлъащ. [5]Ахэр
гуфIащ, ахъши кърatыну къагъэгугъащ. [6]Арати, Иудэ абыхэм
я мурадыр ядищтэри, цIыху гупышхуэм ямыщIэу Хьисэ
яригъэубыдын щхьэкIэ, игъуэ щыхъунум пэплъэу щIидзащ.

*Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм IутIыж*
*пщыхьэщхьэшхэр зэрагъэхьэзырар*
*(Маттэ 26:17-25; Марк 14:12-21; Иуан 13:21-30)*

[7]ЩIакхъуэ Мыгъэтэдж щашх махуэшхуэхэм ящыщу IутIыж
щынэр щыфIагъэжын хуей махуэр къэсащ. [8]Арати, Хьисэ
Петррэ Иуанрэ я пщэ ирилъхьащ, мыпхуэдэу яжриIэри:

– ФыкIуи, IутIыж пщыхьэщхьэшхэр тшхын щхьэкIэ, вгъэ-
хьэзыр.

[9]–Дэнэ щыдгъэхьэзырыну ухуей? – къеупщIащ ахэр.

[10]– ФыкъэдаIуэ! – яжриIащ Хьисэ. – Къалэм фызэрыдыхьэу,
лIы гуэр, псы кхъуэщын ихьу, къыфхуэзэнущ. А лIым и ужь
фиту, ар зыщIыхьэ унэм фэри фыщIыхьэ. [11]Унэр зейм жефIэ:
«Дин егъэджакIуэм къыбжеIэ: Сэрэ си гъуэгу ирикIуэхэмрэ

22:1 ЩIакхъуэ Мыгъэтэдж щашх IутIыжкIэ зэджэ махуэшхуэхэр – еплъ Маттэ 26:2.

IутIыж пщыхьэщхьэшхэр щытшхыну пэшыр дэнэ щыIэ?»
[12]ГъэщIэрэщIауэ пэшышхуэ лъагэ гуэр фигъэлъагъунущ абы
щыгъуэ. Абдежым псори щывгъэхьэзыр.

[13]Ахэр кIуэщ, Хьисэ зэражриIам хуэдэу псори ирахьэлIэри,
IутIыж пщыхьэщхьэшхэр ягъэхьэзыращ.

*Зиусхьэным и пщыхьэщхьэшхэр*
*(Маттэ 26:26-30; Марк 14:22-26; 1 Кор. 11:23-25)*

[14]ПIалъэр къыщысым, апостол пщыкIутIыр и гъусэу, Хьисэ
Iэнэм пэрытIысхьащ.

[15]– Гугъуехь сшэчынум и пэ къихуэу мы IутIыж пщыхьэщхьэ-
шхэр фи гъусэу сшхыну гукъыдэжышхуэ сиIащ, – яжриIащ абы-
хэм. [16]– Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сэ нывжызоIэ, Тхьэм и Тепщэ-
ныгъэшхуэр къэсу, IутIыж махуэшхуэм къикIыр зэщIэхукIэ,
IутIыж пщыхьэщхьэшхэ сэ сшхыжынукъым.

[17]Зы фалъэ къищтэщ, Тхьэм фIыщIэ хуищIри, Хьисэ жиIащ:

– Мыр къафщти, мыбы итым щыщ фыкъыздефэ; [18]сыт щхьэ-
кIэ жыпIэмэ, сэ нывжызоIэ, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр къэсы-
хукIэ, санэ сефэжынукъым.

[19]Хьисэ щIакхъуэр къищтэщ, Тхьэм фIыщIэ хуищIщ, зэ-
гуищIыкIщ, абыхэм яритри жиIащ итIанэ:

– Мы щIакхъуэр, фи фIагъ къыхэкIын щхьэкIэ, стыну си
пкъыращ. Фи гум сыкъэвгъэкIыжын щхьэкIэ, мыр фшхы.

[20]Пщыхьэщхьэшхэ нэужьым, фалъэр къищтэри, Хьисэ
жиIащ:

– Мы фалъэм санэу итым къикIыр зэгурыIуэныгъэщIэу
Тхьэм езымрэ фэрэ фяку къыдилъхьэр аращ. ФIы къыфхуэ-
дэкIуэн щхьэкIэ а зэгурыIуэныгъэщIэр зыгъэщыпкъэр, сэ къыс-
щIэкIыну лъыращ.* [21]Ауэ тепщэныгъэ зиIэхэм сезыгъэубы-
дынур си гъусэу мы Iэнэм бгъэдэсщ. [22]ЦIыху Лъэпкъым и
Къуэр,* Тхьэм зэриухам тету, дунейм ехыжынущ. Ар теп-
щэныгъэ зиIэхэм езыгъэубыдыр гъуэгу мыгъуэ теуващ.

[23]Хьисэ ар щыжиIэм, и гъуэгу ирикIуэхэм зэупщIыжу щIад-
защ:

– Дэ тщыщу хэт ар зыщIэну зи гум илъыр?

---

22:20 А зэгурыIуэныгъэщIэр зыгъэщыпкъэр сэ къысщIэкIыну лъыращ – еплъ Маттэ 26:28.

22:22 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр – еплъ Маттэ 8:20.

*Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщу нэхъ ин дыдэу ялъытэн хуеймкIэ зэрызэдэуахэр*

24Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщу нэхъ ин дыдэу ялъытэн
хуеймкIэ зэдауэу щIадзащ.
25– Дунейм тет пащтыхьхэр цIыхухэм я пщэм дэсщ, –
яжриIащ Хьисэ. – Тепщэныгъэ зиIэхэм цIыхухэр фIы зыщIэкIэ
зрагъаджэ. 26Ауэ апхуэдэ зэхущытыкIэкъым фэ фи зэхуаку
дэлъын хуейр, атIэ нэхъ ин дыдэу фхэтыр нэхъ цIыкIум хуэдэ
ирехъу, тхьэмадэри щхьэгъэрытым хуэдэ ирехъу. 27Хэт нэхъ
иныр: Iэнэм бгъэдэсыра, хьэмэрэ щхьэгъэрытыра? Iэнэм бгъэ-
дэсыракъэ? Ауэ сэ щхьэгъэрытым хуэдэу сыфхэтщ. 28Гугъуехь
сшэчу щыщытам си гъусар фэращ. 29Сэ тепщэныгъэ сиIэну си
Адэм къызэрызитам хуэдэу, фэри тепщэныгъэ фиIэну фызот.
30Си Тепщэныгъэшхуэр къыщыскIэ, си Iэнэм фыбгъэдэсу фы-
шхэнущ икIи фефэнущ, Израил и унагъуэ лъэпкъ пщыкIутIым
хьэкум* ятефщIыхьынуи тахътэхэм фытетIысхьэнущ.

*«Сэ сыкъыумыцIыхуу жыпIэнущ», жиIэу Хьисэ Петр зэрыжриIар*
*(Маттэ 26:31-35; Марк 14:27-31; Иуан 13:36-38)*

31– Симон, Симон, къэдаIуэ. МэкъумэшыщIэм гуэдзымрэ
хьэуазэмрэ зэрызэхигъэкIым хуэдэу, фигъэунэхун щхьэкIэ,
шейтIаным Тхьэм хуитыныгъэ къыIихащ. 32Ауэ фIэщхъуныгъэм
и гъуэгу утемыкIыну сэ Тхьэм сыпхуелъэIуащ. Уэ си деж къы-
щыбгъэзэжкIэ, уи къуэшхэр* гъэгушхуэ.
33– Зиусхьэн, сэ уи гъусэу лъэхъуэщым сыкIуэнуи лIэныгъэм
сыIущIэнуи сыхуэхьэзырщ, – къыжриIащ Симон Хьисэ.
34– Петр, сэ ныбжызоIэ, нобэ джэд мыIуэ щIыкIэ, сыкъыу-
мыцIыхуу щэнейрэ жыпIэнущ, – жиIащ Хьисэ.

*Бохъшэр, хъуржыныр, джатэр*

35– Бохъши хъуржыни фымыIыгъыу, вакъи флъымыгъыу фы-
щыдэзгъэкIым,* зыгуэрым фыхуэныкъуа? – яжриIащ Хьисэ.

---

22:30 хьэкум – «суд».

22:32 уи къуэшхэр – ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэращ.

22:35 фыщыдэзгъэкIым – еплъ 10:4.

– Хьэуэ, зыми дыхуэныкъуакъым, – жаIащ абыхэм.

[36]– Ауэ иджы бохъши хъуржыни зиIэм здрещтэ, – яжриIащ
Хьисэ. – Джатэ зимыIэм и щыгъын щIыIутелъыр ирещи, джатэ
кърещэху. [37]Сэ нывжызоIэ, Тхьэм и псалъэу тхахэр* сэ къыс-
щыщIурэ пэж хъун хуейщ: «Хабзэм текIахэм ящыщу ялъытащ».
Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сэ къыстеухуауэ Тхьэм и псалъэу тхахэр
къохъу.

[38]– Зиусхьэн, мис, джатитI диIэщ, – жаIащ абыхэм.

– Ар ирикъунущ, – яжриIащ Хьисэ.

### *Елеон Iуащхьэм Хьисэ Тхьэм зэрыщелъэIуар*
*(Маттэ 26:36-46; Марк 14:32-42)*

[39]Ерусалим дэкIри, зэрихабзэу, Хьисэ Елеон Iуащхьэм
дэкIуащ. И гъуэгу ирикIуэхэри щIыгъут. [40]ЗдэкIуэну щIыпIэм
нэса нэужь, яжриIащ:

– Гуэныхь щIэным фыдимыхьэхыну Тхьэм фелъэIу.

[41]Мывэ дзыгъуэ хуэдизкIэ абыхэм ябгъэдэкIщ, лъэгуажьэ-
мыщхьэу тIысри, Хьисэ Тхьэм елъэIуащ:

[42]– Си Адэ, ухуейуэ щытмэ, мы гугъуехьым и фалъэр сIых.
АтIэми сэ сызыхуейр мыхъуу, уэ узыхуейр ирехъу. [43]Абы ири-
хьэлIэу зы мелыIыч уафэм къехри, къару къритыну и пащхьэм
къихутащ. [44]Хьисэ гузэвэгъуэм зэщIиубыдауэ, нэхъ хуабжьу
Тхьэм елъэIуащ. Абы и пщIэнтIэпсхэр лъы ткIуэпсхэм хуэдэу
щIым теткIуэрт.

[45]Тхьэм елъэIуа нэужь, къэтэджыжри, Хьисэ и гъуэгу ири-
кIуэхэм я деж щыкIуэм, ахэр гузэвэгъуэшхуэм хэтурэ Iурихауэ
ярихьэлIащ.

[46]– Сыт фыщIэжейр? – яжриIащ абыхэм. – Фыкъэтэджи, гуэ-
ныхь щIэным фыдимыхьэхыну Тхьэм фелъэIу.

### *Хьисэ зэраубыдар*
*(Маттэ 26:47-56; Марк 14:43-50; Иуан 18:3-12)*

[47]Хьисэ и псалъэр имыухауэ, абы и гъуэгу ирикIуэ пщыкIу-
тIым ящыщу Иудэ зи цIэр япэ иту цIыху гуп къэкIуащ. Ба
хуищIыну Иудэ Хьисэ къыбгъэдыхьащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ

---

22:37 Тхьэм и псалъэу тхахэр – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 53:12.

Иудэ Хьисэ зэраригъэубыдыну щIыкIэр и гъусэхэм яжриIат: «Сэ ба зыхуэсщIынуращ жыхуэсIэр».

48 – ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм ба зэрыхуэпщIым къикIыр ар тепщэныгъэ зиIэхэм ебгъэубыдэу ара? – еупщIащ Хьисэ абы.

49 Къэхъунум гу щылъатэм, Хьисэ и гъусэхэм жаIащ:

– Зиусхьэн, джатэхэмкIэ дахэуэн?

50 Хьисэ и гъусэхэм ящыщ зыр дин пашэшхуэм и унэIутым еуэри, и тхьэкIумэ ижьыр къыпигъэхуащ.

51 – Щывгъэт! И ужь икI! – жиIащ Хьисэ. А унэIутым и тхьэкIумэм теIэбэри игъэхъужащ итIанэ.

52 Зубыдыну къэкIуа дин пашэшхуэхэм, Тхьэм и унэшхуэм и хъумакIуэхэм я пашэхэм, нэхъыжьхэм Хьисэ яжриIащ итIанэ:

– ХъунщIакIуэ фубыд хуэдэу, джатэхэмрэ бжэгъухэмрэ фIыгъыу фыкъыспежьаи? 53 Тхьэм и унэшхуэм сывигъусэу махуэ къэс сыщIэтт, ауэ сывубыдакъым. Фи пIалъэр къэсащ иджы икIи мы сыхьэтым кIыфIыгъэ бзаджэм тепщэныгъэр IэщIыхьащ.

## *Петр Хьисэ имыцIыхуу зэрыжиIар*

*(Маттэ 26:57-58, 69-75; Марк 14:53-54, 66-72; Иуан 18:15-18, 25-27)*

54 Хьисэ яубыдщ, Iуашри, дин пашэшхуэм и унэм щIашащ.
Петр жыжьэу якIэлъыкIуэтащ. 55 ПщIантIэ кIуэцIым мафIэ
щащIу щызэхэтIысхьэжым, Петри абыхэм яхэтIысхьащ.
56 УнэIут хъыджэбз гуэрым Петр мафIэм бгъэдэсу къилъагъури, набдзэгубдзаплъэу къеплъыри, жиIащ:

– Мыри Хьисэ и гъусэу щытащ.

57 – Хьэуэ, хъыджэбз, – жиIащ Петр, – ар сэ сцIыхуркъым.

58 ТIэкIу дэкIауэ, нэгъуэщI гуэрым Петр къилъагъури жиIащ:

– Уэри абыхэм уащыщщ.

– Хьэуэ, щIалэ, сэ абыхэм сащыщкъым, – жриIащ Петр а лIым.

59 Зы сыхьэт хуэдиз дэкIауэ, нэгъуэщI гуэрми жиIэрт щIимычэу:

– Шэч хэмылъу, мы лIыри абы и гъусэу щытащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ар Галилейм щыщщ.

60 – Хьэуэ, уэ жыхуэпIэр сэ сщIэркъым, – жриIащ Петр а лIым.
Асыхьэтым, Петр и псалъэр имыух щIыкIэ, джэд Iуащ. 61 Зиус-

хьэным зыкъригъэзэкIри, Петр къеплъащ. Зиусхьэным къыжриIэгъа псалъэхэр Петр игу къэкIыжащ: «Нобэ, джэд мыIуэ щIыкIэ, сыкъыумыцIыхуу щэнейрэ жыпIэнущ».

62Ар игу къыщыкIыжым, Петр пщIантIэм дэкIри, игу хэщIу гъащ.

*ХъумакIуэхэр Хьисэ зэрыщыдыхьэшхар*
*(Маттэ 26:67-68; Марк 14:65)*

63Хьисэ зыхъумэхэр къыщыдыхьэшхырт икIи къаубэрэжьырт.
64И нэхэр щапхэри, енэпэфауэурэ къеупщIащ:

– Убегъымбармэ, уэ къоуар хэтми къыджеIэт.

65КъыхущIэджэурэ, нэгъуэщI Iэджи къыжраIащ.

*Тхьэмадэ Хасэшхуэм и пащхьэм Хьисэ зэрырашар*
*(Маттэ 26:59-66; Марк 14:55-64; Иуан 18:19-24)*

66Нэху щыщым, цIыхухэм я нэхъыжьхэри, дин пашэшхуэхэри, торэт егъэджакIуэ пашэхэри къызэхуэсри, Тхьэмадэ Хасэшхуэм* и пащхьэм Хьисэ ирашащ.

67– Мэссихьыр уэрамэ, къыджеIэ, – къыжраIащ.

– Сэ вжесIэми, ар фэ фи фIэщ хъунукъым, – яжриIащ Хьисэ.

68– Сэри сынывэупщIмэ, жэуап къызэфтынукъым икIи сывутIыпщыжынукъым.
69Ауэ иджы къыщыщIэдзауэ ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр лъэкIыныгъэшхуэ зиIэ Тхьэм и ижьырабгъумкIэ щысынущ.

70– АтIэ, Тхьэм ури-Къуэщ, ара? – къеупщIащ псори.

– Фэ зэрыжыфIэм сыхуэдэщ, – * яжриIащ Хьисэ.

71– Сыт нэгъуэщI щыхьэт дэ дыщIыхуеижыр? – жаIащ абыхэм. – Езым и жьэкIэ жиIэу зэхэтхакъэ?

---

22:66 Тхьэмадэ Хасэшхуэр – еплъ Маттэ 5:22.

22:70 «Фэ зэрыжыфIэм сыхуэдэщ», е «Фэ жывоIэ сэ ару сызэрыщытыр».

# 23-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Пилат Iэтащхьэм и пащхьэ Хьисэ зэрырашар*
*(Маттэ 27:1-2, 11-14; Марк 15:1-5; Иуан 18:28-38)*

Хасэм хэта псори къэтэджыжри, Пилат Iэтащхьэм* деж Хьи-
сэ яшащ. 2 Хьисэ ягъэкъуаншэу щIадзэри, мыпхуэдэу жаIащ:
– Мы лIым ди лъэпкъыр зэIищIэу, кесарым хьэкътын ахъшэр
ярыримыгъэту, езым Мэссихь* пащтыхь зыхужиIэжу дубыдащ.
3 –Уэ журтхэм урапащтыхь? – еупщIащ Пилат Хьисэ.
– Аращ, зэрыжыпIэм хуэдэщ, – * жэуап иритыжащ Хьисэ.
4 Пилат дин пашэшхуэхэмрэ цIыху гупышхуэмрэ яжриIащ
итIанэ:
– Мы лIым зэрызгъэкъуэншэн лъэпкъ езгъуэтылIэркъым.
5 –Галилей хэкум къыщыщIэдзауэ мыбы къэс, Иудей хэку
псор, дэнэ кIуэми, цIыхухэм яригъащIэ Iуэхухэмкlэ зэIещIэ, –
трагъэчыныхьырт мыдрейхэм.

*Хьисэ Ирод пщым и пащхьэм зэрырашар*

6 Галилей псалъэр щызэхихым, Пилат щIэупщIащ:
– Мы лIыр Галилей щыщ?
7 Ирод* зипщ хэкум Хьисэ зэрыщыщыр къыщищIэм, Пилат
Ирод деж Хьисэ иригъэшащ, а махуэ дыдэхэм Ирод пщыр
Ерусалим къэкIуауэ щыIэти.
8 Хьисэ щилъагъум, Ирод икъукIэ гуфIащ, Хьисэ и хъыбар
зэхихати, зригъэлъагъумэ, куэд щIауэ фIэфIти. Хьисэ нэщэнэ
гъэщIэгъуэныщэ гуэр кърригъэлъагъункIэ гугъэрт ар. 9 Ирод Хьи-
сэ куэдкIэ къеупщIащ, ауэ Хьисэ абы зы жэуапи иритыжакъым.
10 Абдежым щыт дин пашэшхуэхэмрэ торэт егъэджакIуэ пашэ-
хэмрэ Хьисэ хуабжьу ягъэкъуаншэрт. 11 Иродрэ и зауэлIхэмрэ
Хьисэ ягъэпудырт икIи къыщыдыхьэшхырт. ИтIанэ Ирод и
зауэлIхэм Хьисэ пащтыхьым хуэдэу щыгъын хужькIэ
иригъэхуапэри, Пилат деж иригъэшэжащ. 12 Пилатрэ Иродрэ

---

23:1 Пилат Iэтащхьэр – еплъ 3:1.

23:2 Мэссихь – еплъ Маттэ 1:17.

23:3 «Аращ, зэрыжыпIэм хуэдэщ», е «Уэ уи щхьэкIэ жыбоIэ».

23:7 Ирод – еплъ 3:1.

ныбжьэгъу зэхуэхъуащ а махуэ дыдэм. Абы и пэкIэ зэбийуэ
щытащ.

### *Хьисэ укI зэрытралъхьар*
*(Маттэ 27:15-26; Марк 15:6-15; Иуан 18:39-19:16)*

13Пилат Iэтащхьэм дин пашэшхуэхэри, адрей тхьэмадэхэу
Тхьэмадэ Хасэшхуэм щысхэри, цIыхухэри зэхуишэсри, 14яж-
риIащ:
– Мы лIым цIыхухэр зэIищIэу жыфIэри, къысхуэфшащ. Фи
пащхьэм абы сыщеупщIащ, ауэ зэрывгъэкъуаншэмкIэ лажьэ
иIэу езгъуэтылIакъым. 15Ирод пщыми къуаншэу илъытакъым
ар, аращ къыщIытхуригъэшэжар. Фэ зэрыфлъагъущи, укI щIы-
теплъхьэн Iуэху лъэпкъ мы лIым ищIакъым. 16Аращи, щIопщкIэ
езгъэуэнурэ, сутIыпщыжынущ.
17Лъэхъуэщым щIэсхэм ящыщ IутIыж махуэшхуэм и хьэ-
тыркIэ Пилат цIыхухэм къахуиутIыпщыжын хуейуэ хабзэу
щытащ. 18ЦIыхухэм зэрыгъэгуоууэ щIадзащ:
– Ар укIыпхъэщ! Вараввэ къытхуэутIыпщыж.
19А Вараввэ зи цIэр, къалэм дэсхэр къызэрызэщIиIэтам икIи
цIыху гуэр зэриукIам щхьэкIэ, лъэхъуэщым щIадзауэ щытащ.
20Пилат Iэтащхьэм Хьисэ къиутIыпщыжыну хуейти, аргуэру
цIыхухэм захуигъэзэри къепсэлъащ. 21Ауэ ахэр зэрыгъэгуоурт:
– Жорым еIулI! Жорым еIулI! – жаIэурэ.
22– Мы лIым сыт щIэпхъаджагъэу ищIар? УкI щIытеплъхьэн
Iуэху лъэпкъ ищIауэ езгъуэтылIакъым. Аращи, щIопщкIэ езгъэ-
уэнщи, сутIыпщыжынщ, – ещанэу яжриIащ Пилат Iэтащхьэм
абыхэм.
23– Жорым еIулI! – жаIэурэ цIыхухэр, зыпамыгъэууэ, макъ
лъагэкIэ кIийрт, я кIий макъымкIи зыхуейр зрагъэхъулIащ.
24Арати, цIыхухэр зыхуейр Пилат яхуищIэну триубыдащ. 25ЦIы-
хухэр къызэрызэщIиIэтам икIи цIыху гуэр зэриукIам щхьэкIэ
лъэхъуэщым щIадза Вараввэу цIыхухэр къызыщIэлъэIуар яху-
иутIыпщыжащ. Езыхэр зыхуейр иращIэну хуиту, Хьисэ абыхэм
яIэщIилъхьащ.

### *Хьисэ жорым зэрыраIулIар*
(Маттэ 27:32-44; Марк 15:21-32; Иуан 19:17-27)

[26]Хьисэ жорым ираIулIыну преторием щрашым, Кириние
къалэм* щыщ лIы гуэр, Симон и цIэу, губгъуэм къикIыжу хуэ-
защ. Ар къаубыдщ, жорыр и дамэм тралъхьэри, Хьисэ и ужь
иту жорыр ихьыну хагъэзыхьащ. [27]ЦIыху гупышхуэ Хьисэ
кIэлъыкIуэрт. Я бгъэгум еуэжурэ, Хьисэ зыгъей цIыхубзхэри
яхэтт. [28]Абыхэм захуигъазэри, Хьисэ яжриIащ:

– Ерусалим цIыхубзхэ! Сэр щхьэкIэ фымыгъ, ауэ фи щхьэм-
рэ фи бынхэмрэ щхьэкIэ фыгъ; [29]сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, «ЦIы-
хубзу бын къызыщIэмыхъуахэри, иджыри мылъхуахэри, быдз
езымыгъэфахэри гъуэгу махуэ теуващ» щыжаIэну махуэхэр къэ-
сынущ. [30]Абы щыгъуэ бгыхэм: «ЗыкъыттефIубэ!»* Iуащхьэхэми:
«Дыкъэфхъумэ!» жраIэнущ. [31]Жыгыр щхъуантIэу щытыху,
цIыхухэм мыпхуэдэ Iуэхухэр щащIэфкIэ, жыгыр гъужа нэужь,
нэхъыкIэжыр яхуэщIэнукъэ?

[32]Хьисэ щIыгъуу жорхэм ираIулIыну бзэджащIитI дашащ.
[33]«Щхьэ къупщхьэ» жыхуаIэ щIыпIэм щынэсым, Хьисэ жорым
щраIулIащ абдеж. БзаджащIитIри, зыр ижьырабгъумкIэ,
адрейр и сэмэгурабгъумкIэ, Хьисэ щIыгъуу жорхэм ираIулIащ.
[34] – Си Адэ, къахуэгъэгъу абыхэм, – жиIащ Хьисэ. – ялэжьыр
зи щIысыр къагурыIуэркъым.

Пхъэидзэ ящIурэ, Хьисэ и щыгъынхэр зауэлIхэм зэхуагуэ-
шыжащ. [35]Абдежым щыта цIыхухэм ялъэгъуащ а псор. Тхьэ-
мадэ Хасэшхуэм щыщ тхьэмадэхэм дыхьэшхыурэ мыпхуэдэу
жаIащ:

– НэгъуэщI цIыхухэр мыкIуэду кърагъэлащ. Езыр Тхьэм
къыхиха Мессихьырамэ, мыкIуэду зыкърырегъэлыж.

[36]ЗауэлIхэми, Хьисэ щыдыхьэшхыурэ къыбгъэдыхьэри, серчэ
къыхуашийурэ, [37]къыжраIащ:

– Уэ журтхэм урапэщтыхьыр пэжмэ, умыкIуэду зыкъегъэ-
лыж.

---

23:26 Кириние къалэр – еплъ Маттэ 27:32.

23:30 бгыхэм: «ЗыкъыттефIубэ!» – еплъ Хьошеа (Осие) бегъымбарым и тхылъым 10:8.

38Алыджыбзэкlи,* латиныбзэкlи, журтыбзэкlи тетхауэ
Хьисэ и щхьэмкlэ жорым пхъэбгъу кlапэ траlулlащ : «Мыр
журтхэм я пащтыхьщ» псалъэхэр тету.
39Абдежым щраlулlа бзэджащlитlым я зым, Хьисэ къыщlэ-
накlэри, жиlащ:
– Уэракъэ Мэссихьыр? Уэри дэри дымыкlуэду дыкъегъэл!
40Адрей лlыр абы егиящ:
– Уэ Тхьэм ущышынэркъэ? Мы лlым тращlыхьа хьэкумыр
уэри къыптращlыхьакъэ? 41Дэ тхуэфащэщи, дагъэпшыныж.
Щlэпхъаджагъэу тщlахэм яхуэфащэр дагъэгъуэтыж. Ауэ мы
лlым мыхъуну зыри ищlакъым.
42Итlанэ жиlащ:
– Хьисэ, уи Тепщэныгъэшхуэр къыщыскlэ, уигу сыкъэ-
гъэкlыж.
43– Пэжыр ныбжызоlэ, жэнэтым ущызигъусэнущ нобэ, – жри-
lащ Хьисэ а лlым.

### *Хьисэ зэрылlар*

*(Маттэ 27:45-56; Марк 15:33-41; Иуан 19:28-30)*

44Шэджагъуэ* хъуащ икlи сыхьэтыр щым* нэсыху а къэралыр
зэрыщыту кlыфlыгъэм щlиуфащ, 45дыгъэр ункlыфlати. Тхьэм
и унэшхуэ кlуэцlым фlэлъ lупхъуэр тlууэ къызэгуэтхъащ.
46– Си Адэ, си псэр уи lэмыщlэ изолъхьэ, – * макъ хэlэты-
кlакlэ жиlащ Хьисэ. А псалъэхэр жиlэри, и псэр итащ.
47Зауэлlхэм я пашэм, къэхъуар щилъагъум, Тхьэм щlыхь хуи-
щlри жиlащ:
– Ипэжыпlэкlэ, мы лlыр щыпкъагъэ зигу илъ цlыхуу щытащ.
48А псом еплъыну къызэхуэса цlыху гупышхуэр, къэхъуар
ялъэгъуа нэужь, я бгъэм еуэжурэ, я унэхэм кlуэжащ. 49Хьисэ и
ныбжьэгъу псори, езым и гъусэу Галилейм къикlа цlыхубзхэри
абыхэм яхэту, жыжьэу къыщыту къэхъуам еплъырт.

---

23:38 алыджыбзэ – грекыбзэ.

23:44 шэджагъуэ – еплъ Маттэ 27:45.

23:44 сыхьэтыр щым нэс – еплъ Маттэ 27:45.

23:46 си псэр уи lэмыщlэ изолъхьэ – еплъ Уэрэд Лъапlэхэм (Сабур) 30:6.

*Хьисэ и хьэдэр кхъэлэгъунэм зэрыщIалъхьар*
*(Маттэ 27:57-61; Марк 15:42-47; Иуан 19:38-42)*

50Исуф зи цIэ лIы гуэр Тхьэмадэ Хасэшхуэм* и тхьэмадэхэм
яхэтт. Ар щыпкъагъэ зигу илъ цIыхуфIт. 51Тхьэмадэ Хасэшхуэм
и тхьэмадэхэм я унафэр абы ядищтэгъакъым. А Исуфыр Иудей
хэкум хыхьэ Аримафей жылэм щыщт. Тхьэм и Тепщэныгъэ-
шхуэр къэсыным пэплъэу щытащ. 52Ар Пилат Iэтащхьэм деж
кIуэри, Хьисэ и хьэдэр къритыжыну елъэIуащ. 53ИтIанэ хьэдэр
жорым къыкIэрихщ, чэсей хужь джэбын иришэкIри, къыр мы-
вэм къыхащIыкIа кхъэлэгъунэу зэи зыри зыщIамылъхьам
щIилъхьэжащ. 54А махуэр мэрем махуэт, щэбэт махуэри къэблэ-
гъащ.*

55Хьисэ и гъусэу Галилейм къикIыгъа цIыхубзхэм, Исуф щIы-
гуу кIуэри, кхъэлэгъунэри хьэдэр абы зэрыщIилъхьэжари ялъэ-
гъуащ. 56ИтIанэ унэм кIуэжри, мэ IэфI къызыпих дагъэхэмрэ
дагъэ лъапIэхэмрэ ягъэхьэзыращ хьэдэм щахуэну. Хабзэм тету,
щэбэт махуэм загъэпсэхужащ абыхэм.

# 24-НЭ ЕДЗЫГУЭ

*Хьисэ лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжар*
*(Маттэ 28:1-10; Марк 16:1-8; Иуан 20:1-10)*

Тхьэмахуэ зэхуакум и япэ махуэм нэху щыщым, цIыхубзхэм
хьэдэм щахуэн щхьэкIэ, мэ IэфI къызыпих дагъэ лъапIэу ягъэ-
хьэзырар здахьри, кхъэлэгъунэм кIуащ, нэгъуэщI гуэрхэри я
гъусэу. 2 Кхъэлэгъунэм и щIыхьэпIэм Iулъа мывэшхуэр Iугъэ-
кIуриикIауэ IущIащ абы кIуахэр. 3Кхъэлэгъунэм щыщIыхьэм,
Зиусхьэну Хьисэ и хьэдэр щагъуэтакъым. 4Ар зыхуахьынур
ямыщIэу здэщытым, щыгъын хужьыбзэкIэ хуэпауэ лIитI,
ямыщIэххэу, я пащхьэм къыхутащ. 5ЦIыхубзхэм, къэщтауэ, я
щхьэхэр щыщIагуэм, а лIитIым къыжраIащ:

---

23:50 Тхьэмадэ Хасэшхуэр – еплъ Маттэ 5:22.

23:54 къэблэгъащ – дыгъэр щыкъухьэкIэ махуэм щIидзащ.

– Псэур лIахэм я деж сыт къыщIыщыфлъыхъуэр? [6]Ар
мыбдежым щыIэжкъым, лIахэм къахэтэджыкIыжащ. Галилей
хэкум щыщыIам, абы мыпхуэдэу къызэрывжиIэгъар фигу къэв-
гъэкIыж: [7]«ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр* гуэныхь зыщIэхэм
яIэщIыхьэн хуейщ, жорми ираIулIынущ, ауэ ар ещанэ махуэм
лIахэм къахэтэджыкIыжын хуейщ».
[8]Апхуэдэу щыжаIэм, Хьисэ и псалъэхэр ягу къэкIыжащ.
[9]ЦIыхубзхэр кхъэлэгъунэм къыщIэкIыжри, Хьисэ и гъуэгу
ирикIуэ цIыху пщыкIузымрэ адрей я гъуса псомрэ а Iуэхугъуэ
псори хуаIуэтэжащ. [10]Апостолхэм* ар яжезыIэжар мы цIыхубз-
хэрщ: Магдалэ жылэм щыщ Мэрием, Иуаннэ, Екъуб и анэ Мэ-
рием, абыхэм я гъуса адрей цIыхубзхэр. [11]ЦIыхубзхэм жаIам
къимыкIауэ апостолхэм ялъытащ, я фIэщи хъуакъым. [12]Петр
тэджри, кхъэлэгъунэм жащ. Зригъэзыхыу, кхъэлэгъунэм щы-
щIэплъэм, чэсей хужь джэбынхэм фIэкIа зыри илъэгъуакъым.
А къэхъуар игъэщIагъуэу, и унэм игъэзэжащ.

### *Эммаус жылэм кIуэ гъуэгур*
*(Марк 16:12-13)*

[13]Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ цIыхуитI километр
пщыкIузкIэ Ерусалим пэжыжьэ Эммаус жылэм кIуэрт а махуэ
дыдэм. [14]ЗдэкIуэм, къэхъуа псоми тепсэлъыхьырт. [15]Ахэр зэпса-
лъэу, зэчэнджэщу гъуэгу здытетым, Хьисэ къабгъурыуврри, я
гъусэу ядэкIуащ. [16]Ауэ абыхэм я нэхэр къыщипхъуати, ар зэры-
Хьисэр яцIыхужакъым.
[17]– Гъуэгум фытету сыт фызытепсэлъыхьыр? ФыщIэнэщхъей-
ри сыт? – яжриIащ Хьисэ.
[18]– Ерусалим дэсхэм ящыщу абы мы махуэхэм къыщыхъуар
зымыщIэр уэ зы закъуэрауэ къыщIэкIынущ, – жиIэри абыхэм
ящыщ зым, Клеопэ зи цIэм, Хьисэ къыжриIащ.
[19]– Сыт къыщыхъуауэ жыхуэфIэ Iуэхухэр? – щIэупщIащ ар.
– Назарет щыщ Хьисэ къыщыщIарщ зи гугъу тщIыр, – къыж-
раIащ абыхэм. – Тхьэми цIыху псоми я дежкIэ ар и псалъэ-
хэмкIи илэжьа IуэхухэмкIи лъэкIыныгъэшхуэ зиIэ бегъымбару
щытащ. [20]Дин пашэшхуэхэмрэ Тхьэмадэ Хасэшхуэм и тхьэ-

24:7 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр – еплъ Маттэ 8:20.
24:10 апостолхэр – еплъ Маттэ 10:2.

мадэхэмрэ укI трырагъэлъхьэн щхьэкIэ, ар Пилат Iэтащхьэм
IэщIагъыхьэри, жорым ирырагъэIулIащ. [21]Израил лъэпкъым
щхьэхуитыныгъэ къритынкIэ дыщыгугъырт абы. [22]А псори къы-
зэрыхъурэ нобэ махуэ ещанэщ, ди цIыхубзхэм ящыщ гуэрхэми
хъыбар гъэщIэгъуэн къытхуаIуэтащ. Ахэр пщэдджыжьым
жьыуэ кхъэлэгъунэм кIуат, [23]ауэ Хьисэ и хьэдэр ягъуэтыжа-
къым. Къыщагъэзэжым, мелыIычитI къахуэкIуэри, абыхэм
Хьисэ псэууэ къыжраIауэ къыджаIэжащ. [24]Дэ тщыщ гуэрхэр
кхъэлэгъунэм кIуати, цIыхубзхэм зэрыжаIам хуэдэу ира-
хьэлIащ, ауэ езы Хьисэ ялъэгъуакъым.

[25]– Сыту фызэхэщIыкIыншэ, бегъымбархэм жаIэгъа псори
фи фIэщ хъун щхьэкIэ, сыту гугъу фехьрэ! – яжриIащ Хьисэ
абыхэм. [26] – И щIыхьышхуэр иIэ хъун папщIэ, абы нэсыху, мы
гугъуехьхэр ишэчын хуеякъэ Мэссихь?

[27]Муси адрей бегъымбар псоми я деж къыщыщIэдзауэ Тхьэм
и псалъэу тхахэм езым теухуауэ хэтхэр ягуригъэIуащ Хьисэ.

[28]ЗдэкIуэ жылэм гъунэгъу щыхуэхъум, Хьисэ къэмыувыIэу
абы блэкIыну фэ тетт. [29]Ауэ абыхэм ар ямыгъакIуэу къагъэу-
выIэри, къыжраIащ:

– Махуэр хэкIуэтащ, пщыхьэщхьэм нэблэгъакIэщи, ди гъусэу
къанэ.

Ар щыжаIэм, Хьисэ арэзы хъури, я гъусэу къэнащ.

[30]Абыхэм я гъусэу шхэну Iэнэм пэрытIысхьэри, Хьисэ щIа-
кхъуэр къиищтащ. Тхьэм фIыщIэ хуищIщ, зэгуищIыкIри яри-
тащ. [31]Абы ирихьэлIэу я нэхэр къэплъэжри, зэры-Хьисэр къа-
цIыхужащ. КъацIыхужа нэужь, Хьисэ бзэхыжри, ялъагъу-
жакъым.

[32]– Гъуэгум дыщытетым, Хьисэ къыдэпсалъэурэ Тхьэм и пса-
лъэу тхахэр къыдгуригъаIуэ щыхъум, и псалъэхэмкIэ дигъэгу-
фIэрэ дигухэр мафIэм хуэдэу къызэщIигъэнауэ щытакъэ? –
жаIащ абыхэм.

[33]Асыхьэтым ахэр къэтэджыжри, ЕрусалимкIэ ягъэзэжащ.
Апостол пщыкIузымрэ я гъусэхэмрэ зэхуэсыжауэ IущIэжащ.

[34]– Зиусхьэныр лIахэм къахэтэджыкIыжащ, ар щыпкъэщ,
Симони зыкъригъэлъэгъуащ, – жаIащ абыхэм. [35]Езыхэм гъуэ-
гум къащыщыщIари, щIакхъуэр щызэгуищIыкIым, Хьисэ
къызэрацIыхужари къаIуэтэжащ.

*Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм закъызэрырагъэлъэгъуар*
*(Маттэ 28:16-20; Марк 16:14-18; Иуан 20:19-23; Апостол. 1:6-8)*

36 Ахэр мы Iуэхухэм щытепсэлъыхьым, езы Хьисэ яхэувэри,
яжриIащ:
– Фигу ирезагъэ.
37 АпхуэдизкIэ шынэрти, ягухэр щIэхуащ, хьэдрыхэпсэ ялъа-
гъуу къафIэщIащ.
38 – Сыт фыщIэгузавэр? – яжриIащ Хьисэ. – Сыт фи гум шэч
къыщIихьэр? 39 Си Iэхэми си лъакъуэхэми фыкъеплъ. Сэр дыдэ-
ращ мыр. ФыкъыстеIэби, феплъ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ хьэдры-
хэпсэм фэи, лыи, къупщхьи иIэкъым, сэ сиIэу зэрыфлъагъум
хуэдэу.
40 Ар жиIэри, и Iэхэмрэ и лъакъуэхэмрэ яригъэлъэгъуащ.
41 ГуфIэгъуэшхуэм къыхэкIыу я фIэщ мыхъуу ягъэщIагъуэ щы-
хъум, яжриIащ:
– Мыбдежым шхын гуэр щывиIэу пIэрэ?
42 Ар щыжиIэм, бдзэжьей гъэжьа ныкъуэ къратащ. 43 Ар
къаIихри, я пащхьэм щишхащ.
44 – Сыщывигъусам нывжесIауэ щытар мыращ: Мусэ бе-
гъымбарым и Торэт хабзэми, адрей бегъымбархэм я тхылъ-
хэми, Сабурми сэ къыстеухуауэ ит псори къысщыщIурэ пэж
хъун хуейщ, – къажриIащ Хьисэ абыхэм.
45 ИтIанэ Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтхэр ягуригъаIуэурэ, 46 къа-
жриIащ:
– Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ: Мэссихь гугъуехь ишэчын,
лIэуэ ещанэ махуэм лIахэм къахэтэджыкIыжын хуейщ. 47 Еру-
салим къыщыщIэдзауэ дунейм тет лъэпкъ псори хиубыдэу, сэ,
Мэссихьым, си цIэкIэ цIыхухэр мы хъыбарым щрагъэдэIуэнущ:
Фи гуэныхьхэм фахущIегъуэжи, Тхьэм ахэр къыфхуигъэгъунущ.
48 Фэ а Iуэху псоми фрищыхьэтщ. 49 ФыкъэдаIуэ, си Адэм фыкъы-
зэригъэгугъар* къыфхуезгъэхынущ. Ауэ уафэм къикIыу къару
къыфхуехыху, Ерусалим къалэм фыкъыдэнэ.

24:49 си Адэм фыкъызэригъэгугъар – Тхьэм и Псэ ЛъапIэращ. Еплъ Апостол. 1:4-5.

### *Хьисэ уафэм зэрыдэкIуеижар*
*(Марк 16:19-20; Апостол. 1:9-11)*

[50]Хьисэ ахэр Ерусалим дишщ, Вифание жылэм и гъунэгъуу
ишэщ, и Iэхэр къиIэтри, Тхьэм и нэфI къащыхуэну яхуелъэIуащ.
[51]Тхьэм яхуелъэIуурэ яхэкIри, уафэм дэкIуеижащ. [52]Апхуэдэу
щыхъум, Хьисэ щIыхь хуащIу, ахэр лъэгуажьэмыщхьэу тIысащ.
ГуфIэгъуэшхуэр яIэу, Ерусалим ягъэзэжащ итIанэ. [53]Тхьэм
щIыхь хуащIу, Тхьэм и унэшхуэм щIэт зэпытащ иужькIэ. Iэмин.